Ellen G. White Estate

MATSIKO KUNA KRISTU



ELLEN G. WHITE

MATSIKO KUNA KRISTU

Ellen G. White

1964

Copyright © 2012
Ellen G. White Estate, Inc.

Information about this Book

Overview

This eBook is provided by the Ellen G. White Estate. It is included in the larger free Online Books collection on the Ellen G. White Estate Web site.

About the Author

Ellen G. White (1827-1915) is considered the most widely translated American author, her works having been published in more than 160 languages. She wrote more than 100,000 pages on a wide variety of spiritual and practical topics. Guided by the Holy Spirit, she exalted Jesus and pointed to the Scriptures as the basis of one's faith.

Further Links

A Brief Biography of Ellen G. White
About the Ellen G. White Estate

End User License Agreement

The viewing, printing or downloading of this book grants you only a limited, nonexclusive and nontransferable license for use solely by you for your own personal use. This license does not permit republication, distribution, assignment, sublicense, sale, preparation of derivative works, or other use. Any unauthorized use of this book terminates the license granted hereby.

Further Information

For more information about the author, publishers, or how you can support this service, please contact the Ellen G. White Estate at mail@whiteestate.org. We are thankful for your interest and feedback and wish you God's blessing as you read.

Contents

Information about this Book i
MAZVI E KUTANGA iv
RUDO RWA MWARI KUNE MUNHU 5
KUSHAYA KRISTU KWE MUNYANGADZI 11
RUPINDUKO 16
KUREVURURA 27
KUZVIPIRA 31
RUDAWIRO NE RUGASHIRO 35
KUIDZWA KWE UDZIDZI 40
KUKURA MUNA KRISTU 47
BASA NE UPENYU 54
KUZIVA MWARI 60
NGUVA YEKUNAMATA 66
CHEKUITA NGEKUPOKANA 75
KUFARA MUNA TENZI 82

MAZVI E KUTANGA

Zita re buku iri rinotaura basa raro. Rinonongedza kuna Jesu sa iye chete angagone kuwana zvino shaikwa ne mweya, nekutungamira tsoka dze anopokana ne akamira "munzira ye runyararo." Rinotungamira mutsvaki we kururama, tsiko ne tsiko, munzira ye upenyu we uKristu, mukuzara kwe zvikomborero zvino vanikwa mukuzvipira kwakaperera ne rusimbiro rusinga tenbeki mutsitsi dzinoponesa ne musimba rinochengeta re Shamwari ye va nyangadzi. Rudzidziso runovanikwa mumatsamba aya rwa unza rugare ne rusimbiro kune mweya mizhinji inotambudzika, rwaita kuti vateweri va Tenzi vafambe nerusimbiro ne rufaro rwakatutsirwa mumatsiko e Mutungamiri vavo vekudenga. Tinokarira kuti richatakura soko irori zve kune vamwe zve vazhinji varikushaya rubatsiro urwu.

"Ipapo nzira ngai vonekwe,
Matsiko anokwira kudenga."

Zvakange zvakadaro kuna Jakobe, apo, akange abatwa nekutya kuti chitema chamugura kubva kuna Mwari, akarara pasi kuzorora, aka rota, akaona danho rakamisva pasi, kumusoro kwaro kwayisvikira kudenga." kusangana kwe pasi ne denga kwakapangidzwa kuna iye, mazvi ekunyaradza akataurwa kune mufambi uyu na iye akange amire pamsoro pe mumvuri we danho. Dayi chiratidzo chekudenga chika pangidzwavo kune vazhinji apo vanonga vachiverenga nyaya iyi ye nzira ye upenyu.

NE Vaparadziri

[4]

[5]

RUDO RWA MWARI KUNE MUNHU

ZVAKASIKWA nezvakaratidzwa zvese zvinopupura ne rudo rwa Mwari. Baba vedu wari kudenga ndivo mavambo e upenyu, e ungwaru, nerufaro. Nangisa kunaka ne kushamisa kwe zviro zvakasikwa. Funga ne kurovedzera kwazvo nerufaro kwete rwe munhu chete, asi ne rwe zvimwe zvisikwa zvinopona. Kujeka kwezuwa ne mvura zvinofadza nyika nekuita ive itsva, zvipukutu ne nyanza ne mapani, zvese zvinotiudza nge rudo rwe Musiki. Ndi Mwari anopa zvese zvinonga zvichi shaikwa ne zvisikwa zvake. Mumazvi akanaka emuimbi,

> "Maziso ese anonangisa kwamuri
> Munovapa zvekudya zvavo panguva yakafanira.
> Munotambanudza ruvoko rwenyu,
> Muchi gutsa zvisikwa zvese."
>
> Ndwiyo 145:15, 16.

Mwari akasika munhu akaperera arimutsvene achifara; ne pasi rakanaka apo rakabva muruvoko rwe Musiki rakange risina vara re kuvora kana mumvuri we chituko. Kutyora mutemo va Mwari — mutemo we rudokwaka unza dambudzo ne rufo. Asi kana ne pakati pekutambudzika pamsana pechitema, rudo rwa Mwari runopangidzwa. Kwakanyorwa kuti Mwari akatuka pasi pamsana pe munhu. (Gen. 3: 17.) Munzva ne feso matambudziko nekuedzwa zvinoita kuti upenyu uhu huve hunonetsa kwazvo ne hwe kuchenjerera — zvakaitirwa kumubatsira, sedivi re zano ra Mwari reku dzidzisa kuti amusimudze kubva mukunyangadzwa ne mukudzikira uko chitema chakaunza. Pasi, kana rakaputsika zvaro, harina kuzara urombo ne rushambwa basi. Mune zvakasikwa mune masoko e rusimbiro nerunyaradzo. Pamafeso pane maruva, ne minzwa vo izere maruva.

"Mwari rudo" zvakanyorwa pa pfumvudza dzese, pamsoro pe uswa hwese hunomera. Shiri dzakanaka dzino ita mweya wese uzare

ne nzviyo dzadzo dze kufara, tumaruva tuduku mukuperera kwatwo tuchizadza mweya wese nemunhuwi vakanaka, miti miuru ye sango
[6] nemashizha ayo anopona akasvipira zvese zvino- pupura kuchengeta kunyoro kwa baba Mwari wedu, nekuda kwake kuti afadze vana Vake.

Izvi ra Mwari rinopangidza chimiro Chake. Iye pachake mbune akadaidzira rudo Rwake nemutsa zvisina muganho. Apo Mozisi akanamata, "Ndiratidzei mbiri Yenyu," Jehova akapindura, "Ndichapfuudza kunaka kwangu kwese pamberi pako. Eksodo 33: 18, 19. Iyi ndiyo mbiri Yake. Jehova akapfuura pamberi pa Mozisi akati, "Tenzi, Tenzi Mwari uzere nyasha ne ngoni, anonoka kutsamwa, azere kunaka neidi anochengetera zvuru zve mazana nyasha dzake, anoregerera zvakaipa nekutyora mutemo kwavo ne zvitema zvavo." Eksodo 34: 6, 7. Anononoka kutsamwa, anemutsa mukuru" (Jona 4: 2), "ngekuti anofarira munyasha." Mika 7: 18.

Mwari akasungira mwoyo yedu kwaari ne zvizhinji zverudo kudenga ne pasi. Kubudikidza ne zvisungo zve zvakasikwa, ne zvimwe zvakadzama ne zvaka nyorova izvo mwoyo ye wanhu ingazive, akatswaka kuzvipangidza kunesu. Asi izvi zvinopangidza ne kusaperera rudo Rwake. Kana zvese izvi zvakapiwa, mhandu ye kunaka yakapofomadza mitondero ye vanhu, ndizvo vakanangisa kuna Mwari ngekutya; vakafunga naye semukukutu kwazvo asingaregereri. Satani akatungamira vanhu kuti vafunge na Mwari se munhu mukukutu, mutongi ane hasha mutsivi akaoma. Akaita mufananidzo ve Musiki seaneziso rine shanje kucherechedza zvitadzo nekukanganisa kwa vanhu, kuti aunze rutongo pamsoro pavo. Kwakange kuri kubvisa mumvuri uyu nekupangidza ku pasi rudo rwa Mwari rusina muganho, zvasaka Jesu akauya kuzo gara pakati pe vanhu.

Murumbwana va Mwari akauya kubva kudenga kuzo pangidza Baba. "Hakuna munhu akamboona Mwari; kana inguvayi Murumbwana mumwe vakabarwa, ari munhasi ma Baba ndiye vakamuziwisa." Johane 1: 18. "Hapana munhu anoziva Baba asi Murumbwana, ne uyo, Murumbwana anomuvonisa kuna Iye." Mateyu 11 : 27. Apo mumwe ve vadzidzi akakumbira kuti, "Tivonesi Baba." Jesu akapindura, "Ndakagara nguwa huru newe, asi hawusati vandiziwa here Filipe? Uyo wakandioria Vakaona Baba, vataura senyi kuti
[7] tionise Baba?" Johane 14: 8, 9.

Mukutsanangura ufundisi hwake hwe pasi, Jesu akati, Tenzi Vakandizora kuti ndiraurire Varombo vangeri; vakanditumira kuti ndirape vane shungu mumwoyo, kurawura rusununguro kune vasungwi, nekuita mapofu avone, nekusunungura avo vakatswanyiva." Ruka 4:18. Iri rayiwe basa Rake. Ayifamba famba achiita zvakanaka, achirapa vese avo vakadzimbirirwa na Satani. Kwakange kwawe ne mimwe misha umo kwakange kusingachanzwikwi kugomera kwe varwere kana mune ipi imba, ngekuti Akange apfuura nemo, achirapa vese vanorwara vavo. Basa rake rakapa umbowo hwe kuzorwa kwake kwe kudenga. Rudo, ngoni, nekunzwira zwese zvayi pangidzwa mukuita kwake kwese kwe upenyu hwake; mwoyo Vake vakange uyine tsitsi kune wana ve vanhu. Akatora chimiro che munhu kuti asvikire zvese izvo munhu anoda. Varombo vekugumisira ne vakadzikira vakange vasingatyi kusvika paari. Kana vana vaduku vayikwewerwa kwaari. Vachida kukwira pamsoro pe mabvi ake, vachinangisa kumeso kwake kune kufunga kukuru kwakatiwiswa nge rudo.

Jesu haana kudzimbirira izwi rimwe rechokwadi, asi ayi ritaura nguva dzese ne rudo. Ayingwarira ne kufunga, nekucherechedza zvakanaka, mukusangana kwake ne vanhu.

Akange asingashiwi, akange asingatauri izvi rine simba asina kufanira, akange asinga rwadzisi mweya we vamwe. Hana kushora kunyorowa kwemunhu. Ayitaura idi, asi nguva dzese mu rudo. Akashora uzviitisi, kusadawira, kuipa, asi misodzi yakange iri mumaziso ake apo akange achitaura mazvi Ake anorwadza aya ekutseura. Akachemera Jerusarema, guta iro Ayida, rakamba kumugashira Iye, nzira, idi, ne upenyu. Vakamuramba, Iye Muponesi, asi akava nzvira tsitsi dzine urombo. Upenyu hwake hwakange hwuri hwekuzviramba ne pfungwa dzekuchengeta vamwe. Mweya wese wayikosha pameso pake. Apo ayifamba ngechiremero chekudenga, Akakotama kune vese ve mhuri ya Mwari nge mutsa munyoro. Mukati me vanhu vese ayi vona mweya yakaputsika inova ndiro rakange riri basa rake rekuiponesa.

Ichindicho chimiro cha Kristu sekupangidzwa kwacho mu upenyu hwake. Ichi ndicho chimiro cha Mwari. Ndwizi dze mutsa wekudenga, dzinopangidzwa muna Kristu dzinobva mumwoyo wa [8]
Baba dzichi werera kuenda kune vana ve munhu. Jesu, munyoro,

Muponesi anemutsa, akange ari Mwari "akapangidzwa munyama." 1 Timoti 3: 16.

Jesu akapona akatambudzika akafira kununura isu. Akava "Munhu veurombo" kuti tive vakoverani we rufaro rusingaperi. Mwari akabvumira Murumbwana vake anodiva, azere nge tsitsi ne idi, kubva kunyika ine mbiri isinga tauriki kuuya kupasi rakanyangadzwa ne kuparadzwa ne chitema, rakasvipiswa ne mumvuri we rufu ne chituko. Akamubvumira kuti abve pasi pe rudo Rwake, kusiya rukudzo rwe ngirosi, kuzo nyadziswa, ne kusvoteswa, nekuderedzwa, ne kuwengwa, ne rufu. "Kupangirwa kwe runyararo rwedu zvakava pamusoropake; nekurohwa kwake takarapwa." Isaya 53: 5. Onai ari mugwenga, mu Gethsemane, ne pamchinjiko! Murumbwana Va Mwari asina vara akatora pamsoro pake mutoro ve chitema. Iye akange ari umwe na Mwari akanzva mumweya wake kuipa kwekutsaukaniswa uko chitema chinoita pakati pe munhu na Mwari. Izvi zvakasvina mazvi kubva pa muromo Wake ekuti, "Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyirenyi ko?" Mateyu 27: 46. Vakange uri mutoro ve chitema, kuziva kwe ukuru hwacho hunotyisa, nekutsaukanisa kwacho mweya kubva kuna Mwari ndizvo izvi zvakatyora mwoyo we Murumbwana va Mwari.

Asi uyu mupiro mukuru hauna kuitirwa kuti kuvumbwe rudo rwemunhu mu mwoyo va Baba, kusi kumuita ade kuponesa ba. Kwete, kwete! "Mwari akadisa pasi kwazvo, ndizvo akapa Murumbwana Vake mumwe vakabarwa." Johane 3: 16. Baba va notida pasiri pamsana pechipiro chekutidzosa kwaari, asi akaita ichichipiro pamsana pekuti anotida. Kristu ndiye nzira iyo kuburikidza nayo akadururira rudo rwake rusinga gumi, kune pasi rakaputsika. "Mwari wakange arikudzorera pasi kuna Iye kubudikidza na Kristu." 2 Wakorinte 5: 19. Mwari akatambudzika pamwe ne Mwanakomana Vake. Mukurwadziva kwe Gethsemane, kufa kwe pa Kalivari, mwoyo we rudo rusinga gumi rwakaripa mutengo we ruponeso rwedu.

Jesu akati, "Ndizvozvo Baba vangu anondida, ngekuti ndino
[9] radzika upenyu hwangu, kuti ndizo hutora zve." Johane 10: 17. Uku ndiko kuti, "Baba vangu, akakudayi zvakadaro, zvekuti anondida zvakanyanya ngekupira upenyu hwangu kununura imwi. Mukuwa panzvimbo yenyu ne mutsidziri vekuripa mingava yenyu, ngekuzvipira upenyu hwangu, nekutora mingava yenyu, ne zvinyangadzo zvenyu, ndave mudikanwi kuna Baba vangu: nge kuti

ngekuzvipira kwangu Mwari anogona kururamisa, asi ari mururamisi veuyo anodawira kuna Jesu.

Hapana mumwe kunze kwe Murumbwana wa Mwari angagone kupedzisa zve ruponeso rwedu, ngekuti Iye chete akange aripetyo na Baba angagone kumutaura pachena. Iye chete ayiziva kureva nekudzama kwe rudo rwa Mwari angagone kuruvonesa. Hapana chimwe kunze kwechipiro chisina magumo chakaitwa na Kristu kuyitira munhu akaputsika chinga gone kupangidza rudo rwa Baba ku vanhu vakarasika.

"Mwari akadisa pasi kwazvo ndizvo akapa Murumbwana Vake mumwe vakabarwa. Haana kumupira kuti agare pakati pe vanhu chete, asi kuti atakure zvitema zvawo, afe semupiro vavo, Akamupira kune rudzi rwakaputsika. Kristu aizozvipangidza nezvido nezvinofadza vanhu. Iye akange ari umwe na Mwari azvisanganisa ne vana ve vanhu ne zvisungano zvisingazodimbukizve. Jesu "haanyari kuvadaidza kuti hama." Maheberu 2:11. Ndiye Mupiro vedu, Mumiriri vedu, Hama yedu, anota kura mamiriro edu eunhu pamberi pechigaro cha Baba, kubudikidza mumakore asinga peri anozova umwe rudzi urwo akanunura Mwanakomana ve munhu. Zvese izvi kuti munhu asimudzirwe kubva mukunyangadzwa nekudzikisirwa ne chitema, kuti atore rudo rwa Mwari, nekukowerana rufaro rwe utsvene.

Mutengo vakaripirwa ruponeso rwedu, mupiro usingaperi va Baba wedu wekudenga mukutipa Murumbwana wake kufira isu, zvakafanira kutipa pfungwa dzakasimukira dze zvotichava kuburikidza na Kristu. Apo mupostori Johane akasvikirwa akaona urefu, kudzama, kufanza kwe rudo rwa Baba kune rudzi rurikuparara, aka zara ne mweya wekukudza kuremekedza; zve, ngekushaya, mutauro vakafanira kutsanangura ukuru ne kunyorova kwe urwu rudo akadaidzira kune nyika kuti iruone. "Wonanyi rudo rwakadari urwo takapiva na Baba kuti tinzvi vana va Mwari." 1 Johane 3:1. Izvi zvinopa kukosha kwakadini ku munhu! Kuburikidza nge kutyora mutemo. Vana ve munhu vakava pasi pa Satani. Kuburikidza nge rudaviro mu chipiro chinochenura cha Kristu, vanakomana va Adamu vave vanakomana va Mwari. Ngekutora chimiro che munhu Kristu akasimudzira munhu. Vanhu vakaputsika vanoiswa apo, kubudikidza ne kusangana na Kristu, vanga fanire zita rekuti "Vanakomana va Mwari." [10]

Rudo rwakadaro haruna chinofanana narwo. Vana va Mambo vekudenga! Chitsidzo chinokosha! Chiro chikuru chekufunga nacho zvakadzama! Rudo rwa Mwari rusinga enzaniswi kupasi rakange risinga mudi! Pfungwa ine simba pamsoro re Mweya, inoita mutondero muubatwa mukuda kwa Mwari. Kana tichi dzidza zvikuru nechimiro cheve denga mukujeka kwe muchinjiko, ndipo tinowona zvakanyanya, kuona pachena umbowo vusinga wcrengeki hwerudo rusingaperi, nengoni dzakapfawa kupinda dza mai kune mwana
[11] wake anemisikanzwa.

KUSHAYA KRISTU KWE MUNYANGADZI

MUNHU pakutanga akapiva simba rakasimukira ne pfungwa dzakadzikama. Akange akaperera mukuitwa kwake, nemukukwa dzana na Mwari. Pfungwa dzake dzakange dzakachena, madonzo ake akange achiyera. Asi pamsana pekusaterera masimba ake akapanduka, kuzvida kwakatora zvimbo ye rudo. Chiro chake chakanyangara kuburikidza ne kutyora mutemo zvakadari kwekuti J'vakange zvisingacha itiki kuti iye, nesimba rake mbune, agone kukurira simba re chitema. Akaitwa mubatwa na Satani, zve angadai akaramba akadaro kudayi Mwari asina kuzo pinda pakati. Rakange ririzano re muyedzi kupedza zano rinoera rekusikwa kwe munhu, azadze pasi ne njodzi nekuti riwe dongo. Ndizvo azonongedzera kune kunyangara uku sekwakaitwa ngebasa ra Mwari rekusika munhu.

Muchimiro chake chisina chitema munhu ayizokwadzana ne rufaro Naye mu naiye kwakavandika pfuma dzese dze ungwaru nekuziva. Wakolosi 2:3. Asi mumasure me kutadza kwake, haana kuzovana rufaro mukuyera zve ba, akatsvaka kuvanda kubva pamberi pa Mwari. Ici ndicho chichichimiro ehe mwoyo usati wa itwa mutswa. Hauwirirani na Mwari, ndizvo hauwani rufaro pakukwadzana Naye. Munyangadzi, haangafari pamberi pa Mwari; angazvi gonye kubva kune zvese zvisikwa zvitsvene zvese. Kuti angabvumirwe kupinda denga, hari ngawe nerufaro kuna iye. Mweya vekusazvida unotonga ikoko — wese mwoyo uchidawira kune mwoyo we Rudo rusinga gumi — hauzobati ngoi isingariri mumwoyo wake. Pfungwa dzake, zvinomufadza, wa ne mwoyo wake, zvingave se hweni kune zvino sunda vagari voikoko vasina zvitema. Angave munyangadzi ve rwiyo runonga ruchi imbwa kudenga. Denga ringawe kwaari nzvimbo yekushushwa; angadisise kuvanda kubva kuna Iye anova ndiye kupenya kwa ikoko, anova ndiye donzo rerufaroyo. Handimutemo wekutonga kwa Mwari ega pachake kuti asiye vanyangadzi kunze kwe denga; vanopfigirwa kunze pamsana pekusafanira kwavo mukuvirirana nezvekudenga. [12]

Mbiri ya Mwari ingawe kwawari mwoto unoparadza. Wangafarire kuparadzva kuti vawigwe pamberi pe usu hwa Iye akafira kuva nunura.

Hazviitiki kunesu, pachedu mbune, kuti titize kubva mugomba rechitema umo takanyudzwa. Mwoyo yedu yakanyangara, hatinga goni kuipindura. "Ndiani angabuditse chakachena kubva mune chisina kuchenga? hakuna." "Pfungwa dze nyama imhandu kuna Mwari: Zvo dzisinga tereri mutemo va Mwari, hadzikwanisi." Jobo 14:4; Maroma 8:7. Kudzidza, rugare rwakanaka, kuita kuda kwe pfungwa, kuyedza kwe munhu, zwese zvine nzvimbo yazvo, asi apa hazvina simbaba. Zvinga pangidze kunaka kwezviito zvekunze, asi hazvinga goni kupindura mwoyo ba; hazvinga goni kuchenura matsime e upenyu. Kwaka fanira kuwa ne simba rinosanda kubva ne mukati, upenyu hwutswa hwunobva kumusoro, kutanga vanhu vasati vapindurwa kubva muchitema kuyenda mukuera. Simba iro ndi Kristu. Tsitsi dzake dzega dzinoita masimba emweya akafa apone, dziupfuwire kuna Mwari, ne kune kuyera. Muponesi akati, "Kuti munhu asingabarwi kubva zwe kudenga, kunze kwekuti agashire mwoyo mutsva, kudisisa kutsva, zvimiso, ne simba rinosunda idzva, ne kuenda ku upenyu utsva, "haanga one umambo hwa Mwari." Johane 3: 3, kumucheto. Pfungwa dzekuti kwakafanira kukudzva izvo zvakanaka zviwanikwa chete zviri mumunhu ngenyama kunyengedzwa kuno unza rufo. Asi munhu we nyama haagashiri zviro zve Mudzimu va Mwari: zvo zviri nhando kuna iye; haangazviziwi, zvo zvichi oneswa ne Mweya. Usa shamiswe zvo ndati kunewe, maka fanira kubarwa zve." 1 Wakorinte 2: 14; Johane 3:7. Na Kristu kwakanyorwa kuti, "Muna Iye maiwane upenyu; upenyu hwakange hwuri kujeka kwe vanhu," "Zita rimwe basi panyasi pe denga rakapiva kune vanhu, iro tinga poniswe ndiro." Johane 1:4Mabasa 4: 12.

Hazvikwani kuona mutsa verudo wa Mwari, kuona kunaka, kunyorova kwe ubaba, kwe chimiro Chake. Hazvikwani kuona ungwaru ne kururama kwe mutemo Vake, kuona kuti vakavakwa pamsoro pe mutemo usinga peri ve rudo. Pauro mu postori akazvivona
[13] zvese izvi apo akadaidzira achiti, "Ndinobvumira kumu- temo kuti vakanaka. Mutemo unoyera, nezvikohomedzo zvinoyera, zvakarurama, zvakanaka." Asi akawedzera zve mukurwadziva ne kupererwa ne simba kwe mweya vake, "Ndiri we nyama, ndakatengeswa mu

chitema.” Maroma 7: 16, 12: 14. Ayidisisa kuchena, ne kururama, izvo iye pachake mbune akange asingagoni kuzviwanira, akachema, “Ndiri munhu anotambudzika! Ndiani anondisunungura mumuwiri we uku kufa?” Maroma 7: 24, kumucheto. Kuchema kwakadari kwemwoyo yakaremerwa ne mitoro kwakwira kudenga kuchibva kune nyika dzese ne mumakore ese. Kune vese kune mhinduro imwe chete, “onanyi nyenye ya Mwari inobvisa zvitema-zvepasi.” Johane 1: 29.

Mifananidzo mizhinji iyo Mweya wa Mwari unotsvaka nayo kupangidza idi, kuti zviwe pachena kune mweya inodisisa kusununguka kubva mumutoro we mhosva. Mumasure mechitema chekunyengedza Isau Jakobe akatiza kubva pamusha pa baba vake, akaremerwa ne pfungwa ye mhoswa. Kusurukirwa ne kuwa araswa sezvo anga ari, atsaukaniswa ne vese zvaita upenyu hwake hunake, pfungwa imwe chete kukunda dzese yakange yakamutsimbidzira mweya vake kutya kuti chitema chake chamutsaukanisa kubva kuna Mwari, kuti asiiva ne denga. Muurombo akarara pasi kuzorora, akange akatenderedzwa ne makomo asina chinofadza musoro, ma denga nenyenyedzi dzinopenya. Apo akarara, kupenya kunoshamisa kwaka onekwa muchiratidzo chake; ona, kubva mubani umo akange akarara, mimvuri ye madanho yakange ichi tarisika sekunge ino svikira kumazambarayo e kudenga, pamsoro pavo ngerosi dza Mwari dzakange dzichikwira dzimwe dzichidzika; kubva kumbiri ye kudenga, izwi rekudenga rakanzvikwa riine runyaradzo ne rusimbiso. Ndizvo kwakaziwiswa kuna Jakobe izvo zvakasangana ne izvo mweya vake vange uchitswaka ne kudisa — Muponesi. Ne rufaro nekutenda akaona nzira yakapangidzwa iyo iye, munyangadzi, akange achadzoserwa nayo mukukumbana na Mwari zve. Danho rakavandika iri rehopedzavo ra mirira Jesu, anova ndiye musanganisi chete pakati pa Mwari ne munhu.

Uyu ndivo mufananidzo uyo Kristu akataura mu nyaya yake na Nathanaeli, apo akati, “Mucha ona denga rakazaruka, ne ngi-
rosi dza Mwari dzichi kwira, dzichi dzika ku Murumbwana we [14]
munhu.” Johane 1: 51. Mukurasika munhu akazvi ita vekunze kuna Mwari; pasi ragurwa kubva kudenga. Pamukana vakange uri pakati kwange kusisina kukumbana zve. Asi kubudikidza na Kristu pasi rasanganiswa zve ne denga. Nekunaka kwake Kristu akaisa zambuko pamukana uya Vakaitwa ne chitema, zvino ngirosi

dzinosanda dzinga gone kukumbana ne munhu. Kristu anosanganisa munhu akaputsika, muunyoro hwake nemukushaya rubatsiro kwake, ne Chisipiti ehe simba risinga peri.

Kurota kwemunhu kwe ku budirira ngekwe nhando masimba ese ekuyedza kusimudzira munhu, ngenhando kana vasina hanya ne chisipiti cherusimbiro ne rubatsiro rwe rudzi rwakaputsika. “Zvese zvipo zvakarurama nekuperera (Jokobe 1:17). Zvinobva kuna Mwari. Hapana kuperera kwe chokwadi kwe chimiro chisingabvi kuna Iye. Nzira bedzi yekuna Mwari ndi Kristu chete. Iye anoti, “Ini ndiri nzira, idi, ne upenyu, hapana munhu anouya kuna Baba asi ndini.” Johane 14: 6.

Mwoyo va Mwari unosuwira vana vake ve pasi ngerudo rwakasimba kupinda rufu. Pakupira Mwanakomana vake, akadurirra kunesu denga rese muchipo chimwe. Upenyu hwa Muponesi nc rufu, nekumirira pakati, rusando rwe ngirosi, kunyengerera kwe Mweya, kusanda pamusoro kwa Baba nekuburikidza ne zvese, kufadzwa kusingagumi kwe zvisikwa zvekudenga dzese dzakarongerwa ruponeso rwe munhu.

O, ngatinangise tifunge ne mupiro unoshamisa vakapirwa isu! Ngati edze kufadzwa nge basa ne simba riri kuitwa ne denga rekudzosa vakarasika, kuti vadzoke ku umba kwa Baba. Zvimiso nezvinosandiswa zvine simba kunyanya, hazvingakwanisi kuita basa ba; mibairo inopfurikidza yekuita zvakanaka, rufaro rwe kudenga, kugara pamwe ne ngirosi, kukumbana pamwe ne rudo rwa Mwari ne Mwanakomana vake, kusimudzirwa nekukanganiswa kwe masimba edu kuburikidza mumakore asingagumi. Izvi hazvisi zvingati chiwidze nekuti sunda kutishingisa kuti tipe rudo rwe mwoyo kune musiki ne Mununuri vedu here?

Zve, neimwe nzira, kutonga kwa Mwari kwakataurwa kukana
[15] nc chitema, kupangirwa kusinga regwi, kudzikisirwa kwe chimiro chedu, nekuparadzwa kwe kupedzisira, zviri mu Izvi ra Mwari kuti nyewera kubva murusando rwa Satani.

Tingarege kuva ne hanya ne mutsa va Mwari here? Chinyi chimwe zve icho angaita? Ngatizvi batanidze ukama na Iye akatida ngerudo runoshamisa zvakadari. Ngati tore izvo akatigadzirira kuti tipindurirwe mumufananidzo vake, tidzorerwe mu ukama ne ngirosi dzinosanda, mukunzvana nemukukumbana pamwe na Baba ne Murumbwana.

* * * * *

“Ndakanzva rudo nvake, rudo rune samba
Unvo munhu venyama akambo nzwa.
O, nvakakwevera mweya vangu kumsoro senyi,
Ruka nyungurutsa mwoyo vangu mukukutu!
Mutoro vangu patsoka dzake ndaka radzika.
Ndikaziva rufaro rwe kudenga,
Apo munzewe yangu inoda Akataura
Izvi rakakomborerwa, “Varegererwa!”

[16]

RUPINDUKO

MUNHU angarurame senyi kuna Mwari? Munyangadzi anga ruramiswe senyi? Zviri kubudikidza na Kristu chete apo tingawe nekunayo na Mwari, nekuyera; asi tinga uye senyiko kuna Kristu? Vazhinji varikubvunza mubvunzo uyu sezvakaita chita chikuru ehe musi we Pentecosti, apo, vakakanwa ne chitema, chavo vakachema vachiti, "Toita senyi?" Izvi ra Pita rekutanga kupindura rakati, "Pindukayi, musanduke kuti zvitema zvenyu zvidzimwe." Mabasa 3: 19.

Kupinduka kunotaura kuva ne urombo hwe chitema, nekupinduka kubva kwachiri. Hatinga siyi chitema kunze kwekuti titange taona kushata kwechitema; kunze kwekuti tichisiye nge mwoyo, hakungavi nekupindukaba mu upenyu hwedu.

Vazhinji vanotadza kunzvisisa mamiriro edi ekupinduka. Vazhinji vanonzva urombo hwekuti vaita chitema, dzimwe nguva vachibva vapangidza kupinduka kwe kunze, ngekuti vanotya kuti kutadza kwavo kunga unze matambudziko kwavari. Asi uku handikupinduka kwe mu Baiberiba. Vanochema ngekutambudzika kupinda chitema. Uhu ndiho urombo hwakava na Esau apo akavona kuti udangwe hwamurasikira narini. Balaama, avundutswa ne ngirosi yakange imire pamberi pake ine banga rakazaruka akabvuma kutadza kwake ngekuti aingarasikirwa nge upenyu hwake; asi kwange kusiku pinduka chaiko kwechitema ba, pasina kusanduka kune donzo, pasina kuvenga chitema. Juda Isakarioti, mumasure mekutengesa Tenzi, vake akachema achiti, "Ndanyangadza ndashambadza ropa risina mhosva." Mateu 27: 4.

Kureurura uku kwaka manikidzwa kubva mumweya vemhosva nepfungwa yekutya kuraswa nekutarisika kunotyisa kwe rutongo, Zviro zvakange zvichazoitika kwaari zvakamuzadza nekutya, asi kwakange kusina urombo hunotsemura-moyo wakadzama mumweya vake vekuti ndashambadza Murumbwana va Mwari asina mhosva, nekuramba Iye Mutswene ve Israeri. Faro, arikutambudzika
[17] pasi pekutonga kwa Mwari, akabvuma chitema chake kuti atize

kumwe kupangirwa zve, asi akadzokera mukushora kwake Denga apo matenda akange abviswa. Vese ava vayichema pamsana pechitema basi, asi vakange vasina urombo hwe chitema pachacho.

Asi kana mwoyo uchibvumira mweya we Mudzimu wa Mwari, pfungwa dzino zara ne upenyu, munyangadzi anozo ona chimwe chiro ehe udzamo nekuyera kwe mutemo va Mwari unoyera, uri nheyo ye kutonga kwake kudenga ne pasi. "Kujeka kunojekera wanhu vese vanouya pasi." (Johane 1:9.) Kuno venekera mumipanda yakavandika ye mweya, nezviro zvakahwandika zve dima zvinooneswa. Pfungwa dze mhosva dzino bata pfungwa ne mwoyo. Munyangadzi ane pfungwa dze kururama kwa Jehova, anonzwa ayine kutya kuti aoneke ari mumhosva, yake nekusachena kwake, pamberi pemutsvagi ve mwoyo yese. Ano ona rudo rwa Mwari, kunaka kwekutsvene, rufaro rwe kucheneseka, anodisisa vo kuti dai achenurwa, kuti adzoswe mukukumbana ne Denga.

Munamato va Davida mumasure mekuputsika kwake unopangidza mamiriro e chokwadi e urombo hwe chitema. Kupinduka kwake kwakange kuri kwedi kwakadzama. Kwakange kusina kuyedza kunzvenga mhosva yake ba; hapana kuda kutiza kutongwa kwakambo tyisidzira nekufemera munamato vake. Davida akaona ukuru we kudarika kwake; akaona kusvipiswa kwe mweya vake; akavenga chitema chake. Haana kunamatira kuregererwa chete, asi kuti achenurwe mwoyo zve. Akadisisa rufaro rwe I utsvene kuti adzoserwe mukunzvana nekukumbana zve na Mwari. Uyu ndivo vakava mutauro ve mweya vake:

"Akakomborerwa uyo aregererwa kudarika kwake, afukidzirwa zvitcma zvake. Akakomborerwa munhu asingawerengerwi zvitema zvake na Jehova, Asina kunyengedza mumweya vake." Ndwiyo 32: 1, 2. Ivai nenyasha kuneni O, Mwari, sekuda kwe ' mutsa wenyu; Dzimai zvinyangadzo zvangu sekuda kwe ngoni dzenyu zhinji. . . . Ngekuti ndinoziva zvinyangadzo zvangu: chitema changu chinogara chiri pamberi pangu. Ndisukei ne isopi, ndive vakachena: Ndisambidzei ndichene kupinda chero. . . . Ndisikei mwoyo wakachena, O Mwari: Muitezve mweya mutsva vakarurama muneni. Regai kundi- [18]
rasa pamberi penyu: Musabise mweya venyu mutsvene kwandiri. Dzoserai zve kwandiri rufaro rwekuponesa kwenyu; Nditsigirei ne mweya venyu vakasununguka. . . . Ndibvisenyi mu mhosva yeropa,

O Mwari, Imwi Mwari veruponeso rwangu: Ndizvo rurimi rwangu rucha imbira kururama kwenyu kwazvo." Ndwiyo 41: 1-14.

Kupinduka kwakadari kuri kure kuti tikusvikire nekuita ne simba redu tega; kunovanikwa kubva kuna Kristu chete, uyo akakwira kumusoro, akapa zvipo kuwanhu.

Ipapa ndipo pane nzvimbo vazhinji vanotadza, ndizvo votadza kugashira rubatsiro urwo Kristu anoda kuvapa. Vanofunga kuti havanga uyi kuna Kristu kutanga vasati va pinduka, nekuti kupinduka kunogadzirira ruregerero rwe zvitadzo zvavo. Ichokwadi kuti rupinduko runotangira ruregerero rwe zvitadzo; asi mwoyo vakaparuka ne une urombo unozvinzwa uchida Muponesi. Ko Munyangadzi akafanira kumira ambotanga apinduka asati auya kuna Jesu here? Kupinduka kwakafanira kuva chidziviro pakati pe munyangadzi na Muponesi here?

Baiberi haridaro kuti munyangadzi akafanira kupinduka kutanga asati aterera kukoka kwa Kristu, Uyayi kuneni mwese munotambudzwa, nemuno remerwa, ndinomupa zororo." Mateyu 11: 28. Isimba rinobva kuna Kristu rinotungamirira mukupinduka. Pita akataura pachena mukutaura kwake kune va Israeri apo akati, "Uyo Mwari akakudza kurudyi rwake kuti ave Muchinda na Muponesi, kuti ape rupinduko kuna Israeri, nerusununguro rwe zvitema." Mabasa 5: 31. Hatinga pinduki kusina Mweya va Kristu kumutsa pfungwa sezvo tisinga regererwi pasina Kristu.

Kristu ndiye mawambo ezviro zvese izvo tinoita. Ndiye chete ega angagone kudyara mu mwoyo ruvengo rwe chitema. Kwese kudisisa kweidi ne kuchena, yese pfungwa yekuziva kutadza kwedu, ndicho chiwoneso chekuti Mweya vake uri kufamba mumwoyo yedu.

Jesu akati, Ini, kuti ndika kwidzwa, ndinopfuva vanhu vese kuneni. Johane 12: 32. Kristu akafanira kupangidzwa kune munyangadzi sa Muponesi arikufira zvitema zve nyika; sezvo tino-
[19] nangisa Nyenye ya Mwari pamuchinjiko veKalvari, kuvandika kweruponeso kunovamba kupfutunuka mumitondero yedu, kunaka kwa Mwari kotitungamirira mukupinduka. Ngekufira vanya, ngadzi Kristu akavonesa rudo rusinga nzvisiswi; apo munyangadzi achinangisa urwu rudo, zvinopfavisa mwoyo vake, zvobata pfungwa yake, zvounza urombo hwe kutadza mumweya vake.

Ichokwadi kuti dzimwe nguva vanhu vanonyara ngenzira dzavo dzakaipa, vachirega dzimwe tsika dzavo dzakaipa, kutanga ; vasati vaziva kuti varikupfuvirwa kuna Kristu. Asi apo vano edza kuzviumba patsva, ngekuda kuita zvakanaka, isimba ra Kristu rinonga riri kuvapfuva. Mweya uyo vanonga vasinganzwi unonga Ij urikusanda mumweya yavo, zvino pfungwa dzemukati dzo upenyu j hwe kunze hwogadziridzwa. Apo Kristu anova kweva kuti vanangise pamchinjiko Vake, kunangisa Iye uyo zvitema zvavo zvakabaya, mutemo unouya mu pfungwa. Kushata kwe upenyu hwavo, chitema change chigere zvakadzama mu mweya yavo, chinopangidzwa kwavari. Vanovamba kunzvisisa chimwe chiro chekururama kwa Kristu, voti, chitema chinyi ko chingade mupiro vakadaro kuti kuponeswe mhandu yacho? Rwese urwu rwaive rudo here, kwese uko kutambudzika, kwese uku kuderedzwa zvakadari, kwakange kuchida kuti tisa parare, asi tive ne upenyu hwusinga gumi here?"

Munyangadzi angarambe kunzwa uru rudo, angarambe kuswendedzwa padyo na Kristu; asi kana asinga rambi, angakweverwe kuna Jesu, uzivi hwe zano reruponeso hwunozo mutungamirira kuti ayende panyasi pemuchinjiko ngekupinduka muzvitema zvake, zvakakonzera kutambudzika kwe Mwanakomana anodikanwa va Mwari.

Pfungwa iyoyo ye kudenga iri kusanda pamsoro pezvisikwa zvese iri kutaura mu mwoyo ye vanhu, ichi sika mumwoyo ye vanhu kuti vave nenhomba ye icho vasinaba. Zviro zvenyika hazvinga gutsi kuda kwavoba. Mweya va Mwari uri kunyengererana l navo kuti vatsvake zviro izvo zvinozo vapa runyararo ne zororo j chete tsitsi dza Kristu, ne rufaro rwe kuyera. Kubudikidza ne i mweya uno onekwa ne usinga onekwi, Muponesi vedu ari kusanda i nguva yese kupfuva pfungwa dze vanhu kubva kune rufaro rusi- nga gutsi [20] rwe zvitema kuvaisa kune zvikomborero zvisinga gumi zvichazova zvavo kuna Iye. Kune iyi yese mweya irikutsvaka nhando kuti vamwe kubva muzvirongo zvakaputsika zvenyika ino, soko rekudenga rinoti, "Uyo anenyota, ngawuye, Uyo anoda, ngaatore mvura ye upenyu pachena." Kuratidza 22: 17.

Imwi munonzwa kuti mwoyo yenyu inosuvira chimwe chiro icho nyika isinga goni kukupai makafanira kuziva kuti kuda kwe Izvi ra Mwari mu mweya yenyu. Mukumbirei kuti akupei kupinduka, kuti aonese Kristu kwamuri murudo rwake rusingagumi, mukuchena

Kwake kwakaperera. Mu upenyu hwa Muponesi mutemo va Mwari rudo kuna Mwari nekune munhu — zvakapangidzwa nge nzira yakaperera. Kuita zvakanaka, rudo rusina mbayo, zvakange zviri upenyu hwe mweya Vake. Zvakaita sezvo tinoona Iye, sezvo kujeka kunobva kuna Muponesi vedu kuchiputsikira kunesu, naizvozvo tinoona kutadza kwe mwoyo yedu.

Tingazvinyengedze hedu se zvakaita Nikodimu, kuti upenyu hwedu hwange hwakaswatuka, nekuti chimiro chedu muutsvene chakanaka, tichi funga kuti hatisakafanira kurerekisa mwoyo yedu pamberi pa Mwari, se munyangadzi ve mazuva ese, asi apo kupenya kunobva kuna Kristu kuchipenyera mumweya yedu, tinozo ona kuti hatina kuchena senyi; tichazo ona kuzvimisira kwe mbayo, upandu kuna Mwari, achipisa mabasa ese e upenyu. Ndipo tinozoona kuti kururama kwedu kune tswina se mitsoto, nekuti basa rc ropa ra Kristu ndiro ringati chenure kubva mukusvipiswa ne chitema, amutse mwoyo yedu mumufananidzo vake mbune.

Ranzi rimwe rembiri ya Mwari, kujeka kumwe kwe kuchena kwa Kristu, kuchidura mu mweya, rinopangidza pachena ngekurwadza kavara kamwe ke tsvina kanonga kari mukati, kunyangara ne kuremara kwe chimiro ehe munhu zvese zvino bva zvaiswa pachena. Kuno ita kuwe pachena kuda kwako kwezvisi zvitsvene, kusadairika kwe mwoyo, kusachena kwemiromo. Mabasa emunyangadzi ekushora mutemo va Mwari anoiswa apo anoonekwa, ne mweya vake unorohwa nekurwadziswa nge kutsvaka kwe Mweya va Mwari. Anozviwenga apo anonga atarisa chimiro chakachena, chisina vara cha Kristu.

[21] Apo muprofiti Danieri akaona mbiri, yakange yakatenderedz nhumwa yekudenga iyo yakange yatumva kwaari, akakundwa ne pfungwa dzekushaya simba kwake nekusaperera kwake. Achi tsanangura zvinoshamisa zvakaitika izvi anoti, “Ndakapererwa ne simba; ngekuti kunaka kwangu kwakasanduka kuipa ndikasara ndisina simba.” Danieri 10: 8. Mweya unonga vabatwa zvakadaro uno wenga mbayo dzavo, nekuzvida kwawo, unotsvaka kubudikidza ne kururama kwa Kristu, kuchena kwe mwoyo unonzwana ne mutemo va Mwari ne chimiro cha Kristu.

Pauro anoti, “ngekururama kwe mutemo,” se mabasa ekunze kwe muwm—akange “asina mhosva” (Wafilipe 3:6) asi apo mamiriro e mweya akazo onekwa, akazvi ona ari munyangadzi. Ku-

tonga nge tsamba ye mutemo sezvo vanhu vano usandisa mu upenyu hwe kunze akange abva muchitema, asi apo akanangisa mu udzamo hwekuzvibata kwavo kunoyera, akazvi ona sezvo Mwari anomuona, akakotama mukuzvideredza, akabvuma mhosva yake. Anoti, "Ndakambenge ndichi pona kamwe ndisina mutemo; asi zvo mutemo vakasvika, kwakamuka chitema ndikafa. Maroma 7: 9. Apo akaona mamiriro e mutemo ve mweya, chitema chakaonekwa mukunyangara kwacho kwedi kuzvida kwake kwakabva kwaenda.

Mwari haaone zvitema zvese zvakaenzana mu ukurukune mavambo emhoswa mukutarisa kwake, nekune munhu zveasi kana zvichi nangisika zviri zviduku senyi, mumaziso, e vanhu hapana chitema chiduku pameso pa Mwari. Kutonga kwe munhú n dlvl runwe, hakuna kuperera, asi Mwari anoona zvese zviro se zvo zviri Munyaradzi anoshorwa achiudza kuti chitema chake chinomusiisa kudenga, kuzvikudza, mbayo, ruchiwa zvinonyanya kupfuura zvisina kutseurwa. Asi izvi zvitema zvino tsamwisa Mˆari kwazvo; ngekuti zvinopatsana nekunaka kwe chimiro chake, kune rudo rusina mbayo runowa ndirwo rugare mumapasi asina kuputsika. Uyo anoputsikira muzvitema zva kaipisisa anozwa manyada ne urombo nekushaya kwake tsitsi dza Kristu; asi kuzvikudza hakunzwi kushayaba, ndizvo kuno pfiga mwoyo kubva kuna Kristu ne zvikomborero zvisingagumi izvo akauya kuzotipa.

Mupetesi akanamata achiti, "Mwari iva ne mutsa kuneni mun- [22]
yangadzi" (Ruka 18:13) akazvi ona se munhu akaipa kwazvo, ne vamwevo vakazwiona nenzira iyoyo; asi akanzwa kushaya kwàke, nemutoro vake ve mhosva ne manyadzi akauya pamberi pa Mwari, achikumbira mutsa vake. Mwoyo vake vakange vaka zarukira Mudzimu va Mwari kuti uyite basa ravo restitsi, umusunungure kubva musimba rechitema. Munamato vekuzvikudza, nekuzviruramisa ve mu Farisi vakapangidza kuti mwoyo vake vakapfigwa kubasare Mudzimu Unoyera. Pamsana pekuva kure na Mwari haana kuva ne pfungwa yekusachena kwake, mukuenzanisa ne kuperera kwe utsvene. Haana kunzwa kushaya kwakeba, ndizvo haana kugashira chiro.

Kana uchiona kunyangadza kwako, rega kunonoka uchiti uchazvinatsa. Vazhinji vanofunga kuti havana kunaka zvakakwana kuti vauye kuna Kristu. Munokarira kunaka ne masimba enyu here? "Ko mu Etiopia angasandure ganda rake here, kana ingwe mavara ayo?

Kana zvaibvira nemivo maigona kuita zvakanaka, imi makarovedzera kuita zvakaipa. Jer. 13: 23. Kune rubatsiro rwedu kuna Mwari chete. Tisamirire kunyengererwa kune simba, nguva yakanaka, kana kuti tidakare tive ne pfungwa tsvene. Hapana icho tingazviitire pachedu. Takafanira kuuya kuna Kristu takadari.

Asi kusawe nevano zvinyengedza ngekuti Mwari, murudo rwake rukuru ne ngoni, anozoponesa kana newarambi ve tsitsidzake. Kuipa kukuru kwechitema kungaonekwe mukupenya kwe muchinjiko chete. Kuti vanhu vachiti Mwari akanaka kwazvo kwekuti haangadzingi munyangadzi, vakafanira kunangisa ku Kalvari. Imhosva yekuti kwakange kusina imwe nzira iyo munhu aizo poneswa nayo, ngekuti kunze kwemupiro uyu zvakange zvisinga zoitiki kuti munhu dzinza ripukunyuke kubva musimba rechitema chino svipisa, adzokere mukukwadzana ne zvisikwa zvinoyera zvaisaitikazve kwavari kuti vave vakoverwi veupenyu hutsvene — pamsana pe izvi saka Kristu akatora mhosva yeasinganzvi, akatambudzikira munyangadzi. Rudo nekutambudzika ne kufa kwe Murumbwana vaMwari zvinopupurira kuukuru huno tyisa hwe chitema, kuchitaura zve kuti hakuna nzira yekupukunyuka nayo kubva musimba racho, hakuna
[23] rusimbiro rwe upenyu hwakasimukira, asi basi kuti mweya wa iswa pasi pa Kristu.

Vanhu vasingadi kupfidza vano vanzo zviyamura nekuti kune avo vanoti ma Kristu, “Ndakando fanana navo ini. Havaca zvirambi, havachateramiri, kana kungwarira kuzvibata kupinda ini. Vanoda rufaro nekuzvipira munezvinofadza seni.” Ndizvo vanoita mhosva dzevamwe chive chikonzero chekuregeredza basa ravo. Asi zvitema nekutadza kwevamwe hakuregererwi mum we ba; ngekuti Tenzi haana kutipa muenzaniso vemunhu akaipa. Murumbwana va Mwari asina mhosva aka va sechionerero chedu, avo vanochemachema nekutadza kweavo vanoti ma Kristu ndivo vakafanira kupangidza chiratidzo ehe upenyu kwahwo ne vakasimukira.j Kana vayine kuziva kwakakwirira kwekuti mu Kristu akafanira kuti awe akadini, chitadzo chawo hachina kukura kupinda here zvakadaro? Vanoziva chakanaka, asi vanoramba kuzviita, chenjererai kuerengera. Musaregerere basa rekurasa zvitema nekutsvaka kuchena kwe mwoyo kubudikidza na Jesu. Apo ndipo makumi emazana ne makumi emazana vanokanganisa, mukurasika kwavo kusingaperi. Handizorambi ndiri paupfupi ne kusatsarukana kwe up-

enyu ba; asi kune ngozi inotyisa — ngozi isinga nyatso nzvisisvaba mukunonoka kuzvipira kune izvi rinonyengerera re Mudzimu Unoyera va Mwari, mukusarudza kugara muchitema; kana chingaonekwa sechiduku zvakadini, kuti chaitwa chingarasise zvese. Icho tisinga kuriri chinozotikurira isu, chichi zounza kuparara kwedu.

Adamu na Eva Vakazvinyengedza kuti muchiro chiduku chakaïta sekudya muchero Vakarambidzwa hakungavi ne dambudziko gum seiro Mwari akange ataura. Asi iyinyaya duku yakangeiri kudarika mutemo va Mwari usinga pindurwi ne unoyera, zvakaparadzanisa munhu kubva kuna Mwari, zvikazarura mazambara c murove we kufa ne matambudzo asinga tauriki mu pasi redu. Muzero ne zero kunonzwikwa nguva dzese kuchema, zvisikwa zvese zvinogomera nekurwadziwa pamwe chete pamsana pekusaterera kwe munhu. Denga pacharo rakanzwa zviito zvekupandukira Mwari kwake. Kalvari imire sechitondedzo ehe mupiro unosilamisa unodikanwa kuripira kudarikwa kwe mutemo vekudenga 1 isanangise chitema sechiro chiduku. [24]

Chese chiito chakaipa, kwese kusava ne hanya kana kuramba tsitsi dza Kristu, kuita pamsoro pako mbune zvichikudzokera zve; kukonjesa mwoyo, kunyangadza zvinodikanwa ne mwoyo, kuuraya kunzvisisa, zvisina kuita kuti usade kuzvipira chete ba, asi kusagona zve kuzvipira, kune kunyengerera kunyoro kwe Mudzimu Unoyera va Mwari.

Vazhinji varikunyaradza pfungwa dzavo dzinotambudza ngekuti vanga pindure nzira yekuipa kana vachida zvavo: kuti vangatambe zvavo nekukoka kwe mutsa, asi vachimutswa mu mwoyo yawo nguva ne nguva. Vanofunga kuti mumasure mekusvotesa. Mudzimu ve tsitsi, mumasure mekunge vayisa mweya yavo kudivi ra Satani, munguva yekunge zvanyanya kuipisisa zvino vopindura nzira yavo. Asi izvi hazviitwi nyore ba. Zviro izvo vakambo ita nekuona, nekudzidza, kwe mazuva ako eupenyu zvinonga zvanyatso umba chimiro zvakanaka kwekuti vashoma vanonga vachada kugashira mufananidzo va Jesu.

Kana katsika kamwe ke chimiro kakaipa, chidiso chimwe ehe chitema, kakaramba kachidikanwa nguva dzese, kanopedza simba rese re Vangeri. Kuzvipinza kwese muchitema kunosimbisa mweya kuti usade Mwari. Munhu anoonesa kusadairika kukukutu, kana kusaita hanya kana kuvunduka nge idi re kudenga, anokohwa izvo

akadyara. Mu Baiberi rese hakuna runyevero runotyisa kupinda rwekutamba ne chitema kupinda mazvi emunhu akangwara, akati, munyangadzi "anobatwa ne tambo dze zvitema zvake." Mazwi akangwara 5: 22.

Kristu akagadzirira kutisunungura muzvitema, asi haamanikidzi kuda, asi nekuramba tichityora mutemo mwoyo ukarerekera kune zvakaipa, tisingadi kuti tisunungurwe, kana tisinga gashiri tsitsi Dzake, chinyi zve icho angatiitire? Tazviparadza mbune ngekuzvimisira kuramba rudo Rwake. "Ona zvino inguva yakanaka; ona zvino musi ve ruponeswa." "Nhasi kuti muchinzwa izvi rake, musaomese mwoyo yenyu." 2 Wakorintet 6: 2; Maheberu 3: 7, 8.

"Ngekuti munhu anonangisa zviri kunze, asi Tenzi anotarira mu mwoyo" (1 Sam. 16:7), mwoyo ve munhu, nekurwisana kwekun-
[25] zvira kwavo kwerufaro ne urombo, mwoyo vapumhuka, munova ndimo munogara zvese zvakaipa nekunyengedza. Anoziva izvo mwoyo vakazvimisira, zvese izvo unoda ne zvimiso zvavo. Yenda kuna iye ne mwoyo vako uyine mavara sezvo vakaita. Se muimbi uzarurire kuziso rinoona zvese, uchidaidzira, "Nditswake, O Mwari, muzive mwoyo vangu, ndiedzei muzive pfungwa dzangu; munangise kana paine nzira yakaipa mandiri, munditungamirire munzira isingaperi." Ndwiyo 139: 23, 24.

Vazhinji vanogashira rudaviro rwe uzivi, chimiro cheumwari, asi mwoyo usina kuchenurwa. Ngauve munamato vako, "Ndisikei mwoyo vakachena, Mwari, muitezve patsva mweya vakanaka muneni." Ndwiyo 51: 10. Gadzira mweya vako paidi. Disisa vavarira, sezvo ungaite vapapfumvu. Iyi inyaya yekugadzirwa pakati pemweya vako na Mwari, kuti igadzirwe nekusingaperi. Rusimbiro rwekufungidzira, pasina zve chimwe, zvino unza kuparara kwako.

Dzidza Izvi ra Mwari nge munamato. Iro Izvi rinounza pamberi pako, mumutemo va Mwari nemu upenyu hwa Kristu, mitemo mikuru ye utsvene, pasina izvozvo, "hakuna munhu angaone Tenzi." Maheberu 12: 14. Rinokonesa chitema; rino pangidza pachena nzira yeruponeso. Ritererei, se izvi ra Mwari rinotaura mumweya venyu.

Sezvo muchiona kukura kwe chitema, sezvo uchizvi ona sezvo uri, usa rasikirwe nebanza. Kristu akauya kuzoponesa vanyangadzi. Hatiunzi Mwari kwatiri, asi — O rudo runoshamisa! Mwari muna Kristu." Ariku dzorera pasi kuna iye." 2 Wakorinte 5: 19. Ari kunyengerera nge rudo rwake runyoro mwoyo ye vana Vake vakatadza.

Hapana baba vepano pasi vanga yifire mhosva ne kutadza kwe vana vake sezviri kuita Mwari kune avo arikutsvaka kuti aponese. Hapana zve anganyengerere munyangadzi zvinyoronyoro zvakadari. Hapana muromo ve munhu vakambotaurao mazvi manyoro ekukumbirira mupumliuki se zvo anoita. Zvese zvitsidzo zvake, runyevero rwake, kuburitsa kwe rudo rwake rusingatauriki.

Apo Satani achiuya kuzo kuudza kuti urimunyangadzi mukuru, nangisa kune Mununuri cako, taura ne kunaka kwake. Izvo zvinozo kubatsira kunangisa kupenya Kwake, ziva chitadzo chako, [26]
asi uvudze mhandu kuti "Kristu Jesu akauya pasi kuzo ponesa vanyangadzi" (1 Tim. 1: 15), nekuti zve unga poneswa nge va-nhu vayiri vane mingava. Jesu akabvunza Simoni mubvunzo nge vanhu vayiri vane mingava. Mumwe akange ayine mungava va Tenzi Vake mushoma, mumwe akange ayine mungava ve mari zhinji, asi akava regerera vese Kristu akabvunza Simoni kuti ngeupi achada Tenzi vake kunyanya. Simoni akapindura, "Uyo vakasunungurwa zvi zhinji." Ruka 7:43. Tange tiri vanyangadzi vakuru, asi Kristu akafira kuti tisunungurwe. Kururama kwe mupiro vake kwaka kwana kuti akupangidzire kuna Baba munzvimbo yedu. Avo anonga asunungura zvizhinji vanozo mudao zvizhinji, vanozomira pedyo nechigaro chake wachirumbidza pamsana perudo rwake ne mupiro usingagumi. Ngeapo tingato nzvisisa zvakanaka nekuperera rudo rwa Mwari ndiyo nguva iyo tinoona kuipa kwe zvitema zvedu. Kana tichi ona kureba kwe ngetani yakadzikisirwa isu, kana tave kunzvisisa mupiro usingagumi uyo Kristu akaitira isu, mwoyo unonyungurutswa ne unyoro ne kusuwa kwekutadza.

* * * * *

"Mwenje ve tsoka dzedu, uyo tinofamba navo
Nzira yedu yotirasisa,
Rwizi runobva pa tsime re tsitsi kudenga;
Rukowa panzira pemufambi;

"Chingwa ehe mweya yedu, apo tinoguta,
Mana yedi inobva kumusoro;
Mutungamiri nechiratidzo chedu, umo tinoerenga,

Ne umambo hurimberi kwe denga;

“Mutomba ve moto munguva dzedima,
Gore rinopenya masikati;
Apo mananda anokunda mwadiya veda anoyerwa
Chitsiko chedu ne rugare rwedu;

“Izvi ra Mwari asingagumi
Rudo rwe Murumbwana Vake anembiri
Pasina Imwi pasi raifambwa senyi,
Kana denga pacharo raivanikwa seyi?”

[27]

KUREVURURA

ANOFUKIDZA zvitema zvake haabudiriri: asi anozvirevururа achizvisiya achawananyasha.”—Muparidzi 28:13.

Nzira dzekuwana nadzo nyasha dza Mwari dziri nyore nekururama ne kunanga. Mwari haadi kuti tiite chiro chakaipisisa kuti tizowana ruregerero rwe chitema. Hazvidikanwi kuti tidzikane tiite rwendo rwekuenda kune nzvimbo tsvene, kana kuita zvino tirwadzisa, kurumbidza mweya yedu kuna Mwari vekudenga kana kuripa kudarika kwedu ngekurangwa; asi uyo anorevururа nekurasa chitema chake achawana nyasha.

Mupostori anoti, “Revururiranai zvitadzo zvenyu, munamatirane kuti murapwe.” Jakobe 5: 16. Revururai zvitema zve-nyu kuna Mwari, anova ndiye chete anozviregerera, ne zvitadzo zvenyu kune mumwe ne mumwe. Kana vatadzira shamwari yako kana mubanzi wako, vakafanira kubvuma kutadza kwako, iyevo ibasa rake kuti akuregerere nekusununguk. Zvino vozotsvaka kuregererwa na Mwari, ngekuti hama iyo vatadzira ngeya Mwari, zvino pakumukuhunisa ive vatadza kune Musiki neMununuri wake. Mhosva inounzva pamberi pe Mumiriri ve chokwadi, Mupristi vedu Mukuru, uyo, “vakaedzva muzviro zvese, sesu, asine chitema,” uyo ano “tinzwira kunyorowa kwedu” (Maheberu 4: 15) anogona kuchenura rese vara re kuipa.

Avo vasina kuninipisa mweya yavo pamberi pa Mwari mukubvuma mhosva yavo havasati vazadzisa mutemo vekuvamba vekugashirwa. Kana tisati tanzwa uku kupinduka kusina kuzvishorazve, tisatizve tazvideredza mweya yedu pachokwadi nekutyoka kwe mweya tika bvuma zvitema zvedu, tichivenga kuipa kwedu, hatisati tatsvaka ruregero rwechitema; kuti tisati tatsvaka, hatisati tawana runyararo rwa Mwari. Chikonzero chete chinoita kuti tisave ne kuregererwa zvitema zvedu zvakapfuura pamsana pekuti hatidi kuderedza mwoyo yedu nekuti tifambirane ne nzira dze Izwi re idi. Kurayira kuri pachena kunopiva mu nyaya iyi. Kurewururа chitema, kana pamberi pe vanhu kana pakavandika, kwakafanira kunzwikwa [28]

ne mwoyo vese, kutaurwe nenzira yakasununguka. Hakuna kufanira kumanikidzwa kubva kumutadzi. Hakuna kufanira kuitwa ne nzira yekuseka kana nekushaya hanya, kana kumanikidzwa kune avo vasati wave nekuziva kwekuvengeka kwe chimiro chechitema. Kurevururа kunodururwa kuchibva mukati me mweya kunowana nzira yako kuna Mwari ve mutsa usingagumi. Muimbi anoti, "Tenzi aripedyo nevane mwoyo yadimbukirwa; nekuponesa vane mweya yakapwanyika." Mapisarema 34: 18.

Kurevururа kwedi nguva dzese kune nzira yako, bvuma zvitema nemazita azvo. Zvingave zvakafanira kuunzwa pamberi pa Mwari chete; zvingave zvitadzo zvakafanira kubvuma kune vanhu vakasarudzwa avo vanonga vakatadzirwa; kana kuti dzimwe nguva zvingawe zvepachena, zvino zvofanira kuti zvibvumwe pachena. Asi kwese kurevururа kwakafanira kunanga (kusonza) chiro chiiiwe, uchi bvuma izvo zvitema zvauyine mhosva nazvo.

Mumazuva a Samueri valsraeri vakapumhuka kubva kuna Mwari. Vakatambudzwa nematuso echitema; ngekuti vakange varasa rudaviro rwavo kuna Mwari, varasa kuona kwavo simba Rake ne uzivi hwekutonga rudzi, varasikirwa nerusimbiro kwaari rwekuti angagone kuva dzivirira nekupangidza simba rake. Vakatenderuka kubva kune Mutongi mukuru ve matenga, vakadisa kutongwa semarudzi akange akavatenderedza. Kutanga vasati vawana runyararo vakaita kurevururа kwakananga: "Tawedzera pazvitema zvedu zvese chiro ichi chakaipa, kuzvikumbirira mambo." 1 Samueri 12: 19. Chitema ichocho vakange vakoneswa nacho chakange chakafanira kubvumwa. Kusatenda kwavo kwakatsikinra mweya yavo, kukava patsanisa na Mwri.

Kurevurur hakugashirwi na Mwari kusina kupinduka nekusanduka kwedi. Kwakafanira kuva ne kusanduka chaiko muupenyu; zvese zvino tsamwisa Mwari zvakafanira kusiyiva kunze Iri nnova tuso rerusuvo chairwo rwe chitema. Basa iro takafanira kuita kurutivi rwedu rakaiswa pachena pamberi pedu: "Simbai zvic enesei; bvisai zvakaipa zve mabasa enyu pamberi pangu' tsyetai zvakaipa; dzidzai kuita zvakanaka; tsvakai kururama nunura! vakatsikinrwa,
[29] ruramisirai nherera, mureverere shirikdzi." Isaya 1: 16, 17. "Kana vakaipa akadzosera zve chipiko chake akadzosera zve izvo akange aba achifamba mu mitemo ye upenyu, asingaiti zvakaipa, zviro kwazvo achararama, haangafi." Ezekieri 33: 15. Pauro achitaura

nge basa rekupinduka noti: “Mkasuva nenzira yeumwari, kungwarirai zvakaunza kunemwi, kuzvichenurai, hunde kushatirwa hunde kutyai, hunde, nekuchamirai, hunde, kudisisai, hunde kudzokeserai. Muzviro zvese makazvivonisa kuti makachena muichi chiro.” 2 Karonite 7: 11.

Kana chitema chichinge chauraya pfungwa dzekunatsa, munyangadzi haachavoni zve kunyangara kwe chimiro chake, kana kuti azive kukura kwe zvitema izvo anonga ayita; kunze kwekuti azvipire kune simba rechokwadi re Mudzimu Unoyera, anoramba arimudima rekusavona zvitadzo zvake. Kurevururа kwake hakusi kwechokwadi kana kwakananga. Mukubvuma kwake kwese anovedzera chikonzero neruregerero rwekuti kusaka atadza nge nzira yakadaro, achiti dayi pange pasina chekuti ne chekuti, anodai asina kuita icho chiro anonga arikushorerwa.

Mumasure Adamu na Eva vadya muchero vakarambidzwa vakazara ne nyadzi ne kutya. Kwe nguva iyoyo pfungwa yavo yakava yekuti vangapukunyuka sei muchitema chavo, vatize kutongwa kunotyisa kwe rufo. Apo Jehova akabvunza nge chitema chavo, Adamu akapindura, achishora Mwari rimwe divi achishora hama yake iyo akange apiva: “Mukadzi uyo makandipa kuti ave neni, ndiye vakandipa muti kuti ndidye.” Mukadzi akashora nyoka achiti, “Nyoka yakandinyengedza ndikadya.” Genesisi 3. 12, 13. Ngei makaita nyoka? Ngei makaibvumira kuti ipinde mumunda ve Edeni? Iyi ndiyo yakange iri mibvunzo yacho muchikonzero chake chekutadza, zvino kwakave kupa Mwari mhosva yekuti ndiye akonzera kuti vaputsike. Mweya vekuda kuzvinatsira vakavamba kuna baba ve manyepo vekutanga, ukaramba uchipangidzwa ne vanakomana ne vakunda vese va Adamu. Kubvuma chitadzo kwakadari hakusundwi ne Mweya vekudenga, hakugashirwi na Mwari. Kupinduka kwe chokwadi kunotungamira munhu kuti atakure mhosva yake pachake mbune, abvume kutadza kwake pasina kuzviitisa. Se mupetesi, asina kusimudzira maziso ake kudenga, anozochema, “Mwari ngaave ne mutsa ku- neni munyangadzi;” avo vanobvuma [30]
kutadza kwavo vanoraramisva, ngekuti Jesu anozo-nyengerera nge ropa Rake kumweya unonga vapinduka.

Zviratidzo zve mu Izvi ra Mwari zvekupinduka kwe chokwadi nekuzvideredza zvinovonesa mweya vekurevururа usina ruregerero rwe chitema, kana kuidza kuzvinatsa. Pauro haana kumbo

zvidzivirira; akapangidza chitema chake se kuipa kwachakaita, asingaidzi kuderedza kuipa kwacho. Anoti: "Ndakapfigira mutirongo vanoyera vazhinji, ndichipiva simba nge vapristi vakuru; zvo vakaurava, ndikabvuma. Ndikavanera kazhinji mumasinagogo ese, ndikavasunda kuti vatuke, ndichipenga kuna ivo, ndikavadzinga kumisha iri kure." Mabasa 26: 10, 11. Haapokani kutaura izvi "Kristu Jesu akauya pasi kuzoponesa vanyangadzi; ndirimukuru kuna ivo." 1 Timoti 1: 15.

Mwoyo unozvirereka vakatsemuka, vakundwa ngekupinduka kwedi, unozofarira zvimwe zve rudo rwa mwari ne zvakaparadzirwa pa Kalvari; zvino sezvo mwanakomana achirevurura kuna baba wake vanodikanwa, ndizvo anonga apfidza zvechokwadi anounza zvitema zvake pamberi pa Mwari. Kwakanyorwa kuti, Kuti tichirevurura zvitema zvedu, vakarurama nekunaka kuti sunungura zvitema zvedu,
[31] nekutichenura mukusarurama kwese." 1 Johane 1: 9.

KUZVIPIRA

CHITSIDZO cha Mwari ngechekuti, “Muchanditsvaka mukandivana, kana mukanditsvaka ne mwoyo venyu vese.” Jeremia 29: 13.

Mwoyo vese vakafanira kuzvipira kuna Mwari dzimwe nguva hakungavi nekusanduka kunesu uko kunozo-tidzosera mumufananidzo Wake. Ngekusikwa tirikure na Mwari. Mweya Unoyera unotsanangura mugariro vedu nge mazvi aya: “Makafa muzvitadzo ne zvitema; Musoro venyu unorwadza, ne mwoyo vese va ziya; hapana pakukutu pauri.” “Tiri mumuravu va Satani; takabatwa ndiye nge rudo rwake.” Maefesu 2:1; Isaya 1:5, 6; Timoti 2: 26. Mwari anoda kutiponesa, kutisunungura. Asi izvi zvinoda kusanduka chaiko, kuva vatsva kwerugare rwedu. takafanira kuzvipira ngekuperera kwa Ari.

Kurwisana ne kuzvida ihondo huru kwazvo isina kumborwiva pano pasi. Kukurirwa kwe kuzvida, kupira zvese kurudo rwa Mwari, zvinoitika mamborwisana; asi mweya vakafanira kuzviisa pasi pa Mwari kutanga usati va mutsidzirwa mukuyera.

Hurumende ya Mwari haina kuita sezvo Satani achida kuti hudaro, kuva ne kuzvirereka kwe ubofu, nekutonga kusina maturo Iho hunonyengerera kune ane pfungwa ne ane mwoyo ve hana. Chiuyai zvino titaurirane” (Isaya 1: 18), ndiko kukoka kwe Musiki kune zvisikwa izvo akasika. Mwari haamanikidzi kuda kwe zvisikwa zvake. Haagashiri rukudzo rusina kuitwa ngekuda ne pfungwa kwadzo. Kuzvirereka kwe kumanikidzwa kungadzivirire kukura kwe pfungwa kana chimiro, kungaite munhu ave se mucheni unosanda usina pfungwa. Uku handiko kuda kwe Musiki. Anoda kuti munhu se basa re ushe hwe simba Rake rekusika risvike pakukura kukuru kwazvo. Anoisa pamberi pedu zvikomborero zvakakwirira izvo anoda kutiunza kwazviri kubudikidza nge tsitsi dzake. Anotikoka kuti tizvipire kwa ari, kuti aite kuda Kwake mukati medu. Izvi zvasara kwatiri kuti tisarudze zvimwe ticha sunungurwa here [32]

mu ubatwa ve chitema, kukoverana rusununguko rune mbiri rwe vana va Mwari.

Pakuzvipira kuna Mwari takafanira kurega zvese ne nzira kwayo izvo zvinotitsaukanisa kubva kwa Ari. Ndizvo Muponesi anoti, "Ndizvozvo uyo kunemwi asingaregi zvese izvo anazvo, haangavi mudzidzi wangu." Ruka 14: 33. Chese chinokwezvera mwoyo kubva kuna Mwari chakafanira kuregwa. Mamoni mufananidzo weva zhinji. Kuda mari, kuda kupfuma, ndiyo ketani ye ndarama yakava sungirira kuna Satani. Zita guru ne rukudzo rwe nyika zvinonamatwa ne chimwe chita. Upenyu hwakasununguka nekusaita mhosva ne zvizhinji mufananidzo ve vamwe. Asi idzo tambo dze ubatwa idzi dzakafanira kudamburwa. Hatingavi divi i kuna Mwari ne divi kunyika. Hatisi vana va Mwari kunze kweI kunge tiri vakaperera kwa Ari. Pane avo vano sandira Mwari nge zita chete, vachisimba nge simba ravo kuti vaterere mutemo Wake kuti vaite chimiro chakanaka, vazovana ruponeso. Mwoyo yavo haibatwi kana ne paduku ne rudo rwakadzama rwa Kristu, asi vanotsvaka kuita mabasa euKristu se ayo Mwari noda kuti vaite kuti vazovana denga. Rutendo rwakadaro haruna basa. Kana Kristu ave kugara mumwoyo, mweya unozara nge rudo Rwake, nerufaro rwekusangana Naye, zvekuti unozobatirira kwa Ari; zvino mukunangisa nekufunga Iye, kuzvida kunokanganikwa. Rudo kuna Kristu runozova tsime re rusando. Avo vanonzva simba re rudo rwa Mwari havabvunzi kuti zviduku zvakadini izvo vangapive kuti vasangane nekuda kwa Mwari; havakumbiri kuva panzvimbo yakadzikira zvikuru, asi vanonanga kuti vanatsve ne rudo rwe Mununuri wavo. Ngekuda kwakanaka vanopira zvese, vachipangidza kufadzva nge munhu ve chiro icho vano tsvaka. Basa ra Kristu pasina rudo rwakadzama urwu kutaura chete, tsika Jzakati kwavu, ne basa rinorema risina muripo vakarienzanira.

Tinonzva sekunge mupiro mukuru kwazvo kupira zvese kuna Kristu here? Zvibvunze pachako mbune mubvunzo uyu, "Chinyi icho Kristu akapira ini? ' Murumbwana va Mwari akapira zvese upenyu ne rudo ne kutambudzika — kuruponeso rwedu isu. Zvino isu, tisina kufanira rudo rukuru rwakadaro, todzora mwoyo yedu kubva
[33] kuna Iye here? Nguva yese ye upenyu vedu teng tiri vakoverwi ve zvikomborero zve tsitsi dzake, zvino pamsana paizvozvi hatinyatso voni ngekuzara kwe kudzama kwe kusaziva ne ngozi iyo taponesva

kubva kwa iri. Tinga nangise kuna Iye uyo zvitema zvedu zvakabaya, ne nguva iyoyo tichida zve kuita rudo rwake ne kuzvipira kwake zvenhando here? Pakuvona kudzikisirwa kusinga gumi kwa Tenzi ve mbiri, tinga gurukute here ngekuti tave kupinda mu upenyu nge kurwisana ne kuzvidzikisira?

Kubvunza kwe mwoyo mizhinji inozvikudza ngekwe kuti, Ndingasoro zvinetserei kunzwa urombo ve zvitadzo zvangu ne kuzvideredza kutanga ndisati ndave nechokwadi chekugashirwa kwangu na Mwari? Ndinokunongedzera kuna Kristu. Akange asina chitadzo, kupinda izvi, akange ari Muchinda vekudenga; asi padivi re munhu akava chitema ehe rudzi rwese. "Akaverengwa pamwe chete ne vadariki; kana zvakadaro akatakura zvitema zve vazhinji, akanyengerera vadariki." Isaya 53: 12.

Ko chinyi icho tinorega apo tichipira zvese — Mwoyo vakanyangadza ne chitema, kuti Jesu avu chenure nge ropa Rake, nekuponesa nge rudo rwake rusingayenzanisvi. Asi vanhu vanofunga kuti zvinorema kupira zvese! Ndinonyara kuzvinzva zvichitaurwa, ndinonyara nekuzvinyora.

Mwari haadi kuti tipire zvese zvinoti pamsana pekuti zvakanakira isu tozvikotsa. Kune zvese izvo anoita, anogara akatarisa ki'natsva kwe vana Wake. Dai vanhu vese vasati vasarudza Kristu vakaziva kuti Iye ane zviri nane zvekuvapa pane izvo vanozvitsvakira ivo, vainga yedza zvikuru kuti vatevere nzira Yake. Munhu anonga achizvikuvadza nekusarurama mu mweya wake kana achifunga nekuita zvinopesana ne kuda kwa Mwari. Hakuna rufaro rwe chokwadi runga vanikwe munzira inorambidzva na Iye anozi\a zvakanaka, anomisa mazano ekunatsira zvisikwa zvake. Nzira yekutyora mutemo inzira ye nhamo ne kuparara.

Kukanganisa kuchengeta pfungwa dzekuti Mwari anofadzva kuvona vana Wake vachitambudzika. Denga rese rinofadzva ne kufara kwe munhu. Baba vedu vekudenga havapfigi nzira dze rufaro kana kune chipi chezvisikwa zvavo. Zvinodikanwa ne denga kuti tirege [34]
kuzvipira muzviro zvinotiunzira matambudziko ne kupererwa ne simba, zvinozo-Tipfigira musivo verufaro ne denga. Mununuri ve pasi anogashira vanhu sezvo vakaita, ne zvese izvo vanoda, kusaperera, ne vunyoro; iye zvino haazo chenuri chete kubva muchitema achipa ruponeso kubudikidza nge ropa Rake, asi anozogutsa zvinodikanwa ne mwoyo ye avo vanobvuma kutakura jokwe Rake, ku-

takura mutoro Wake. Ibasa Rake rekupa runyararo ne zororo kune avo vanouya kwa Ari vachida chinkwa ehe upenyu. Iye anoda isu kuti tiite iro basa iroro rinoti tungamirira tsoka dzedu kuenda kuurefu ve kudenga ne rufaro apo asingagoni kusvika. Chokwadi, chekuva ne upenyu ve rufaro mu mweya kuvakwa kwa Kristu mukati mako rusimbiro rwe mbiri.

Vazhinji varikubvunza, "Ndingazvipire sei pachangu mbune kuna Mwari?" Unoda kuzvipira kwa Ari, asi urimunyoro mu simba rekunaka kwe muviri wako, uri mubatwa mukupokana, uchitongwa ne tsika dze upenyu hwako hwe chitema. Zvitsidzo zvako ne izvo unozvimisira zvakaita se tambo dze jecha. Haugoni kutonga pfungwa dzako, kukasika kufunga kwe mwoyo wako, ne izvo unoda. Ruzivo rwe chitsidzo chako chakatyoka nekurasikirwa ne zvipiko zvako zvinopfavisa rusimbiro rwako pakudairika kwako, zvo konzera kuti unzve sekuti Mwari haangakutambiri; asi hauna kufanira kupererwa ne simba. Chiro icho vakafanira kunzvisisa kusunda kwe chokwadi mu kuda. Simba rekusarudza Mwari akaripa kune vanhu; ngeravo kuti varisandise. Haungagoni kupindura mwoyo wako, haungagoni pachako ive mbune kupa Mwari kuda kwavo; asi ungagone kusarudza kumusandira. Ungagone kumupa kuda kwako, Iye anozo sanda mukati mako kuti ude ne kuita sezvinofarirwa na Iye. Ndizvo kugara kwako kwese kunozo unzva muzasi me simba re Mudzimu va Kristu; rudo rwako runova Kwaari chete, pfungwa dzako dzino-kwadzana Naye.

Kuda kwekunaka ne kuyera zvakanaka munzira yazvo; asi kana ukamira ipapa, hazvikuunziri chiro. Vazhinji vachazorasika ivo vachidisa kuva maKristu. Havasviki panzvimbo yekupira kuda kwavo kuna Mwari. Havasarudzi iko zvino kuti wave muKristu.

[35] Kubudikidza nge kusandisa kuda kwako zvakanaka ungave ntkusanduka chaiko mu upenyu wako. Nge kupirakuda kwako kuna Kristu, unozvisanganisa ne simba riri pamusoro pe mitemo ycse ne masimba esc. Unozova ne simba rinobva kudenga rekukudzikamisa, zve ngekuramba uchizvipira kuna Mwari unozogona I kuitwa ugarc
[36] upenyu vutsva, kana upenyu hwc rudaviro.

RUDAWIRO NE RUGASHIRO

Soezvo hana yako yakurumidzisva ne Mudzimu Unoyera, wavona chimwe chiro chekuipa kwe chitema, kwe simba racho, kwe mhosva yacho, kwe dambudzo racho; zvino wave kuchinangisa nge ruvengo. Wave kunzva kuti chitem chakuparadzanisa na Mwari, kuti zvino wave muvubatwa ve simba rekuipa. Kunyanya kurwisa kuti upukunyuke uko unoita, ndiko kunyanya kuzivisisa uko unoita kuti hauna simba. Zvimiso zve pfungwa dzako hazvina kuchena; mwoyo wako unetsvina. Wave kuvona kuti upenyu hwako hwazadzva ne mbayo ne chitema. Unodisa kuregererwa, kuchenurwa, kusununguru. Kukwadzana na Mwari, kufanana Naye — ungaite sei kuti uzvivane?

Runyararo urwo unoda — ruregerero rwe denga ne runyararo ne rudo mu mweya. Mari hainga-zvitengi; mfungo haungazvibati; uzivi hahunga goni kuva nazvo; haunga-simbiri ne kuidza kwako kuti uzviwane. Asi Mwari anokupa se chipo, “pasina mari pasina mutengo. Isaya 55: 1. Nge zvako kana ukatambanudza ruvoko ukazvibata. Jehova anoti, “Kana zvitema zvenyu zvakaita se jira (mucheka) dzvuku, zvichachena se chero; kana zviri zvitsvuku se muti mutsvuku, zvichaita se makushe emakwai.” Isaya 1. 18. “Ndichakupai vo mwoyo mutsva, nekuisa mukati menyu mweya mutsva.” Ezekieri 36: 26.

Varevurura zvitema zvako, ukazvirasa mu mwoyo. Vazvimisira kuzvipira kuna Mwari. Zvino enda kwa Ari ukumbire kuti asambidze zvitema zvako, akupe mwoyo mutsva. Zvino davira kuti achaita izvi ngekuti akatsidzira. Ichi ndicho chidzidzo icho Jesu akadzidzisa apo akange ari pano pasi, kuti chipo icho Mwari anoti tsidzira, takafanira kudavira kuti tichagashira, zve ngechedu. Jesu airapa vanhu hosha dzavo apo vakange vaine rudaviro musimba Rake; aiva batsira muzviro izvo vaigona kuvona, zvino achivaudzira kuti vasimbire kwaari muzviro izvo vasinga goni kuvona — zvichi vatungamirira kuti vadaire musimba Rake rekuregerera zvitema. Izvi akazvitaura pachena pakurapa kwake munhu airwara ne hosha ye [37]

nhetemwa: “Asi kuti muzive kuti Murumbwana ve munhu anesimba rekusunungura zvitema, ‘Akati kuna iye vakange ane nhetemwa, Simuka, tora bonde rako, uende kumba kwako.’ ” Mateyu 9: 6. Zvino na Johane Muvangeri anoti, pakutaura ne zvishamiso zva Kristu, “Asi izvi zvakanemberwa, kuti mudavire kuti Jesu ndi Kristu, Murumbwana va Mwari; muchidavira mupone nge zita Rake.” Johane 20: 31.

Munyaya dziri pachena dze mu Baiberi dzekuti Jesu airapa sei vanorwara, kubvira imomo tinga dzidze kuti tingadavire sei kuna Iye mukuregererwa zvitema. Ngatidzokere kunyaya ye chirema ehe Bethesda. Murwere anotambura akange asina ne simba rese, akange asina kumbosandisa nhengo dzemuviri wake kwe makore makumi matatu ne masere. Asi Jesu akamuudza, “Simuka, tora bonde rako, ufambe.” Murwere anodai akati, “Tenzi kana mukandi ita ndive vadi, ndinozoterera izvi renyu.” Asi kwete, akadaira izvi ra Kristu, akadaira kuti ave vadi, akabva aedza ipapo; aida kufamba, ndizvo akafamba. Akaita sezvataura izvi ra Kristu3 Mwari akapa simba, akabva ave vadi.

Ne nzira yakadaro uri munyangadzi. Haunga goni kuripira zvitema zvako zvakapfuura, haunga goni kupindura mwoyo wako, uzvnte uve mutsvene. Asi Mwari anotsidzira kukuitira zvese izvi kubudikidza ndi Kristu. Unodavira ichi chitsidzo. Revurura zvitema zwako, uzvipire ive kuna Mwari. Ude kumusandira, kana ukaita izvi nge chokwadi, Mwari anozoza dzisa izvi Rake kuneve. Kana uka davira chitsidzo — davira zve kuti varegererwa ne kuchenurwa — Mwari anopa chaizvo; unoitwa vakaperera, sezvo I Kristu akapa chirema simba rekufamba apo munhu akadaira kuti arapwa. Zvakadaro kana uchi zvidavira izvi.

Rega kumirira kuti utange vanzva kuti wave vadi, asi uti, Ndinodavira kuti zvakadaro, pasiri pamsana pekuti ndinozvinzva, asi pamsana pekuti Mwari akatsidzira.” Jesu anoti, “zvese izvo munoda, kuti muchikumbira, daviranyi kuti munotambira, munova nazvo.” Marka 11: 24. Pane imwe nzira pachitsidzo ichi — kuti tinamate ne nzira inodikanwa na Mwari. Asi kuda kwa Mwari kutichenura kubva munzitema, kutiita vana Wake, kutiita tigone kugara upenyu utsvene.
[38] Ndizvo tinga kumbire zvikombo- rero izvi, tidavire kuti tinozvitambira nekutenda Mwari kuti tazvitambira. Inguva yedu yekuenda kuna Jesu kundochenurwa, nekumira pamberi pemutemo tisina manyadzi

ne urombo hwe zvitadzo zvedu. "Ndizvozvo hakuchina kurasva kuna ivo vari kuna Kristu Jesu, vasingafambi nge kwe nyama, asi vachifamba nge kwe Mudzimu." Maroma 8:1.

Kubvira ipapa hauchi wako ive; vatengwa nge mutengo. "Zvo muchiziva kuti hamusakatengwa nge zviro zvinovora, se siriva ne ndarama, ... asi nge maropa anokosha a Kristu, se nyenye isina mhosva ne chakanyangara." 1 Pita 1: 18, 19. Kubudikidza ngezvenyore izvi zve kudavira kuna Mwari, Mudzimu Unoyera vabereka upenyu utsva mu mwoyo wako. Vakaita se mwana mucheche aberekwa mu mhuri ya Mwari, zvino anokuda sezvo achida Murumbwana Wake.

Zvino sezvo vazvipira kuna Jesu, rega kudzokera sure, rega kuzvibvisa kwaari, asi zuva nge zuva uti, "Ndiri va Kristu; ndakazvipira kwa Ari;" umukumbire kuti akupe Mudzimu Wake, akuchengete pedyo ne tsitsi Dzake. Sezvo kuri ngekuzvipira ive kuna Mwari, nekudaira kuna Iye, uko ungazova mwana Wake, ndizvo vakafanira kugara muna Iye. Mupostori anoti, "Sezvo makagashira Kristu Tenzi Jesu, fambai kuna Iye." Wakorosi 2: 6.

Vamwe vanonzva vakafanira kuva pakuidzva, zvino vakafanira kutanga vapangidza Tenzi kuti vasanduka, kutanga vasati vatora chikomborero Chake. Asi vangatore chikomborero kana na zvino. Vakafanira kuva ne tsitsi dzake, Mudzimu va Kristu, kuvabatsira mu kunyorova kwavo, dzimwe nguva havanga goni kudzivirira chitema. Jesu anoda kuti tiuye kwa Ari sezvo takaita, tirivanyangadzi, takasendama kwaari. Tinga uye ne unyoro hwedu hwese, kuzingaira kwedu, kunyangadza kwedu, tiputsikire pamakumbo ake tine urombo hwe zvitadzo zvedu. Imbiri kuna iye kuti atikomberedze mumavoko Ake erudo rwake, nekusunga zvironda zvedu, kutichenura mukusachena kwedu kwese.

Apa ndipo panotadza makumi emazana evanhu; havadairi kuti Jesu anovaregerera mumwe ne mumwe. Havadairi Mwari pa izvi Rake. Inguva ye vese vanofambirana ne mitemo kuti vazive kuti ruregerero runotambanudzirwa ku chitema chese nge rusununguko. [39] Rasa pfungwa dzekufungidzira kuti zvitsidzo zva Mwari hazvina kuitirwa ive. Ngezve mutadzi vese anonga apinduka. Simba ne tsitsi zvakapiva kubudikidza na Kristu kuti dziunzve ne ngerosi dzinosanda kune mweya vese unodaira. Hapana vakanyangara kwekuti haingavani simba, kuchena, nekururama kuna Jesu, uyo akavafira.

Akamirira kuvabvisa nguvo dzavo dzakazodzva nekunyangadzva ne chitema. Kuti avapfekedze nguvo chena dzekururama; anova udza kuti vararame, vasafe.

Mwari haaiti sezvo munhu anoita kune mumwe wake. Pfungwa dzake ipfungwa dze ngoni, rudo ne tsitsi nyoro. Anoti, Vakaipa ngaasiye nzira yake, nemunhu asina kururama pfungwa yake, ngaadzokere kuna Jehova, Iye achamunzvira nyasha, nekuna Mwari vedu, ngekuti achamuregerera zvikuru." "Ndakadzima kudarika kwako se gore gobvu, zvitema zvako se eore." Isaya 5:; 744: 22.

"Ngekuti handifariri rufu rwe anofa," anodaro Jehova: ndizvozvo pindukai murarame." Ezekieri 18: 32. Satani akagadzirira kuba zvisimbiso zvakakomborerwa zva Mwari. Anodisa kutora kupenya kwese kwe rusimbiro ne ranzi rese re kupenya kubva mu mweya; asi musamubvumire kuita zvakadaro. Musape nzeve kune muyedzi, asi muti: "Jesu akafira kuti ndipone. Anondida, haadi kuti ndiparare. Ndina Baba ve kudenga vane tsitsi; kana ndakatadzira rudo rwake, kana nepo zvikomborero izvo akandipa zvakaparadzva, ndichasimuka ndiende kuna Baba wangu, ndichiti kun Iye, 'Ndakanyangadzira kudenga neve, handisakafanira kunzi murumbwana wako; ndiite ndive mumwe ve varanda wako. Uyu muenzaniso unokutaurirai kuti mufambi anozogashirwa sei: "Asi zvo akange arikure, baba wake vakamuvona, akava ne nyasha, akatiza, akaputsika pamutsipa wake, akamutsvoda." Ruka 15: 18-20.

Asi kana nyaya iyi, tsitsi ne kubata mwoyo uko inoita, haisviki pakutsanangura kwazvo tsitsi dza Baba vekudenga dzisinga pen. Jehova anotaura ne muprofeta Wake, "Ndakakuda nge rudo rusingaperi, naizvozvo ndakakukweva ne unyoro." Jeremia 31: 3. Apo munyangadzi achinge achiri kure ne imba ya Baba, achipambadza
[40] pfuma yake munyika iri kure, mwoyo va Baba urikumu- suva kunomutsva mu mweya kwekudzokera kuna Mwari kunonga kuri kunyengerera kunyoro kwe Mudzimu Unoyera, uchinyengerera kupfuura mufambi ku mwoyo va Baba ve rudo.

Zvo une upfumi hwe chitsidzo ehe mu Baiberi pamberi pako, ungape nzvimbo kupokana here? Ungadaire kuti kana munyangadzi ave kusuvira kudzoka, ave kuda kurasa zvitema zvake, Jehova anomumisa pakuuya kuma kumbo ake nge kupinduka here? Enda kure ne pfungwa dzakadaro! Hapana chimwe chinga kuvadze mweya wako pane kuchengeta pfungwa dzakadaro dza Baba

wako vekudenga. Anovenga chitema, asi anoda munyangadzi, akazvipira mumutumbi va Kristu kuti vese wanga gone vaponesve, wave ne kukomborerwa kusingaperi muvumambo hwe mbiri. Mutauroi vakasimba kana munyoro ungadai vakataurwa kupinda uyo akasarudza kutiudza navo rudo rwake kwa tiri? Anoti, "Ko mukadzi angakanganwe mwana wake uyo anomwisa here? Zviro kwazvo, avo vangakanganwe, asi ini handinga kukanganwinyi." Isaya 49: 15.

Nangisai kudenga imwi muri kupokana nekudedera; ngekuti Jesu arikuponera kumirira isu. Tendai Mwari nge chipo Chake ehe Murumbwana Wake anodikanwa, munamatire kuti asave akafira imwi nhando. Mudzimu unokukoka ive nhasi. Uya ne mwoyo wako vese kuna Jesu ndizvo unozova ne chikomborero Chake.

Sezvo uchiverenga chitsidzo, tondera kuti kutaura kwe rudo ne tsitsi dzisinga tauriki. Mwoyo mukuru ve rudo rusingaperi vasvededzva kune munyangadzi ne nyasha huru. "Tine ruponeso kuna Iye 'nge ropa Rake, rusununguro rwe zvitema." Maefesu 1: 7. Hunde, daira chete kuti Mwari ndiye mubatsiri wako. Anoda kudzosera mufananidzo Wake vakanaka kune munhu. Apo uchisvedera pedyo Naye mukubvuma nemukupinduka, Iye anozo svedera kuneve ne tsitsi ne ruregerero. [41]

KUIDZWA KWE UDZIDZI

Ndizvozvo kuti munhu arikuna Kristu, ari chisikwa chitsva: zviro zvekare zva pfuura; vona, zviro zvese zvaitwa zvitswa." 2 Wakorinte 5: 17.

Munhu haanga goni gutaura nguva chaiyo kana nzvimbo, kana kutevedzera zvese se mudungwe vazvo mubasa re kupinduka; asi izvi hazvi vonisi kuti haana kusanduka. Kristu akati kuna Nikodimu, "Mhepo inovuvuta apo inoda, unonzva kuvuvuta kwayo, asi hauzivi apo inobva ne apo inoenda: vakadaro vese vanobarwa nge Mudzimu." Johane 3:8. Se mhepo, isingavoniki, asi mabasa ayo anonzvika ne kuvonekwa, ndizvo zvakaita Mudzimu va Mwari mukusanda kwavo mu mwoyo ve munhu. Simba rekumutsidzira, iro pasina ziso re munhu ringavone, rinobara upenyu utsva mu mweya; rinosika munhu mutsva mu mufananidzo va Mwari. Ipapo kana basa re Mudzimu rakanyarara risinga-voneki, basa ravo rino pangidzva. Kana mwoyo uchinge vaitwa mutsva ne Mudzimu va Mwari, upenyu hunozopa umbovo kuna izvozvo. Apo tinonga tisinga goni kupindura mwoyo yedu, nekuzviunza muku kwadzana na Mwari, ipapo hatisaka fanira kusimbira zvese kwatiri kana kumabasa edu akanaka, upenyu hwedu hunozopangidza zvimwe tsitsi dza Mwari dziri kugara mukati medu? Kupinduka kunozovonekwa muchimiro, tsika, nezvo tinoita. Muenzaniso unozovonekwa pachena pakati pekuti zvakange zvakadini nekuti zvino zvadini. Chimiro chinopangidzva, kusikuti ne mabasa akanaka neakaipa enguva ne nguva, asi nekuna ka kwakarerekera tsika mukutaura ne mukuita zviro.

Idi kuti kungave nekuzvipangidza kwe kunze kwanaka asi pasina simba rekuitwa patsva ra Kristu. Kuda kwe kunzvana zvakanaka ne vamwe ne kuda kusimudzira vamwe kungatipe rugare rwe upenyu hwakanaka. Kuzvida kungatitungamirire mukuda chakaipa. Mwoyo unembayo ungaite mabasa emutsa. Zvino tingazive sei kuti tiri kudivi ripi?

[42] Ndiani ane mwoyo yedu? Pfungwa dzedu dziri kuna ani? Tinoda kutaura ne zva ani? Ndiani ane rudo rwedu runodziya ne masimba

edu? Kana tiri va Kristu, pfungwa dzedu dzina Iye, nepfungwa dzedu dzinotapira nge dzake. Zvese izvo tinazvo ne zvatiri zvakayeresva kuna Iye. Tinodisa kutakura mufananidzo Wake, kufema Mudzimu Wake, kuita kuda kwake, nekumfadza mune zviro zvese.

Avo vanova zvisikwa zvitsva kuna Kristu Jesu vachabuditsa michero ye Mudzimu, "rudo, rufaro, runyararo, kutiva, kupfava, kunaka, kudavira, kuzvirereka, kuzviramba." Magarati 5: 22, 23. Havazozviumbi muchimiro chekusuva kwavo kwe zviro zvekare, asi ngerudaviro rwe Murumbwana va Mwari vanozotevera matsiko Ake, vachipenyesa chimiro chake, nekuzvichenura sezvo Iye akachena. Zviro izvo vakange vachivenga kare zvino wave kuzvida; zviro izvo vakange vachida kare zviro wave kuzvivenga. \aidada ne kuganza wave vakapfava nevanozvirereka mumwoyo. Ve nhando nevanozvidza wamwe nepfungwa dzakadzika havachadi kubudirira zita. Vararadzi vasvinura ne vanogara munezvakaipa nguva dzese vachena. Tsika dze nhando dze nyika dzaisva kurutivi. Ma Kristu haatsvaki "kushonga kwekunze," asi "kwe munhu akasvisva ve mwoyo, mu izvo zvisingavori, zve mweya vakapfava ne vakanyarara." 1 Pita 3: 3, 4.

Hapana umbovo hunovonekwa hwekupinduka chaiko kunze kwekuti husande kupindura. Kana akadzosa zve rubatsiro, akadzosera zve izvo akange apamba, akarevurura zvitadzo zvake, akada Mwari ne hama dzake, munyangadzi angave ne chokwadi chekuti apfuura kubva mukufa kuenda mu upenyu.

Apo isu se vanhu vanokanganisa, vanoita zvitema, tichiuya kuna Kristu tichiva vakoverwi ve ruregerero rwe tsitsi dzake, rudo runokura mu mwoyo. Vese mutoro unoreruka; ngekuti joki iro Kristu anoisa nrinyore. Basa rinova rerufaro, nekuzvipira kunova kunofadza. Nzira yakange ichivonekwa pakutanga sekunge yakapfekedzva ne dima inozopenya ne maranzi anobva ku zuva re Kururama.

Kunaka kwe chimiro cha Kristu kuchazo vonekwa kune vateveri Wake. Kwaive rufaro rwake kuita kuda kwa Mwari. Rudo kuna Mwari, simba rekuchamira Mbiri Yake, ndiro raive simba raitonga [43] upenyu hwa Muponesi vedu. Rudo rwakanatsa rukapa ushe muzviito zvake zvese, rudo ngerwa Mwari. Mwoyo usina kuyeresva haunga goni kuva narwo. Runovanikwa mu mwoyo umo Jesu anotonga. "Tinomuda zvo akatanga kutida." 1 Johane 4: 19, R.V. Mumwoyo

vaitwa mutsva ne tsitsi dze denga, rudo ndivo mutemo verusando. Runonatsiridza chimiro, uchitonga zvinokurumidzirwa ne mwoyo, ruchi dziva hasha, nekupedza u mhandu, ruchi kudza mu ushe. Urwo rudo, ruchichengetwa mu mweya, runonatsa upenyu, ruchiparadzira mweya vakasambidzika kune wese vakakutenderedza.

Pane kukanganisa kuviri uko vana va Mwari — zvikuru avo vachikuvamba kusimbira mutsitsi dzake — vakafanira kuzvichengeta. Chekutanga, icho tambotaura kare, kunangisa mabasa avo, kusimbira kune zvese izvo vanogona kuita, kuti vazviunze mukukwadzana na Mwari pachavo mbune.. Uyo anoedza kuzviyeresa pachake mbune nge mabasa ake ekuchengeta mutemo arikuedza kuita chiro chisingaitiki. Zvese izvo munhu anoita asina Kristu zvakasvipisva ne mbayo ne chitema. Itsitsi dza Kristu chete, kubudikidza ngekudaira, dzinga tiite vatsvene.

Kukanganisa kwakapesana naikoko asi kune ngozi vo kudaira kuna Kristu uko kunoita vanhu vasununguke mukusachengeta mutemo va Mwari; kuti zvino izvo ngerudaviro chete tichiva vakoverwi ve tsitsi dza Kristu, mabasa edu haanei ne ruponeso rwedu.

Asi vona apa kuti kuterera basi handichiratidzo chekubvuma kwekunze chete, asi rusando rwe rudo. Mutemo va Mwari ndiko kutaura kwe chimiro chake chaicho; ndivo munhu ve mutemo wake mukuru ve rudo, kubvira ipapa ndipo pane nheyo ye Hummende yake ye kudenga ne pasi. Kana mwoyo yedu ikaitwa mitsva mu mufananidzo va Mwari, kana rudo rwe denga rukadyarwa mu mweya, mutemo va Mwari haungatakurwi muupenyu here Kana mutemo ve rudo vadyarwa mu mwoyo, nekunge munhu aitwa mutsva mu mufananidzo va Iye akamusika, chitenderano chitsva chinonga chazadzisva, “Ndinoisa mitemo yangu mu mwoyo yavo, ndino inemba mupfungwa dzavo.” Mahebru 10: 16. Zvino kana mitemo yanembwa
[44] mu mwoyo, haigadziri upenyu mu mamiriro kwavo here? Ruterero — rusando ne rukudzo rwe rudo — ndicho chivoneso ehe chokwadi ehe udzidzi. Ndizvo Tsamba inoti, Urwu rudo rwa Mwari, rwekuti tichengete mitemo Yake.” Uyo anotaura kuti ndinomuziva, asingachengeti mitemo Yake, ari munyepi, idi hariri kuna iye.” 1 Johane 5: 3; 2: 4. Pachinzvimbo chekusunungura vanhu kubva mukuterera, rudaviro, basa, runotiita tive vakoverwi ve tsitsi dza Kristu, dzinotiita tive ne ruterero.

Hativani ruponeso ngekuterera kwedu; ngekuti ruponeso chipo chakasununguka ehe pachena cha Mwari, chinotambirwa ngerudaviro. Asi ruterero muchero ve rudaviro. “Munozivakuti vakavonisva kuvonisva kuzobvisa zvitema zvedu; hakuna chitema kuna Iye. Uyo anogara kuna iye haaite chitema: uyo anoita chitema haasaka muvona, haasakamuziva.” 1 Johne 3:5, 6. Uku ndiko kuedzva kwechokwadi. Kana tichigara kuna Kristu, kana rudo rwa Mwari ruchigara kunesu, kunzva kwedu, pfungwa dzedu, zviito zvedu, zvinozokwadzana nekuda kwa Mwari sezvinotaurwa mu mitemo ye mutemo Unoyera. “Vapwere, musanyengedzve nge munhu; uyo anoita zvakarurama akarurama, sezvo Iye akarurama. 1 Johane 3:7. Kururama kunotsanangurwa nge mamiriro e mutemo vaMwari unoyera, sekutaurwa kwe mu mitemo gumi yakapiva pa Sinai.

Urwo runonzi rudaviro runosungira munhu mubasa re kuterera Mwari, handi rudaviro, asi rwekufungidzira chete. “Zvo makaponesva nge tsitsi, nge rudaviro.” Asi rudaviro, kuti rusina mabasa rwakafa.” Maefesu 2: 8; Jakobe 2: 17. Jesu akati pachake, kutanga asati auya pano pasi, “Ndinofara kwazvo kuita kwenyu, Mwari wangu, zvirokwazvo, Murairo venyu uri mu mwoyo mangu.” Mapisarema 40: 8. Zvino kutanga zve asati akwira kudenga akadaidzira, “Ndakachengeta mitemo ya Baba wangu ndichigara murudo Rwake.” Johane 15: 10. Tsamba inoti, “Nge izvi tinoziva kuti tinomuziva, kuti tichichengeta mitemo Yake. . . . Uyo anotaura kuti anogara kuna Iye, vakafanira kufamba iye mbune sezvo akafamba.” 1 Johane 2: 3-6. “Zvo Kristu akati tambudzikira, achiti regera muenzaniso, kuti titevere tsoka dzake ” Pita 2: 21. [45]

Mamiriro eupenyu usingagumi achakangodaro sezvo akange akaita kare —sezvo zvakange zvakandoita mu Paradise kutanga kwe kuputsika kwe vabereki vedu ve kutanga — kuterera kwakaperera ku mutemo va Mwari, kururama kwakaperera. Dai upenyu husingaperi hwakapiva pasina izvi, rufaro rwe zviro zvese zviripo pasi nekudenga runodai ruri mu ngozi. Nzira yechitema inodai yakazaruka, ne mudungwe vayo vese ve nhamo ne matambudziko, yekuti zvisafe.

Zvaigona kuitika kuna Adamu, kutanga kwekuputsika kwake, kuti aumbe chimiro chakarurama ngekuteerera mitemo ya Mwari. Asi akatadza kuzviita izvi, zvino pamsana pechitadzo chake zvimiro zvedu zvaputsika, haticha kwanisi kuzviruramisa. Zvino izvo tiri vanyangadzi, vasingayeri, hatingagoni kunyatso terera mutemo un-

oyera. Hatina kururama kuri kwedu mbune kwe kusangana nako nemutemo va Mwari. Asi Kristu akati itira nzira yekutiza nayo, zvino arikuzvipira kuti atore zvitema zvedu Iye atipe kururama kwake. Kana uka zvipira kuna Iye, uchi mugashira sa Muponesi wako, zvino kana upenyu hwako, hwange hurivekutadza sei, nemhaka Yake unozoitwa akarurama. Chimiro cha Kristu chinomira munzvimbo yechako, ive vogashirwa pamberi pa Mwari sekunge usina kumbo tadza.

Kupinda izvi, Kristu anopindura mwoyo. Anogara mu mwoyo wako nge rudaviro. Ive unozochengeta uku kubatana na Kristu nge rudaviro nekuramba uchizvipira kuda kwake kwa Ari; kana uchiita izvi, anozo sanda kuneve kuti ude nekuita zvakanaka zvinofadza Iye. Ndizvo ungati, “Upenyu uhwo ndinogara munyama zvino, ndinowugara nge rudaviro kune Murumbwana va Mwari, vakandida akazvipira ini. Magarati 2: 20. Ndizvo Jesu akati kune vadzidzi Wake, “Ngekuti handimi munotaura, asi Mudzimu va Baba venyu unotaura panemwi.” Mateyu 10: 20. Zvi-no na Kristu achisanda kunemwi, munozovonesa mweya vakafanana ne mabasa akafanana — mabasa ekururama, ruteerero.

Zvino hatina icho tingaganze nacho isu. Hatina nzvimbo yekuzvikudza isu. Nzvimbo yedu ibasa rekusimbira chete mukururama kwa Kristu uko takapiva, ne uko kunoitwa ne Mudzimu
[46] uchisanda mukati ne kuburikidza kwatiri.

Kana tichitaura nezve rudaviro, pane chiri chikuru chakafanira kuchengetwa mupfungwa. Pane rudzi rwe chitendero chakapesana zvinovonekwa ngekuzara kubva murudaviro. Kuvapo kwe simba ra Mwari, chokwadi ehe Izvi Rake, zviri idi rekuti kana Satani ne mbiri yake haanga zvirambi pamwoyo. Baiberi rinoti, “mashavi zve anodavira, adedera.” (Jakobe 2: 19); asi urwu handi rudaviro. Apo panonga pasina rudaviro basi mu Izvi ra Mwari, asi kuzviisa pasi pekuda kwake; apo mwoyo unopirwa kwa Ari, rudo ruchiisva kwaari, pane rudaviro — rudaviro runosanda rudo, ruchichenura mweya. Kuburikidza nge rudaviro urwu mwoyo unoitwa mutsva mu mufananidzo va Mwari. Zvino mwoyo uyo unonga usingadi kuteerera mutemo va Mwari kana usina kuitwa mutsva, zvino wave kufara mu mitemo unoyera, uchidaidzira pamwe ne muimbi, “Haiva, ndoda muravu wenyu seiko! Ndicho chandinofungisisa zuva rose.” Mapisarema 119: 97. Kururama kwe mutemo

kuno zadzisva kunesu, "vasingafambi ngekwe nyama, asi vachifamba nge Mudzimu." Maroma 8:1.

Kune avo vakaziva ruregerero rwe rudo rwa Kristu, vanodisa chaizvo kuti wave vana va Mwari, asi vachivona kuti zvimiro zvavo hazvina kuperera, upenyu hwavo hwune mhosva, vogadzirira kupokana kuti zvimwe mwoyo yavo yaitwa mitsva here ne Mudzimu Unoyera. Kune vakadaro ndinoti, regai kudzokera sure ngekupererwa ne rusimbiro. Nguva zhinji tichazo pfugama pasi tichi chema pamakumbo a Jesu pamsana pekusa-kwanira kwedu nekutadza kwedu; asi tisapererwe ne simba. Kana tanyanya kukurirwa ne mhandu, hatina kurasva, hatina kusiiva kana kurambwa na Mwari. Akadaro Johane anodikanwa, "Ndiri kumunyorerai izvi zviro kuti musaite chitema. Kuti mumwe munhu achiita chitcma, tine Murevereri kuna Baba, Jesu Kristu vakarurama." 1 Johane 2:1. Musakanganwe mazvi a Kristu, "Zvo Baba achimuda Iye mbune. Johane 16: 27. Anoda kumudzoserai kuna iye mbune, kuti avone kuchena kwake nekuyera kwake kuchipenya kwamuri. Zvino kana mukazvipira kwa Ari, Iye akavamba basa rakanaka kunemwi anozo-rifambisira mberi dakara pamusi va Jesu Kristu. Namatai makasimbirira; davirai ngekuzara. Apo tisingacha simbiri simba redu, ngatisimbire simba ra Mununuri, ndizvo tichamukudza Iye [47] anova ndiye upenyu hwe kumeso kwedu.

Kunyanya kusedera uko unoita kuna Jesu, unozo zvivona zvikuru mhosva yako mu maziso ako; ngekuti chiratidzo chako chmozovoneseka pachena, nekusaperera kwako kunozovonekwa ngekupamhama kukuru pakuenzanisa ne kuperera kwechimiro Chake. Uvu ndivo umbovo hwekuti kunyengedza kwa Satani kwarasikirwa ne simba rake; kuti mweya unomutsa ve Mudzimu va Mwari urikukumutsa.

Hapana rudo rwakadzama rwa Mwari rungagare mu mwoyo usingavoni kunyangara kwavo. Mweya unongavapindurwa ne tsitsi dza Kristu unozo tarisa ngekufadzva chimiro chake chekudenga; asi kana tisingavoni urema hwe zviito zvedu zvekunatsa, umbovo husingakanganisiki hwekuti hatisati tavona kunaka ne kururama kwa Kristu.

Kana tikazvifunga zvishoma isu, tinozofunga zvikuru ne kuchena kusingaperi ne kunaka kwa Muponesi vedu. Kuzvivona kuipa kwedu kunoti tinhira kuna Iye anogona kuregerera, apo mweya uchinge vazvivona kushaya simba kwavo. Apo pfungwa dzedu

nekushaya kwedu kuchinyanya kutitinhira kuna Iye ne ku Izvi ra Mwari, tinozova nepfungwa dzakatunhidzva dze chimiro chake,
[48] tinozobva tapenya tichipangidza nge kuzara mufananidzo Wake.

KUKURA MUNA KRISTU

Kupinduka kwe mwoyo uko tinova nako vana va Mwari kunotaurwa mu Baiberi se kubarwa. Zve kuno enzanisva sekumera kwe mbewu dzakadyarwa ne murimi. Saizvozvo avo vachikuvamba kupindukira kuna Kristu vakaita se "vana va cheche vachikuberekwa" va chakura. 1 Pita 2: 2; Maefesu 4: 15. Mu munhu ve murume kanamukadzi muna Kristu Jesu. Kana se mbewu yakanaka yakadyarwa mu munda, vachakura vachibereka michero. Isaya anoti, "Vachazonzvi miti yakarurama, chakasimwa cha Jehova, kuti Iye akudzve." Isaya 61: 3. Ndizvo mienzaniso inotorwa kubva pamagariro ekuberekwa, kuti tinzvisise kuvandika kwe idi re upenyu hwe mweya.

Kuziva kwe munhu kwese kana kugona kwake hakungagone kuita upenyu mu mubarirwo ve chiro kana chiduku zvacho. Asi kuburikidza nge upenyu hwa Mwari chete uhwo Iye akapa kuti chidyarwa kana mhuka zvipone. Zvino zve kuburikidza nge upenyu hwa Mwari chete apo upenyu hwe mweya vunga vanikwe mu mwoyo ye vanhu. Kunze kwe kuti munhu a "barwe nge zvekudenga." (Johane 3: 3 kumucheto.) Haangavi mukoverwi ve upe-nyu uhwo Kristu akauya kuzopa.

Zvakaita upenyu, ndizvo zvakaita kukura. Ndi Mwari anoita pfumvudza itumbuke ne ruva riite muchero. Isimba rake rinoita muchero ukure, pakutanga muningwi, mumasure mezvi mwonzora, masure mezvi mapfunde mazhinji." Marka 4: 28. Muprofeta Hosea anoti nezva Israeri, 'vachakura se ruva, vachararama se zviyo, nekutunga maruva semuzambiringa." Hosea 14: 5, 7 Jesu anoti kumbira kuti "tifunge nge maruva esango kuti anokura sei." Ruka 12: 27. Zvidyarwa ne maruva zvinokura kusikuti pamsana pekuzvichengeta kwazvo kana kuchenjera kwazvo kana s.imba razvo, asi ngekugashira izvo Mwari anonga apa kuti zviponese upenyu hwazvo. Mwana mucheche haanga goni kuvedzera hunhu hwake ngekutamburira kana nge simba rake. Kana neve haungazviiti, kuti ngekutamburira ne kuedza kwako, uvane ku- kura nge mweya. Chidyarwa, [49]

mwana mucheche, zvinokura pamsana pekuvana zvakaenzanira upenyu hwazvo mune zvakazvi tenderedza — mweya, zuva, nekudya. Izvi zvipo zvekubarwa kumhuka nekuzvidyarwa, zvakaita sa Kristu izvo akaita kune avo vanomusimbira. Achazova "kupenya kusingaperi zuva ne nhovo." Isaya 60: 19; Mapisarema 84: 11. Achava se "dova kuna Israeri." Achadzika iye se mvura pa usva vakagurirwa. Hosea 14: 15; Mapisarema 72: 6. Iye imvura ye upenyu, "Chinkwa cha Mwari . . . kubva kudenga unopa upenyu kune pasi." Johane 6: 33.

Muchipo chisinga yenzanisvi che Murumbwana Wake, Mwari akatenderedza pasi rose ne kugara kwe tsitsi, sechokwadi chine mweya unotenderedza pasi. Vese vanosarudza kufema rugare runopa upenyu urwu vachazo pona, vachikura munhu ve varume vakuru ne vakadzio kuna Kristu Jesu.

Sezvo ruva richitenderukira kuzuva, kuti maranzi anopenya avedzere kuperera kwe kunaka kwaro nekufanana, ndizvo takafanira kutenderukira ku zuva re Kururama, kuti kupenya kwe kudenga kupenye kwatiri, kuti zvimiro zvedu zvikure mu mufananidzo va Kristu.

Jesu anodzidzisa chiro chakafanana apo anoti, "Garai kuneni, neni kunemwi. Sezvo nhavani isinga kwanisi kubara michero yega, kuti isinga gari mu vine; ndizvo hamungabari kuti musingagari kuneni. . . . Zvo musingakwanisi kuita chiro kuti musi neni." Johane 15:4, 5. Makasimbira kuna Kristu kuti mupone upenyu vutsvene, se zvakaita nhavani pakubereka nekukura pamuti apo yakatunga. Kunze kwake hamuna upenyu. Hamuna simba rekudzivirira kuedzva kana re tsitsi ne kuyera. Garai kuna Iye munozo kura. Muchitora upenyu venyu kwa Ari, hamuzowuni kana kusabereka. Munozova se muti vakadyarwa pedyo ne ndwizi dze mvura.

Vamwe vazhinji vanepfungwa dzekuti vangaite basa pachavo vega. Vasimbira kuna Jesu nge ruregerero rwe chitema, asi zvino wave kutsvaka nge simba ravo kugara nge kunaka. Asi kwese kuyedza kwakadaro kwakafanira kutadza chete. Jesu anoti, "Zvomusingakwanisi kuita chiro kuti musineni." Kukura kwedu mutsitsi,
[50] rufaro rwedu, kuva ne basa kwedu — zvese zvakasimbira pakusangana kwedu na Kristu. Kukwadzana kwedu Naye, mazuva ose, nguvadzese ngekugara muna Iye uyo takafanira kukura mutsitsi. Haasi muvambi chete asi mupedzisi zve ve rudaviro rwedu. Ndi

Kristu pakuvamba ne pakuguma ne nguva dzose. Akafanira kuva nesu, kusiri pakuvamba kana pakuguma kwe rwendo rwedu, asi pakutsika kwedu kwese munzira. Davidi anoti, "Ndakaisa Jehova pamberi pangu nguva dzose: zvo ari kurudyi rwangu handingazungunuki." Mapisarema 16: 8.

Munobvunza here kuti, "Ndingagare sei muna Kristu?"— Munzira iyoyo yavakamutambira nayo kutanga. "Sezvo makagashira Kristu Jesu Tenzi, fambai kuna Iye." "Asi vakarurama vanopona nge rudaviro." Wakorosi 2: 6; Mahebru 10: 38. Vakazvipira kuna Mwari, kuti uve Wake ngekuperera, kumusandira nekumuterera, ukatora Kristu sa Muponesi wako. Hausaigona kuripa zvitema zwako kana kupindura mwoyo wako; asi apo vakazvipira kuna Mwari, vakadayira kuti Iye pamsana pa Kristu akakuitira izvi svese ive. Ngerudaviro vakava va Kristu, ndizvo nge rudaviro vakafanira kukura muna Iye ngekupa nekutora. Wakafanira kupira zvese — mwoyo wako, kuda kwako, rusando rwako — zvipire ive kuna iye kuterera zvese izvo anoda; vakafanira kutora zvese — Kristu kuzara kwe zvikomborero zvese, kuti zvigare mumwoyo wako, kuti zvive simba rako, kururama kwako, mubatsiri wako asingaperi — kukupa simba rekuterera.

Zvipire kuna Mwari mangwanani; ita izvi zvive basa rako rekutanga. Munamato wako ngauve, "Nditorei, O Jehova, ndive venyu vakaperera. Ndinoisa mazano angu pamakumbo enyu. Ndisandisei nhasi murusando rwenyu. Garai neni, muite basa rangu rese rive kunemwi. Iyi inyaya ye mazuva ese. Mangwanani ese zvipire kuna Mwari kwe zuva iroro. Pira ose mazano ako kuna Iye, kuti aitwe kana apedzisve se kuda uko anonga apangidza Iye. Naizvozvo zuva nge zuva unonga urikupira upenyu hwako mu mavoko a Mwari, ndizvo upenyu hwako hwunozo umbwa zvakanyanya se upenyu hwa Kristu.

Upenyu kuna Kristu upenyu muzororo. Hakungavipo kuzvinzva kune simba asi kwakafanira kuva ne kugara, kwe rusimbiro rwe runyararo. Rusimbiro rwako harusi kwauri; ruri kuna Kristu. [51] Unyoro hwako hwakabatanidzva ne simba Rake, kusaziva kwako kwabatana ne uzivi Hwake, hundonda hwako kune kusimba Kwake kukuru. Ndizvo chirega kuzvinangisa ive, usarege mutondero ugare pakuzvifunga ive mbune, asi unangise kuna Kristu. Rega mutondero ugare pa rudo rwake, kunaka, kuperera, kwe chimiro chake.

Kristu pakuzvi-ramba kwake, Kristu pakuderedzva kwake, Kristu mukuchena nekuyera kwake, Kristu murudo rwake rusingaenzanisvi — iyi inyaya yekufunga ne mweya. Kumuda iye, kutevedzera iye, kusimbira kuna Iye mune zvese, apo munozo-pindurirwa mu mufananidzo Wake.

Jesu anoti, "Garai kuneni." Aya mazvi anoti udza zororo, kugadzikana, rusimbiro. Zvakare anoti koka, "Wuyai kunei . . . ndinomupai zororo." Mateyu 11: 28, 29. Mazvi emuimbi anotaura pfungwa dzakafanana zve: "Nyarara pamberi pa Jehova, umurindire unyerere." Na Isaya anotipa chisimbiro, "Pakunyarara nepakutenda, ndipo pachava ne simba renyu." Mapisarema 37: 7; Isaya 30: 15. Uku kuzorora hakuvanikwi mukusaita chiro; ngekuti mukukoka kwa Muponesi chitsidzo chezororo chakasanganisva ne kudaidzira kwe kuita basa: "Torai joki rangu . . . munovana zororo" Mateyu 11: 29. Mwoyo unozorora ngekuzara kuna Kristu unozo musandira ngekusimba nekudairika mubasa Rake.

Kana pfungwadzikagara pakuzvifunga, dzinofuratira Kristu, Muvambi vesimba ne upenyu. Kubvira ipapo rave simba ra Satani rekuramba achifuratirisa pfungwa kubva kuna Muponesi, ndizvo odzivirira kusangana nekukwadzana kwe mweya na Kristu. Rufaro rwe nyika, utsanana hwe upenyu ne kukangaidzika ne urombo, mhosva dze vamwe, kana mhosva dzako mbune ne kusaperera — kune chimwe kana zvese zve zviro izvi anozotswaka kutsausa mutondero wako. Usatsausve ne mazano ake. Vazhinji vanepfungwa kwadzo, vanoda kupona kuna Mwari, anovanzo vatungamirira kuti vagare vachinetsva ne mhosva dzavo neunyoro hwavo, ngekuvatsaura kubva kuna Kristu, anokarira kuvana kukunda. Tisazviite isu chiro chekunyanya kufunga zvikuru, tizvipire kugara tine hana ye kutya kwe kuti zvimwe tichaponesva here. Zvese izvi
[52] zvinotenderudza mweya yedu kubva kutsime re simba redu. Pira kuchengetwa kwe mweya wako kuna Mwari, usimbire kuna Iye. Taura nekufunga nezva Jesu. Zvekuzvifunga ive ngazvirasikire kuna Iye. Rasa kupokana kwese; dzinga kutya kwako. Iti na mupostori Pauro pamwe, "Asi ndiri kupona; asi handini, asi ndi Kristu anopona kuneni: upenyu uhwo ndinogara munyama zvino, ndinowugara ngerudaviro kune Murumbwana va Mwari, akandida, akazvipira ini." Magarati 2: 20. Zorora kuna Mwari. Anokwanisa kuchengeta izvo

unonga vamupira Iye. Kana ukazvipira mu mavoko Ake, anozokuita mukundi kupinda vakundi kuburikidza na Iye akakuda.

Apo Kristu akatora mugariro ve munhu akasungira hunhu kwa Ari chisungo che rudo chisinga-dimburwi ne rimwe simba kunze kwe kusarudza kwe munhu pachake mbune. Satani anozoramba achiedza kuti anyengedze nge zviro izvo anotipangidza kuti tityore chisungo ichi — kusarudza kuzvitsaura kubva kuna Kristu. Apa ndipo takafanira kungwarira, kurwisa, kunamata, kuti pasave ne chimwe chinotinyengedza kuti tisarudze mumwe tenzi; ngekuti nguva dzese takasununguka kuita izvi. Asi ngatigare maziso edu akanangisa kuna Kristu, Iye anozoti chengeta. Pakunangisa kuna Jesu, tinopona. Hapana chingati bvute kubva mu mavoko Ake. Mukumunangisa nguva dzese, tiri "kusandurwa mu mumwe mufananidzo mumbiri ne mbiri, sa Tenzi mu Mudzimu." 2 Waro-rinte 3: 18.

Ndiyo nzira iyo vadzidzi vakavana nayo mufananidzo wavo va Muponesi anodikanwa. Apo vadzidzi avo vakanzva mazvi a Jesu, vakanzva kumushaya kwavo. Vakatsvaka, vakavana, vakamutevera. Vakange vanaye mumba, patafura, pakavandika, ne mu munda. Vakange vanaye sevadzidzi vane mudzidzisi wavo vachxgashira mazuva ese kubva pamuromo wake mazwi ezvidzidziso zvedi zvinoyera. Vakanangisa kwa Ari, se varanda va tenzi avo kuti vadzidze basa ravo. Ava vadzidzi vakange vari varume "vakafanana nesu." Jakobe 5: 17. Vakange vaine dzivo (kurwa) rakafanana nesu rekurwa ne chitema. Vaitsvakavo mutsa vakafanana kuti vagare upenyu hunoyera.

Kana Johane, mudzidzi anodiva, anovandiye ayipansidza zvikuru kufanana na Muponesi, akange asina pakubarwa kwake chimiro chakanaka chakadaro, akange asingaedzi kuzvimanikidza [53]
nekuzvikwidziridza kuti avane rukudzo chete, akange aine chinya nekutsamwira zviro zvinomukuvadza. Asi sezvo chimiro cheve Kudenga chakavonesva kwaari, akavona kutadza kwake, akativisva ne kuziva izvozvo. Simba nekutiva, simba ne kupfava, ushe nekunyorova, izvo akavona mu upenyu we misi ye Murumbwana va Mwari, zvakazadza mweya wake nekukanuka ne rudo. Zuva nge zuva mwoyo wake vakapfuvirwa kuna Kristu, dakara akarasikirwa ne mweya vekuzvifunga iye pamsana perudo rwake kuna Tenzi wake. Mwoyo wake vekuvenga, nekuva nechinya vakapirwa kune simba ra

Kristu rinoumba. Mweya ve Mudzimu Unoyera unomutsidzira vakamutsidzira patsva mwoyo wake. Simba re rudo rwa Kristu rakaunza kusanduka kwe chimiro. Izvi ndizvo zvinovonekwa pakusangana na Jesu kwedi. Kana Kristu akagara mu mwoyo, chimiro chekuberekwa chese chinosanduka. Mudzimu va Kristu, rudo Rwake, zvinonyorovesa mwoyo, nekukurira mweya, zvomutsa pfungwa nekuda Mwari ne denga Rake.

Apo Kristu akakwira kudenga, pfungwa dzekuvapo kwake dzakandonga dzirikune vateveri Wake. Kwakange kuri kuvapo kwake kuzere ne rudo ne kupenya. Jesu, Muponesi, uyo akange afamba nekutaura navo nekunamata navo, uyo akange ataura nge rusimbiro ne runyaradzo mu mwoyo yavo, akati, ipapo soko re runyararo richi pamuromo Wake, akatorwa kuenda kudenga kubva kwavari, zvino maungira ezvi Rake akadzoka kwavari, sezvo gore re ngerosi rakamugashira, "Wonai ndinemwi nambwe dzose, dakara pakuguma kwe pasi." Mateyu 28: 20. Akange akwira kudenga mu mamiriro e munhu. Vakaziva kuti ari pamberi pechigaro cha Mwari, ari Shamwari yavo na Muponesi wavo basi; nekuti tsitsi dzake hadzisanduki; nekuti achirikundo fananidzva nekutambudzika kwe munhu. Akange arikupangidza pamberi pa Mwari kukodzera kwe ropa Rake rinokosha, achipangidza mavoko Ake nemakumbo zvakakuvadzva, muchitondedzo che mutengo uyo akanpira Wake vakaponesva. Vakaziva kuti akakwira kudenga kundovagadzirira nzvimbo, nekuti achadzoka zve, kuzovatora kuti wave kwa Ari.

Apo vakasangana pamwe mu masure mekukwira, vakange
[54] wavekuda kwazvo kuunza zve izvo vaida kukumbira pamberi pa Baba kuburikidza mu zita ra Jesu. Nge rukudzo rukuru vakakotama mu munamato, vachipamba chisimbiso. "Zvese izvo munokumbira Baba muzita rangu, anomupa izvo. Hamusati makumbira chiro muzita rangu: kumbirai munogashira, kuti kugara kwenyu kuzare." Johane 16: 23, 24. Vakatambanudzira ruvoko rwe rudaviro kumusoro ne kumusoro ne nharo zvikuru, "Asi Kristu vakafa, hunde akamuka zve, ari parudyi rwa Mwari, anoti namatira." Maroma 8: 34. Pentekosti yakava unzira kuvapo kwe Munyaradzi, uyo akange anzvi na Kristu, "zvo anogara nemwi." Akange amboti zve "Kwakafanira imwi kuti ndiende, Munyaradzi haauyi kunemwi; asi kuti ndikaenda, ndinomutuma kunemwi." Johane 14: 17; 16: 7. Kubvira ipapo kuburikidza nge Mudzimu, Kristu akange achizogara

mu mwoyo ye vana Wake. Kukumbana kwake navo kwaizopinda munguva idzo akange ainavo pano. Kupenya, rudo, ne simba rinogara mukati mavo ra Jesu rakapenya kuburikidza navo, zvikaita kuti vanhu, vakavona, "vakashama; vakaziva kuti vakange vagara na Jesu." Mabasa 3:13.

Sezvo Kristu akange akadaro kune vadzidzi vekutanga, anoda kuti ave akadaro zve kune vana Wake vanhasi; ngekuti mu munamato uyo vekugumisira, aine kachita kaduku ke vadzidzi vakamutenderedza, akati, "Handikumbirira ava bedzi, asi avo vanodavira kuneni nge izvi ravo." Johane 17: 20.

Jesu akati namatira, akatikumbira kuti tive mumwe Naye, sezvo Iye ari mumwe na Baba Wake. Kukumbanai kwakadari! Muponesi akati ngezvake mbune, "Murumbwana haangaite chiro ega; asi Baba uyo anogara kuneni, anoita mabasa." Johane 5: 19; 14: 10. Ndizvo kana Jesu achigara mu mwoyo yedu, anozosanda mukati medu "kuda ne kuita rufadzo rwake." Wafilipi 2: 13. Tinozoshanda sezvo iye akashanda; tinozo-vonesa mweya ivoyo vakafanana. Naizvozvo, tichimuda nekugara kuna iye, tichazo "kura muzviro zvese kuna Iye, ari musoro, Kristu." Waefesu 4: 15. [55]

"Apo ndino tondera, muchinjiko va M'ponesi;
Zviro zvangu ndinoshora, zvese'zvo hazvibatsiri.

"Wona maropa anobva, Musoro, diti, mawoko:
Hakuna rudo rumwe ba, Ne urombo wakadaro.

Kana ini ndakashata, Ndasunungurwa na Iye.
Chiro chimwe handichadi, Asi muchinjiko Wake.

"Kuti ndiri nazvo zvese, Zviri chipo chiduku zve:
Urwo rudo rwakadaro, Runoda upenyu wese."

Isaac Watts

[56]

BASA NE UPENYU

Mwari ndiye muvambi ve upenyu nekupenya nerufaro mu pasi rese ne denga. Se maranzi ekupenya kunobva kuzuva, se ndwizi dze mvura dzino buda kubva mu chisipiti chinopona, zvikomborero zvinoverera zvichibva kuna Iye kuenda kune zvisikwa zvake zvese. Ne kwese uko rudo rwa Mwari ruri mu mwoyo ye vanhu, runozoverera kuenda kune vamwe nge rudo ne chikomborero.

Rufaro rwa Muponesi vedu rwakange ruri mukusimudzira nekuponesa munhu akaputsika. Pamsana pe izvi haana kuvane mhaka ne kukosha kwe upenyu Hwake, asi akashingirira muchinjiko, achishora manyadzo. Ndizvo ngerosi dzinogara dzichisanda kufadza vamwe nguva dzese. Urwu ndirwo rufaro rwadzo. Urwo avo vane mwoyo ye mbayo vangafunge kuti ibasa rakadzikira, kusandira marombe munzira dzese vakadzikira mu mugariro ne zvimiro, ibasa re ngerosi dzisina chitema. Mweya va Jesu vekuzvipira ndivo mweya vakapararira mudenga rose, ndivo mavonekero akanaka erufaro rukuru rwavo. Uyu ndivo mweya vateveri va Jesu vachava navo, ndiro basa iro vachaita.

Kana Kristu aisva munzvimbo tsvene mu mwoyo, se munuhwiri unonaka haunga goni kuvandika. Mweya vawo mutsvene unozonzvikwa ne vese avo tinosangana navo. Mweya va Kristu mu mwoyo vakaita se chisipiti che mvura mu gwenga, chinoverera kusimbisa vese, nekuita avo wave pedyo ne kuparara, vadisise kumwa mvura ye upenyu.

Rudo kuna Jesu runozo vonesva nge kuda kusanda sezvo Iye akashanda, kukomborera ne kusimudzira munhu. Runozotungamirira kurudo, unyoro, ne tsitsi kune zvisikwa zvese zvinochengetwa na Baba vedu vekudenga.

Upenyu wa Muponesi pano pasi vakange husi hwenyore nekuzvipira kwake, asi akasanda nge kuvavarira, nekuda zvikuru, ne simba asinga neti kuti aponese munhu akarasika. Kubvira mumba
[57] ye kudyira ngombe dakara pa Kalvari akatevedza nzira ye- kuzviramba, asakatsvaka kuti asunungurwe kubva mu mabasa anorema,

ne nzvendo dzinorwadza, nekuchengeta mabasa anonetesa. Akati, "Sezvo Murumbwana ve munhu asaka uya kuzonamatwa, asi kunamata, nekupa upenyu Hwake kuti huve chiripo ehe vazhinji." Mateyu 20:28. Ichi ndicho chakange chiri chimwe basi chimiso chikuru mu upenyu Hwake. Zvimwe zvese zvakange zviri zvechipiri mu masure nekubatsira basi. Yakange iri nyama yake ne kumwa kwake kuita rudo rwa Mwari nekupedza basa Rake. Kuzvida nekuzvidza mbune zvakange zvisina divi mu mabasa Ake.

Ndizvo vese avo vari vakoverwi mutsitsi dza Kristu wanozo gadzirira kuita mupiro kana upi kuti vamwe vo avo akafira wave vakoverwi ve chipo chekudenga. Vanozo ita zvese izvo vangagone kuti pasi rinakire kugara kwavo. Mweya ndiko kukura kwekunze kwe mweya unonga vapinduka zvechokwadi. Pekarepo kana munhu achiuya kuna Kristu munobarwa mu mwoyo wake kudisisa unozivisa vamwe kuti ishamwari inokosha iyo avana muna Jesu, idi rinoponesa nerino yeresa haringa goni kupfigirwa mu mwoyo. Kana takapfekedzva ne kururama kwa Kristu, takazadzva zve ne rufaro rwe Mudzimu Wake unogara mukati medu, hatinga goni kunyarara. Kana tambo ravira takavona kuti Jehova akanaka, tinozova ne zvekutaura. Sa Filipi apo akaona Muponesi, tinozo koka vamwe kuti vauye pamberi pake. Tinozo tsvaka kuvapangidza zvinodakadza zva Kristu, ne machokwadi asinga vonekwi epasi richauya. Kunozova nekuda kukuru kwekutevera nzira ya Jesu akafamba. Kunozova nekudisisa kukuru kuti avo vakatitenderedza wavone "Nyenye ya Mwari, inobvisa zvitema zve pasi.

Kuedza kukomborera vamwe kunozosanda mukuti-komborera isu. Iri ndiro rakange riri zano ra Mwari mukutipa divi rekuita muzano re ruponeso. Akapa munhu nguva yekuti ave mukoverwi ve ma miriro ekudenga, zve, rava janha ravo, rekuparadzira zvikomborero kune vamwe wavo. Uru rukudzo rukuru kwazvo, rufaro rukuru kwazvo, kuti zviitike kuti Mwari adzikisire izvi pamsoro pe vanhu. Ndizvo avo vanova ne divi mu mabasa erudo vanounzva pedyo ne Musiki wavo. [58]

Mwari angadai akapa soko re Vangeri, ne basa rese re ufundisi verudo, kune ngerosi dzekudenga. Angadai akaita dzimwe nzira dze kupedzisa basa Rake. Asi murudo Rwake rusingaperi akasarudza kutiita isu vasandi naye pamwe, na Kristu ne ngerosi, kuti tikoverwe

chikomborero rufaro, kusimudzirwa kwe mweya, zvinobva mu ufundisi Hwake husina mbayo.

Tinounzva mukuva ne tsitsi na Kristu pamsana pevunhengo vedu mukutambudzika Kwake. Chese chiito chekuzvipira kune zvakanaka kune wamwe chinosimbisa mweya ve kunatsa mu mwoyo ve mupi, kumubatanidza zvikuru pamwe ne Mununuri ve pasi, uyo, akange akapfuma, asi pamsana pako akava murombo, kuti nge urombo Hwake muve vakapfuma." Basi ngekuzadzisa basa re denga mukusikwa kwedu, upenyu hungave chikomborero kunesu.

Kana uchienda kundobata basa sezvo Jesu akamisira vadzidzi Wake, uwunze mweya kuna Iye, unozonzva uchidisisa kuziva zvekuita kwakadzama ne uzivi ukuru nezve kudenga, unozova ne nzara ne nyotaye kururama. Unozo nyengerera Mwari, rudaviro rwako runozosimbisva, mweya wako unozomwa zvakadzika mutsime re ruponeso. Kana uchisangana nekudzivirirwa ne kuedzva zvino-kutungamirira ku Baiberi ne ku munamato. Unozokura mutsitsi ne uzivi hwa Kristu, unozova nekuziva kwakapfuma kwazvo.

Mweya ve basa rekusatsara wamwe unopa kudzama kudzikama nekunaka kwakaita sekwa Kristu mu chimiro, zvinounza runyararo nerufaro kune anazvo. Pfungwa dze zvakakwirira dzinozosimudzirwa. Hapachina nzvimbo ye unyope ne mbayo. Avo vanosandisa tsitsi dze u Kristu vachakura vachisimba kusanda basa ra Mwari. Vanozova ne kuvona kwakanaka kwe mwey kukura kwakadzikama, kwe rudaviro, nesimba rakatutsirwa mù munamato Mudzimu va Mwari, uchifamba mu mweya yavo unodaidza kukwadzana kunoyera kwe mweya, ichi daira kunzve-nzverwa kwayo ne denga. Ndizvo avo vanozvipira mukuedza kusinga tsari kwe kunatsa kune vamwe, zviro kwazvo varikusandira ruponeso rwavo.

[59] Nzira basi yekukura nayo mutsitsi kusanda usina hanya basa iroro Kristu akasanganisa pamsoro pedu kuita, sekugona kwedu kwese, mukubatsira nekukomborera avo vanotsvaka rubatsiro urwo tingavape. Simba rinouya ngekupfakanyika; kupfakanyika ndivo ma miriro eupenyu. Avo vanoedza kuvana upenyu ve uKristu ngekugashira zvikomborero zvinouya nge nzira ye tsitsi basi, vasina icho vanoitira Kristu, varikuda kuedza kupona nge kudya chete vasinga zvisevenzeri izvozvo. Zvino mu mweya vose munyika yekusikwa, izvi nguva dzese zvinovanzo guma nekudzikira ne kuvora. Munhu anoramba kusandisa nhengo dzemuviri wake

anozozvivona ngekukasika arasikirwa nesimba rekudzisandisa zve. Ndizvozvo mu Kristu asina sandisi simba rekupiva na Mwari, haatadzi kukura kuna Kristu basi, asi anorasikirwa ne simba iro ange ayinaro kutanga.

Sangano ra Kristu mu miriri akasarudzva va Mwari muruponeso rwe vanhu. Basa raro ngerekufambisa vangeri mu pasi rese. Mutoro uyu uri kune mu Kristu vese. Munhu vese sepanosvikira tarenda ne nguva yako, kuzadzisa murairo va Muponesi. Rudo rwa Kristu, ruchiratidzva kunesu, runotiita tive ne mungava kune avo vasinga-muzivi. Mwari akatipa kupenya kuti kusave kwedu tega, asikuti tikupe kwavari.

Dai vateveri va Mwari vakamuka pabasa, kungadai kuine makumi emazana panzvimbo pane mumwe chete nhasi, vachitaura vangeri kunyika dze vasinga dairi. Ne avo vanonga vasinga goni kuita basa pacharo vanga gone kurisimudzira ngedzimwe nzira dzavo, tsitsi dzavo, neminamato yavo. Kungave ne basa zhinji kwazvo re mweya munyika dze ma Kristu.

Hazvidikanwi kuti tidzikane tiende kure kune dzimwe nyika kana kubva pa nhanga ye pamusha pedu, kana basa redu paripo pariri, kuti tisandire Kristu. Tingagone kuita izvi pamusha pakare, musangano, pakati pe avo takarovedzerana navo, ne avo tinoita navo basa redu re kunze.

Divi guru re upenyu hwa Muponesi vedu rakapedzerwa mubasa rinorema rekuzvirereka mu imba ye kuvezera mu Nazareta. Ngerosi dzinosanda dzakange dzakanangisa upenyu hwa Tenzi apo akange achifamba divi ne divi pamwe nekuvengana ven-
gana nevarombo nevabati ve basa, asingazivikanwi kana kukudzva. [60]
Akange arikuzadzisa basa Rake apo ayisanda pabasa Rake rakadzikira se apo ayi rapa vanorwara ne apo aifamba pamsoro pe mananda anehasha enyanza ye Garire. Ndizvo, mumabasa ekuzvir-ereka ne nzvimbo dzakadzikira dze upenyu, tinga fambe ne kusanda na Jesu.

Muponesi anoti, “Vanhu vese, apo vakadaidzva, ngavagare na Mwari. 1 Wakorinte 7: 24. Munhu ve basa angaite basa rake nge nzira ingatunhidze, Tenzi wake pamsana pekudairika kwake. Kana arimuteveri ve chokwadi va Kristu, anozo takura rutendo rwake mune zvese zvinoitwa, avonese vanhu Mudzimu va Kristu. Mu-gadziri ve micheni angave mumiriri anesimba ne anodairika kuna

Iye akafamba zvinorema munzira dzakadzikira dze upenyu pakati pe makomo e Garire. Vese uyo anotaura zita ra Kristu akafanira kusanda ne nzira inoti, vamwe ngekuona mabasa ake akanaka, vatungamirirwe mukuvirikidza Musiki wavo ne Mununuri.

Vazhinji vakazvibvisa mukupira zvipo zvavo kurusando rwa Kristu ngekuti vamwe vane zvipo zvakakwirira ne zvibatidzo zvakanaka. Pfungwa dzichibva dzasimba dzekuti chete avo vane matarenda akasarudzva ndivo vakafanira kupira kugonakwavo murusando rwa Mwari. Zvadakara zvikanzvisisva ne vazhinji sekuti matarenda anopiva kune chita chakasarudzva basi, vamwe vachisiiva kunze, avo, zvirokwazvo, vasingadaidzvi mukukoverana basa rinorema kana nemumibairo. Asi hazvipangidzvi ne nzira yakadaro mukutaurwa kwe nyaya yacho yemuenzaniso. Apo tenzi vemba vakadaidza varanda wake, akapa kune mumwe nemumwe basa rake.

Nge mweya ve rudo tinga ite mabasa eupenyu ekuzvirereka se kuna Tenzi. Wakorosi 3: 23. Kuti rudo rwa Mwari ruri mu mwoyo, runozovonesva mu upenyu. Kunhuvirira kwakanaka kwa Kristu kunozoti-tenderedza, ne zviito zve upenyu hwedu zvinozosimudzira nekukomborera.

Hauna kufanira kumirira kuti kudakare kusvike nguva huru, kana kuti udakare ugone zvakapfurikidza kutanga kwekuti uendè kundo sandira Mwari. Hausakafanira kuti ufunge kuti nyika inozorungei
[61] neve. Kana upenyu hwako hwe mazuva ese huehiita umbovo vekucheneseka ne uchokwadi murudaviro rwako ne vamwe vachigutsva nekuti urikuda kuva batsira, kuedza kwako hakuzovi nhando.

Mudzidzi va Jesu anozvirereka ne murombo kune vese angave chikomborero kune vamwe. Havangazvizivi kuti varikuita chiro chakanaka, asi nge magariro avo iwayo vasinga zivi vangavambe mananda ezvikomborero anozo pamhama nekudzama, nezvikomborero zvezviito zvavo izvo vanonga vasinga zivi dakara pamusi vekugumisira vekupa mibairo. Havanzvi kana kuziva kuti varikuita chiro chikuru. Havadikanwi kuti vasuve pamsana pekugara vaine hana ye kubudirira. Vanodikanwa kuti vafambire mberi chinyararire, vachiita ngekudairika basa ra Mwari sekuraira kwake, upenyu hwavo hauzovi ve nhando. Mweya yavo inozonga ichikura zvikuru mukufanana na Kristu; vari vasandi pamwe na Kristu mu upenyu huno, zvino vanongavarikuzvi gadzirira basa ra kakwirira ne rufaro rusinga dzikatirwi rwe upenyu hunouya.

* * * * *

“Jesu, zvinyorei mu mwoyo wangu,
Kuti ndimwi chiro chikuru chinodikanwa.
Kune zviro zvese ndinga bvisve,
Asi kwete, kwete, kunemwi.”

[62]

KUZIVA MWARI

Vazhinji inzira idzo Mwari anotsvaka nadzo kuzvizivisa kunesu nekuti kumbanidza naye. Simba rekubarwa naro rino taura mupfungwa dzedu kasingaperi. Mwoyo vakazaruka unobatwa ne rudo ne mbiri ya Mwari sekuratidzva kwemabasa emavoko Ake. Nzeve inoterera inganzve nekunzvisisa kutaura kwa Mwari kuburikidza ne zviro zvekubarwa. Minda mipfumbu, nemiti mirefu, pfumvudza ne maruva, nemakore anopfuura, mvura inonaya, rukova runopupuma mafuro, mbiri dzedenga, zvinotaura mu mwoyo yedu, zvichitikoka kuti tirovedzerane Naye akasikwa izvi zvese.

Muponesi vedu akasunganidza zvidzidzo zvake pamwe ne zviro zvekusika. Miti, shiri, maruva emurukova, makomo, nyanza, matenga akanaka, pamwe ne zviro zvinoitika muupenyu we mazuva ese zvakati tenderedza, zvese zvakasanganisva ne mazvi edi, kuti zvidzidzo zvake zvizoramba zvichitonderwa mupfungwa, kana pakati pe kubatikana kwe munhu ne basa rinorema.

Mwari anoda kuti vana Wake vafarire mabasa Ake, vafadzve ne zvakareruka, zvekunaka kwe runyararo izvo akashongedza nazvo musha ve pasi. Iye mudi ve zvakanaka, pamsoro pe zvese zvakanaka kunze anoda kunaka kwe chimiro; Anoda kuti tisakurire mu mwoyo yedu kuchena ne kugara kwe pachena, kururama kunyerere kwe maruva.

Dai tichiterera hedu, mabasa akasikwa naMwari, anozoti dzidzisa zvidzidzo zvinokosha zvekuterera nekusimbira. Asi nyenyedzi munzira dzadzo dzisina kutarwa mudenga, dzinofamba makore mu nzira dzadzo umo dzakamisirwa, dakara kune kadukuduku kadzo, zviro zvekusikwa zvinoterera kuda kwe Musiki. Ndizvo Mwari anochengeta zvese achisimbisa zvese izvo akasika. Iye anosimudzira nyika dzisinga verengeki pakati peuzhinji hwakadari, pekarepo achinangisa zve zvinonga zvichidikanwa ne ka njikenjike katsvuku (djese) kanoimba rwiyo rwako rwekuzvirereka
[63] kasingatyi. Apo vanhu vanoenda ku basa ravo rinorema, se apo vanonga vari mumunamato; apo vanorara usiku, ne apo vanomuka

mangwanani; apo mupfumi anonga aine bira (chidyo) mudzimba dzake dze ushe, kana kuti apo murombo anonga achiunganidza vana wake patafura inezvekudya zvishoma, mumwe ne mumwe wavo anochengetwa nge unyoro na Baba vekudenga. Hapana musodzi unodonha ukasavonekwa na Mwari. Hapana kunyemwerera uko as inga nyori.

Dai tichimbodavira hedu ngekuzara izvi, kwese kutya kwe nhando kungadzingwe. Mwoyo yedu hainga zari nekushaya simba sa zvino; ngekuti chese, kana chive chikuru kana chiduku, chinga siive mu mavoko a Mwari, asinga kangaidzvi ngekuvanda kwe zvekuchengeta, kana kukurirwa nekurema. Takafanira kufara ngekuzorora kwe mweya uko vazhinji vari vaeni kunaiko.

Sezvo pfungwa dzako dzichifarira kudakadza kwe kunaka kwe pasi, funga ngezve pasi richauya, risinga zozivi hosha ye chitema nekufa; apo kumeso kwe kubarwa kusingazo-pfeki mubvuri ve chituko zve. Pfungwa dzako ngadzifungidzire mufananidzo ve musha ve vakaponesva, utondere zve kuti unozova vakanaka kupinda kufananidza uko unoita ive. Muzvipo zvakasiyana zva Mwari kune zvakabarwa tinovona kupenya kuduku duku kwe mbiri Yake. Kwakanyorwa kuti, "Ziso harisakavona, nzeve haisakanzva, hakusakapinda mu mwoyo ve munhu, izvo Mwari akagadzirira vanomuda." 1 Wakorinte 2: 9.

Munyori ve zviro zvakanaka ne mudzidzi ve shiri, zvidyarwa, miti ne tumbuwu vane zviro zvizhinji zvekutaura ngezvakasikwa, asi mu Kristu ndiye anofadzva ne kunaka kwe pasi nge kunakidzva kukuru, ngekuti anovona zvakaitwa ne mavoko a Baba wake, achivona rudo Rwake mumaruva ne magwenzi ne mumiti. Hapana anonakidzva ngekuzara ngemakomo nemikana, ne ndwizi ne nyanza, asingazvinangisi se kutaura kwa Mwari nge rudo rwake ku munhu.

Mwari anotaura nesu kuburikidza nge mabasa Ake akagadzirirwa ne mweya ve Mudzimu Wake mu mwoyo. Muzviro zvedu zvakati tenderedza, muzviro zvemisi ne misi zvinopinduka, tingavane zvidzidzo zvinokosha kana mwoyo yedu yakazarukira kuti tizvivone. Muimbi akatevedzera mabasa akapiva na Mwari akati, [64]
"Nyika izere ne unyoro va Jehova." Mapisarema 33: 5. "Aninani akachenjera achacherechedza zviro izvozvi, vachanzvisisa unyoro wa Jehova." Mapisarema 107: 43.

Mwari anotaura kunesu mu Izvi Rake. Apa tine mitsara iri-pachena yekuratidzva kwe chimiro chake, yekuizvo anoita kumunhu, ne basa guru reruponeso. Apa pamberi pedu pakazarurwa nyaya dze madzi baba ekare ne va profeta ne vamwe vanhu vanoyera ve kare. Vakange vari vanhu "vanofanana nesu." Jakobe 5: 17. Tinovona kuti varwisa sei mukati mekupererwa ne simba sekwedu vo, nekuti vaka-putsikira pasi pe zviyedzo sei sezvo takaita vo, asi vakasimba mwoyo zve vakazokurira kuburikidza nge tsitsi dza Mwari; ngekunangisa, tinosimbisva mukuedza kwedu kwe mukururama. Apo tinoverenga ngezviito zvinokosha zvakapiva kwavari, mweya unovaudza uno-tapidza ranzi rinoyera rekuyedza kuita zvakanakisisa mu mwoyo yedu, nekuda kuti tive sa ivo muzvimiro — saivo mukufamba na Mwari.

Jesu akati mu Matsamba e Testamente ye Kare — Zvino ngezvedi rakadini mune Idzva—"Ndivo vanoita umbovo ndini" (Jo-hane 5: 39), Mununuri Iye anova ndipo pane rusimbiro rwedu rwe upenyu wusingagumi. Hunde, Baiberi rese rinotaura ne zva Kristu. Kubvira pakunyorwa kwe kuvamba kwe kusikwa — ngekuti "Kunze kwake hapana chiro chakaitwa" (Johane 1:3) — kuchitsidzo chekup-figa, "Wona ndinokurumidza kuuya" (Kuratidza 22: 12), tiriku-verenga nge mabasa Ake tichi terera ku Izvi Rake. Kana muchi rovedzerana na Muponesi, dzidzai Matsamba anoyera.

Zadza mwoyo vese ne mazvi a Mwari. Ivo imvura ye upenyu, anodzima nyota yako inopisa. Ivo chinkwa ehe upenyu chinobva kudenga. Jesu anoti, "Kuti musingadyi nyama ye Murumbwana ve munhu, ne kumwa ropa Rake, hamuna upenyu kunemwi. Anozvi tsanangura iye ngekuti, "Mazvi ayo ndiri kutaura kunemwi, ndivo Mudzimu ne upenyu." Johane 6:53, 63. Miviri edu yakavakwa ne izvo tinodya ne kumwa, sekukotsa kwe zvekubarwa, ndizvozvo nekuchengeta kwake zve mweya: izvo tinofunga ndizvo zvinopa
[65] kukwadzana ne simba re mweya vekuberekwa kwedu.

Ngerosi dzinoda kwazvo kunangisa mu pfungwa huru dze ruponeso; runozova rudzidzo rwe zviro zvakasikwa ne rwiyo rwe vakaponesva kuburikidza mu makore asingaperi. Haru-enzaniri kun-yaso fungwa ne kudzidzva here iko zvino? Tsitsi dzisingagumi ne rudo rwa Jesu, mupiro vakapirwa isu, zvinodaidza kufungisisa kunotyisa kwazvo. Takafanira kugara pachimiro ehe Mununuri vedu anodikanwa ne Mumiriri. Takafanira kufunga nge basa Rake

Iye akauya kuzoponesa vanhu mu zvitema zvavo. Apo tinonga tichifunga ngezve kudenga, rudaviro rwedu ne rudo zvinozo kura ne simba, neminamato yedu inozoramba ichigashirwa kuna Mwari zvakanyanya, ngekuti zvinonga zvasangana-sangana kunyanya ne rudaviro ne rudo. Zvinozova zvine pfungwa ne kudisisa kwakasimba. Kunozova ne rusimbiro rwakanyanya kuna Jesu, nekugona kupenya kwe mazuva ese kwe simba Rake rekuponesa kukuru vanouya kuna Mwari kuburikidza Ndiye.

Apo tichifunga nge kuperera kwa Muponesi, tinozodisisa kuti tiitwe tiperere mukupindurirwa nekumutsidzirwa patsva mumufananidzo vekuchena Kwake. Kunozova ne nzara ne nyota yekuda kuva se mufananidzo Wake uyo tinopfugamira. Kunyanya kwe pfungwa dzedu kuna Kristu ndiko kunyanya kwedu kuzotaura ne vamwe nge zvake, nekumumirira mu pasi.

Baiberi harina kunyorerwa mudzidzi ve chikoro ega; kupesana naizvozvo, rakagadzirirwa vanhu nhando. Machokwadi makuru akafanira ruponeso anoisva pachena se masikati; hapana angarasike munzira yavo kunze kwe vanotevera pfungwa dzavo chete panzvimbo ye kutevera rudo ruri pachena rwa Mwari.

Hatina kufanira kunzva umbovo hwe mumwe mumhu kuti Matsamba anodzidzisa sei, asi takafanira kuzvidzidzira mazvi a Mwari pachedu isu. Kana tikabvumira vamwe kuti wave ndivo vanoti fungira, tinoremadza masimba edu nekugona kwedu kuno tsonga. Masimba ewushe epfungwa anozo pfupikisva ngekushaya kusandisva muzviro zvinova ndizvo zvakafanira kufungwa, dakara arasikirwe ne kugona kwavo mukubata kudzama kwe zvinotaurwa ne Izvi ra Mwari. Pfungwa dzinozo-kura kana dzichisandisva mukuteera kukwadzana kwe zvidzidzo zve Baiberi, kuyenzanisa matsamba ne matsamba, zviro zve mweya ne zviro zve mweya. [66]

Hapana chiro chikuru chinosimbisa kufunga kunze kwe kudzidza Matsamba. Hapana zve rimwe buku rinesimba rekusimudzira pfungwa, kumutsidzira masimba, saivo mapamhi, mazvi edi ewushe hwe Baiberi. Dai Izvi ra Mwari richidzidzva sezvo rakafanira kuitwa, vanhu vangave ne pfungwa dzakapamhama, chimiro chakwirira, rugare rwakadzikama rusinga nyanyi kuvonekwa nguva dzino.

Asi pane kubatsirika kushoma zvako mukuverenga Matsamba ngekukasika. Mumwe angaverenga Baiberi rese kuripedza, asi achitadza kuvona kunaka kwaro kana kuzvisisa kutsanangura kwaro

kwakavandika. Chidimbu chimwe chinodzidzva dakara chivonekwe pachena mupfungwa, nekufambirana kwacho ne zano reruponeso kuchiva pachena, zvirinane kunyanya pane kunanganidza matsamba mazhinji pasina icho unoda kuvona kana kurairwa kwakananga uko ungavane. Gara ne Biberi rako ive. Kana ukava ne nguva riverenge; chengeta matsamba mu musoro wako. Kana uchifamba mu migwagwa ungaverenge chitsauko, chiduku, vochifunga, ipapo unochisimbisa mupfungwa dzako.

Hatinga vani ungwaru kunze kwekuti tive nekudisisa kwe kunzvisisa nekudzidzira kwe munamato. Mamwe mativi e Matsamba zvirokwazvo anodudza kwazvo kwekuti haangatadzikunzvikwa; pane mamwe anekududzira kusipachena kuti kungavonekwe ngekunangisa kwe kuchewuka chete. Tsamba ngaienzamsve ne Tsamba. Ngakuve nekutsvakisisa kwakanaka nekuvona nge munamato, kudzidzira kwakadaro kunozo ripwa zvakapfuma. Sezvo mucheri ve mugodi achivana mutsara ve dare rinokosha vakavigwa pasi pevu, zvakadaro kuna iye anovavarira mukutsvaka Izvi ra Mwari se pfuma yekavigwa anovana idi re mutengo mukuru, rakavigwa kubva kune mutsvaki asinga nyaso tsvakisisi. Mazvi ekuudzirwa, achifungwa mu mwoyo, anozova se ndwizi dzinoverera kubva mutsime re upenyu.

Baiberi risambo dzidzve kusina KUNAMATA. Kutanga tisati tanzarura takafanira kukumbira rujeko rwe Mudzimu Unoyera, runozopiva. Apo Nathanieri akauya kuna Jesu, Muponesi akati, “Wonai mu Israeri vedi, asina kunyengedza!” Nathanieri akati, “Unondiziva
[67] ngenyi?” Jesu akapindura akati, ‘Filipe asati akudaidza, zvo vakange unpanyasi pe muwonde, ndakavona.” Johane 1: 47, 48. Jesu anozoti vona kana tiri munzvimbo dzakavandika dze kunamata, kana tika mutsvakira kupenya, kuti tizivc kuti idi chii. Ngerosi dzinobva kunyika yekupenya dzinozova ne avo vanoti nge mwoyo yekuzvideredza votsvaka kutungamirwa nge zviro zve mudenga.

Mudzimu Unoyera unokudza nekutunhidza Muponesi. Ibasa ravo re kupangidza Kristu, kuvana kwe kururama kwake, ne ruponeso rukuru urwo tinarwo kuburikidza na Iye. Jesu anoti, “Anogashira zvangu, anozvivonesa kunemwi.” Johane 16: 1 t. Mudzimu ve idi uyu ndiye mudzidzisi anobudirira ve idi rekudcnga. Mwari akafunga zvakanaka nge vanhu Wake, zvckuti akapira Mu-

rumbwana Wake kuti afire ivo, achimisa Mudzimu Unoyera kuti ave mudidzisi ve munhu mazuva esc ne mutungamiri. [68]

NGUVA YEKUNAMATA

Kuburikidza ngekusikwa ne kuratidzva, kurairwa Naye, ne simba re Mweya Wake, Mwari anotaura kunesu. Asi izvi hazvina kukwana; takafanira zve kudururira mwoyo yedu kuna Iye. Kuti tive ne upenyu hwe mweya ne simba, takafanira kukumbana chaizvo na Baba vedu ve kudenga. Pfungwa dzedu dzinga pfuurwe kwaari, tingafunge nge mabasa Ake, tsitsi dzake, zvikomborero zvake, asi izvi hazvisi ngepfungwa dzakazara, kukwadzana Naye. Kuti tikwadzane na Mwari takafanira kuva ne icho tinotaura nge zve upenyu hwedu.

Munamato ndivo unozarura mwoyo kuna Mwari se kune shamwari. Kusikuti zvakafanira, pakuti tidakare tizivise Mwari izvo tiri, asi kuti tigone kumugashira. Munamato haudzikisi Mwari kwatiri, asi unoti kwidza kwa Ari.

Apo Jesu akange ari pano pasi akadzidzisa vanhu Wake kunamata. Akavaudza kuti vareve nhamo dzavo dze misi yese pamberi pa Mwari, nekuti vapire zvese zvavo kwa Ari. Chisimbiso icho akavapa ngechekuti zvikumbiro zvavo zvichanzvikwa ndicho chisimbiso kunesu nhasi.

Jesu pachake, apo akange achigara pakati pe vanhu, aigara achinamata. Muponesi vedu akazvifananidaz ne kushaya kwedu ne unyoro hwedu, ngekuti akava munyengereri, mukumbiri, achitsvaka kubva kuna Baba Wake simba idzva, kuti auye akagadzirira basa ne kuyedzva. Iye muenzaniso vedu mune zviro zvese. Ihama yedu mu unyoro hwedu, “muzviro zvese akayedzva sesu;” asi Iye se munhu asina chitema, kugara kwake akazvigonya kubva kuchitema; akashingirira kurwisva nekunetsva kwe mweya mu pasi re chitema. Vanhu Wake vakaita munamato uve vakafanira ne ve nguva. Akavana runyaro ne rufaro mukusangana na Baba Wake. Zvino kana Muponesi ve vanhu, Murumbwana wa Mwari, akanzva zvakafanira kugara achinamata, zvino isu ndonda, dze vanhu vane zvitema
[69] takafanira kunzva zvakafanira sei kugara tichinamata nguva dzose.

Baba vedu vekudenga vakamirira kuti dzikisira zvikomborero zvake zvizere! Inguva yedu ye kumwa zvikuru pa tsime re

rudo rusingaperi. Zvinoshamisa sei ngekunamata kushoma uko tinoita! Mwari akagadzirira munamato ve zvirokwazvo ve vana Wake vanozvirereka zvikuru, asi kune kuvonesa kukuru kwe kupokana kudivi redu kuti tizivise kushaya kwedu kuna Mwari. Ko ngerosi dzekudenga dzinga-fungei ngevanhu varombo, vasinga-batsiri chiro, vari pasi pekuyedzva, apo mwoyo va Mwari ve rudo rusingaperi ruchiva-suvira, akagadzirira kuvapa zvakapfuura izvó vanokumbira kana kufunga, asi vanonamata zvishoma, nekuva ne rudaviro ruduku? Ngerosi dzinoda kukotama pamberi pa Mwari; dzinoda kuva pedyo Naye. Dzinotarisa kukumbana na Mwari serufaro rwadzorukuru kwazvo; asi vana ve pasi, vanova ndivo vanoshaya rubatsiro runova ndirwo Mwari angape chete, vanonangisika se vanogutsva nekufamba vasina kupenya kwe Mudz-imu Wake, ushamwari vekuvapo Kwake.

Dima rekuipa rinofukidza avo vasina hanya nekunamata. Zviyedzo zvinoitwa ne zeve-zeve zve mhandu zvinova kwezva kuti vatadze; zvese izvi pamsana pekuti hava sandisi nguva iyo Mwari akavapa mu kumisa kwe denga ye kunamata. Ngenyi varumb-wana ne vakunda va Mwari vasingadi kunamata, ivo munamato uri kiyi muruvoko rune rudaviro yekuzarura dura rekukotsera, munova ndimo makakotsva pfuma isingaperi yekuvamba kwa Samasimba? Pasina kunamata kusingagumi nekurinda kune simba, tiri mungozi yekusarangarira neye kutsauka kubva munzira kwayo. Mupan-dutsi anotsvaka nguva dzese kudzivirira nzira inoenda kuchigaro chemutsa, kuti tisagone ngekudisisa kukura kwe kunamata ne ru-daviro kuvana tsitsi ne simba rekuramba kuyedzva.

Pane nzira idzo tinga karire nadzo kuti Mwari achanzva nekupin-dura minamato yedu, chimwe chadzo chekutanga ngeche kuti tinonzva kushaya kwedu rubatsiro runobva kwa Ari. Akatsidzira kuti, “Ndichadira mvura pamsoro pa iye anenyota, ne ndwizi pam-soro pevu rakavoma.” Isaya 44: 3. Avo vane nzara ne nyota ye kuru-rama, vanosuva Mwari, vangave nedi rekuti vachagutsva. Mwoyo ngauzarurwe kune mweya ve Mudzimu, dzimwe nguva chikom-borero cha Mwari hachinga gashirwi. [70]

Kushaya kwedu kukuru ku itirana nharo, kunoti nyengeterera zvinonzvika zvikuru, Asi Tenzi ndiye akafanira kutaurwa naye kuti atiitire izvi zviro isu. Anoti, “Kumbirai, munopiva.” “Iye

haasakaramba ne Murumbwana Wake, akamupa pamsana pedu tese, haatipi zviro zvese naye here?" Mateyu 7: 7; Maroma 8: 32.

Kana tine chitema mu mwoyo yedu, kana tichiramba takarembera pa chitema icho tinoziva, Tenzi haazotinzvi; asi munamato ve mweya une urombo unogashirwa nguva dzose. Kana kwese kutadza kunozivikanwa kwagadzirwa, tinga davire kuti Tenzi anozopindura zvikumbiro zvedu. Kukodzera kwedu hakungatirevereri kuna Mwari; kuyenzanirao kwa Jesu uko kunozotiponesa isu, iropa Rake rinozoti chenura; asi tine basa rekuita kuti tizokwadzana nemitemo yekugashirwa.

Chimwe chiro chikuru ehe munamato unokunda, rudaviro. "Uyo anouya kuna Mwari akafanira kudavira kuti aripo, anotusa avo vanomuringa kwazvo." Mahebru 11: 6. Jesu akati kune vadzidzi Wake, "Zvese izvo munoda kuti muchikumbira, daviranyi kuti munotambira, munova nazvo." Marka 11: 24. Tinodaira kutaura kwe izvi Rake here?

Chisimbiso chipamhi hachina mugumo, Iye anodairika se kutsidza kwake. Kana tisakatambira izvo zvotinonga takumbira, ngenguva takumbira nayo, takafanira kudaira chete kuti Tenzi arikunzva, nekuti achapindura minamato yedu. Tiri vanokanganisa ne kuvona zviri papfupi nguva zhinji kwekuti tinovanzo kumbira zviro zvisingavi chikomborero kunesu, zvino Baba vedu vekudenga nge rudo anopindura ngekutipa izvo zvinozotinakira isu — izvo isu kudai tange tine kuvona kwepachena se kwe kudenga kwe kuvona zviro semumiriro vazvo taifarira kuva nazvo. Kana minamato yedu ikatarisika sekunge isina kupindurwa, takafanira kuramba takarembera pachitsidzo; ngekuti nguva yekupindura zvirokwazvo ichasvika, tinozogashira chikomborero icho tinoda zvikuru. Asi kutaura kuti munamato unozopindurwa nguva dzese nge nzira iyo unoda ne chiro icho tinonga tichida, kufungidzira chete. Mwari akachenjerera kusakanganisa, akanaka kwekusada kuramba ne zviro zvakanakira avo vanofamba zvakasvatuka. Ndizvo musatya kumusimbira, kana
[71] nepo musinga voni kupindurwa nge kukasika kwe minamato yenyu. Simbirai pa chitsidzo Chake chedi, "Kumbirai, munopiwa." Mateyu 7: 7.

Kana tikanyaso kufunga zvakanaka ngekupokana kwedu nekutya kwedu, kana kuedza kuvana tsananguro yezvese izvo tinonga tisingavoni zvakanaka, kutanga tisati tave ne rudaviro, kukan-

gaidzika kunozovanda nekudzama. Asi kana tika uya kuna Mwari, tichizvinzva tisina simba rekuzvimirira tega, sezvo tinonga takaita, tichizvirereka, ne rudaviro rwe rusimbiro timuzivise zviro izvo tinonga tichida Iye ane ruzivo rusingagumi, anovona zvese zvekusikwa, anotonga zvese sekuda kwake nge izvi Rake, anokwanisa kunzva kuchema kwedu, achizobvumira kupenya kuti kupenye mu mwoyo yedu. Kuburikidza nge munamato vakakwana tinonzva mukusangana Naye asingagumi. Hatingavi ne umbovo hunovoneka nge nguva iyoyo hwe kuti Muponesi akatinangisa pamsoro pedu nge usu hwake rudo, izvi zvakadaro. Hatinganzvi kubatwa naye ngezvinovonekwa, asi ruvoko rwake ruri pamsoro pedu nge rudo ne tsitsi dze unyoro.

Apo tichikumbira tsitsi ne chikomborero kubva kuna Mwari, takafanira kuva ne mweya ve rudo ne ruregerero mu mwoyo yedu isu. Tinganamate sei tichiti, "Utisunungure mhosva dzedu sezvo tinosunungura avo vane mhosva kunesu" (Mateyu 6: 12), asi tichizvipira mu mweya vekusasunungura? Kana tichikarira kuti minamato yedu inzvikwe, takafanira kusunungura vamwe vakafanana, muenzaniso vakafanana zve, se uyo tinokarira kuti tisunungurwevo navo.

Kuvavarira nge munamato ndiyo nzira yakaitwa yekugashira. Takafanira kunamata nguva dzese, kana tichida kukuramurudaviro ne kuti tive nekuziva. Takafanira "kusimbisa kunamata" kugara mukunamata nekurinda nekutenda." Maroma 12: 12; Wakorosi 4: 22. Pita anosimbisa vatendi kuti "Zvirambei murinde ngekunamata." 1 Pita 4: 7. Pauro anoraira, "Asi muzviro zvese nge minamato nekutenda, zvikumbiro zvenyu ngazvizivike kuna Mwari." Wafilipi 4: 6. "Asi imwi vadikanwi," akadaro Tuda, muchinamata nge Mudzimu Unoyera, zvichengetei murudo rwa Mwari" Juda vesi 20, 21. Munamato usingagumi ndivo usmgadimburi kukwadzana kwe mweya na Mwari, ndizvo upenyu hunobvakuna Mwari hurambe huchiverera [72]
mu upenyu hwedu; zvino muupenyu hwedu munozobuda kuchena ne kuyera mukuvonesa kuda Mwari.

Kune kufanira kwe kuva ne simba mu munamato; pasave nechinoku-dzivirira. Yedza kuita zvese izvo unogona kuti kurambe kwakazaruka nzira yekukwadzana kwa Jesu ne mweya wako. Tsvaka nguva yese kuenda kwakarovedzerwa kuitwa munamato. Avo vanotsvaka ngedi kukwadzana na Mwari, vanovonekwa mumisangano yeminamato, vachiita basa ravo ngekudairika, vaine hana

yekudisisa kukohwa zvese izvo vangavane. Vanogadzira zvakanaka nguva yese yekuzviisa apo vangagone kugashira maranzi ekupenya kunobva kudenga.

Takafanira kunamata mumisha medu; pamsoro pezvese tisarege minamato ye pakavandika, ngekuti uhu ndivo upenyu hwe mweya. Hazviitiki kuti mweya ukure kana kusingaitwi munamato. Munamato ve mumusha kana kuti mumhuri munamato ve vazhinji, zvino ivoyo vega hauna kukwana. Kana urivega mweya ngauzarurwe pamberi pe ziso rinonanganidza ra Mwari. Munamato ve pakahwandika vakafanira kunzvikwa ne munzvi ve minamato uyo ari Mwari chete, pasave ne imwe nzeve inoda kunzva yakafanira kugashira mutoro uyu ve zvikumbiro. Munamato vekuhwandika unoita mweya usununguka kubva kune zvimwe zvinovundutsa, nekubva mu mweya yese yakatenderedza. Chinyararire, asi ngekudisisa kukuru, unosvikira kuna Mwari. Kutapira ne rugare zvinozova ndizvo zvinobva kwaari Iye anovona zvakahwandika, ane nzeve yakazarukira kunzva munamato unobva mu mwoyo. Ngerudaviro rwe runyararo, nerudaviro ruri pachena, mweya unokwadzana na Mwari, uchizviunganidzira maranzi ekupenya kwe kudenga anozokusimbisa mukurwa na Satani. Mwari ndiye rusvingo rwedu rwe simba.

Namata vakazvipfigira; apo unonga uchiita basa rako remisi yese, mwoyo wako nguva zhinji ngausimudzirwe kuna Mwari. Iyi ndiyo nzira yaifamba nayo Enoki na Mwari. Iyi minamato yerunyararo inokwira se utsi hunokosha hunohwirira zvakanaka pamberi pechigaro cheushe che tsitsi. Satani haangamukuriri ane mwoyo
[73] ugere kuna Mwari.

Hapana nguva kana nzvimbo apo kusina kufanira kupa chikumbiro chako kuna Mwari. Hapana chingati dzivirire mukusimudza mwoyo yedu nge mweya vekudisisa kunamata. Muzvita zve mu migwagwa, pakati penzvimbo dze basa, tingagone kutumira chikumbiro kuna Mwari kumsoro, tinyengerere kutungamirwa ne denga, se zvakaita Nehemia apo akaita chikumbiro chake kuna Mambo Artaxerxes. Kukwadzana kwe pakavandika kungavanikwe kune kwese uko tinonga tiri. Takafanira kugara nguva zhinji musivo ve mwoyo vedu vakazaruka, nekukoka kwedu kuchikwira kuna Jesu kuti auye kuzogara se mweni ve kudenga mu mweya yedu. Kana dai kungave ne rugare runonuhwa zvakaipa, kana kuvora panzvimbo yakatitenderedza, hatisaka fanira kufema

utsi hwacho hunokuvadza, asi tinga gare mu mweya vakachena vekudenga. Tingapfige musivo tichipfigira kunze kufungidzira ne pfungwa dzisi dze utsvene kune ngekusimudzira mweya yedu pamberi pa Mwari kuburikidza ngekunamata kwakakwana. Avo vane mwoyo yakazaruka kugashira kutsigisva ne chikomborero cha Mwari vanozofamba munzvimbo tsvene kupinda dze pasi,' vanozogara vachikwadzana ne denga nguva dzese.

Takafanira kuti tivone Jesu pachena, nekunzvisisa kuzere kwe chokwadi asingaperi. Kunaka kwe kutsvene kunozo-zadza mwoyo ye vana va Mwari; kuti izvi zvipedzve, takafanira kutsvaka kupangidzva zviro zve kudenga.

Mweya ngausimudzirwe vakakwidzva kudenga, kuti Mwari atipe kufema kwe zviro zve kudenga. Tingagare tiri pedyo na Mwari kwekuti kana nekapi karo kaduku-duku pfungwa dzedu dzinonangisa kuna Mwari sezvo ruva ngekusikwa kwaro rinonangisa kuzuva.

Chengeta kuda kwako, rufaro, urombo, kungwarira kwako, nekutya kwako pamberi pa Mwari. Haunga muremeri; haungamunetsi. Iye anoverenga vudzi re musoro wako haanga nyarariri zvino dikanwa ne vana Wake. Tenzi ane nyasha, ne mutsa. Jakobe 5: 11. Mwoyo wake ve rudo unobatwa ne matambudzo edu, kana nekuataura kwedu. Enda kuna Iye nezvese zvinokanganisa pfungwa. Hapana chakamukurira kutakura, ngekuti akasimudza ma pasi mazhinji. Anotonga zvese zve nyaya dze pasi nekudenga. Hapana [74]
kana chipi chinofambirana nerunyararo rwedu chingave chiduku kuti asachivone. Hapana chitsauko mukugara kwedu chakasvipa kwekuti haangachivoni kuverenga; hapana kunyongana kana kwakadini kunga mukonjere kuti angatadze kukusonera pamwe. Hapana kana nyatwa ingadzikire vana Wake, kana kuty kunga netse mweya, hapana rufaro rukuru, hapana kana munamato vakakwana unobva pamuromo, uyo Baba vekudenga asinga voni, kana uyo asinga fadzvi navo ngekukasika. "Anoporesa vane mwoyo yakaputsika, anosunga maronda avo" Mapisarema 147: 3. Ukama pakati pa Mwari ne mweya mumwe ne mumwe huri pachena se kunge pasina zve mumwe mweya uyo akapira Murumbwana Wake anodiva.

Jesu akati, "Munokumbira muzita Rangu: handitauri kunemwi, kuti ndinomukumbirira kuna Baba: zvo Baba achimuda Iye mbune. Ndakamusarudzai . . . kuti zvese izvo munokumbira Baba muzita

rangu, amupe." Johane 16: 26, 27; 15: 16. Asi kunamata nge zita ra Jesu kukuru kupinda kundotaura zita Rake chete pakuvamba ne pakuguma kwe munamato. Kunamata mupfungwa ne mu mweya va Jesu, ipapo tichidavira zvitsidzo zvake, tichisimbira mutsitsi dzake, tichiita mabasa Ake.

Mwari haatauri kuti tese takafanira kuva vanhu vanozvitsarira kugara tega pamsana pe basa ra Mwari kana kuti tive vamwe ve chita ehe vanogara vega pamsana pekupira upenyu hwedu, kugara kunze kwe zvenyika kuitira kuti tizoita mabasa ekunamata. Upenyu ngahuve se hwa Kristu — pakati pegomo ne chita ehe vanhu. Uyo asina icho anoita kunze kwe kunamata chete mugumo vazvo achazorega kunamata, kana kuti minamato yake ichava seyetsika basi. Kana wanhu vachizvi bvisa mukunzvana kana kugara upenyu ve vazhinji, kure ne nzvimbo ye basa remu Kristu nerekutakura muchinjiko; apo vanorega kusandira Tenzi wavo ngekudisisa Iye akavasandira ngekudisisa kwakadaro, vanorasikirwa ne musoro venyaya yekunamata, vosara vasisina simba re kuda. Minamato yavo inova yavo yekuzvitsara pachavo. Havanga namatiri zvinodikanwa ne vanhu vese kana kuvaka Ushe hwa Kristu, vachinyengeterera simba rekusanda naro.

[75] Tinorasikirwa kana tichishaya nguva yekuvungana pamwe kupana simba nekusimbisana mumwe ne mumwe murusando rwa Mwari. Machokwadi e Izvi Rake anorasikirwa ne simba ne kukosha kwavo mu pfungwa. Mwoyo yedu inoguma kupenyesva nekumutsva ne mweya unoyerereresa, toramba zve mweya. Mukusangana kwedu se ma Kristu mumwe ne mumwe, tinorasikirwa ne zvizhinji ngekushaya kwedu kuita tsitsi kune mumwe ne mumwe. Uyo anozvipfigira pake ega haasikuzadzisa nzvimbo iyo Mwari akamumisira kuti ave. Kurera kwakanaka kwe upenyu hwedu ne vamwe mumugariro vekubarwa kwedu kunounza kuti tive ne tsitsi kune vamwe, ndiyo zve nzira yekuumba ne simba kunesu murusando rwa Mwari.

Dai ma Kristu achisangana pamwe, vachitaura kune mumwe ne mumwe nge rudo rwa Mwari, nema idi anokosha eruponeso, mwoyo yavo ingamutsve patsva, ivo vo vangamutsana mumwe ne mumwe. Tinga dzidze zvakanyanya mazuva ese na Baba vedu ve kudenga, tichi vana kuziva kutsva kwe tsitsi dzake; zvinotozoda kutaura ngezve rudo rwake; apo tinoita izvi, mwoyo yedu inozodziisva

ne kusimbisva. Kana tikafunga nekutaura zvikuru na Jesu, nekutaura zvishoma nge zvedu isu, tinozova Naye zvikuru zvakanyanya.

Dai tichifunga Mwari se umbovo uho tinaho wekuti chengeta kwake, tingamuchengete ngekusinga peri mupfungwa dzedu, tifadzve ngekutaura nge zvake nekumuvirikidza. Tinotaura nge zviro zve nyika ngekuti tinozvida; rufaro rwedu ne urombo hwedu zvakasungirwa pamwe nazvo. Asi tinechikonzero chisingaperi icho tingadire Mwari nacho pane kuda shamwari dzedu dze pasi; chiro chakafanira kuitwa panyika pano kuda Iye kutanga mupfungwa dzedu dzese, kutaura nge kunaka kwake ne kuudza vamwe nge simba Rake. Zvipo zvakapfuma izvo akaisa pamsoro pcdu hazvina kuitirwa kuti pfungwa dzedu ne rudo zvibve zvakundwa zvikuru kwekuti tingashaye kana nechiro ehe kupa Mwari; ngezve kugara zvichititondedza Mwari nguva dzese, nekutisunga muchisungo ehe rudo nekutenda mukomboreri vedu ve kudenga. Tmonyanya kugara mu nzvimbo dze nyika dzakadzikira mu pasi muno. Ngatisimudzire maziso edu kumusivo vakazaruka ve sanjuwari kumusoro, apo ku-
penya kwe mbiri ya Mwari kuno penyera ku meso kwa Kristu, uyo, [76]
'onoponesa kwazvo avo vanouya kuna Mwari ndiye." Mahebru 7: 25.

Takafanira kukudza Mwari zvakanyanya "ngekunaka kwake, ne mabasa Ake anoshamisa ayo akaitira vanakomana ve vanhu." Mapisarema 107: 8. Kuita kwe kunamata kwedu kusave kwekusimbira pakukumbira nekugashira basi. Tisafunge nguva dzese ngekushaya kwedu, kana ne izvo tinogashira. Hatinamati zvikuru, asi hatipi kutenda kwakakwana. Isu tiri vagashiri ve nguva dzese ve tsitsi dza Mwari, asi kutenda kwedu kuduku senyi, tinomukudza zvishoma senyi nge izvi atiitira.

Kare Mwari akaraira va Israeri, apo vakange vaungana pamwe pamusangano Wake, "Ndipo pomunofanira kudya pamberi pa Jehova Mwari venyu, muchifarira zvese izvo munobata nge mavoko enyu, imwi, ne mhuri dzenyu, sezvo makakomborerwa na jehova Mwari wenyu. Deut. 12: 7. Icho chinoitirwa mbiri ya Mwari ngachiitwe ngekufara, ne ndwiyo dze rukudzo nekutenda, kwete nge urombo ne mwoyo mutema.

Mwari vedu ndi Baba munyoro, anetsitsi. Rusando rwake rusanangisve se basa rinosuvisa mwoyo, ne rine nhamo. Ngakuve rufaro kunamata Tenzi nekuva ne divi mu basa Rake. Mwari haan-

gadi kuti vana Wake vakapiva ruponeso rwakadari, vaite sekunge Iye ndi Tenzi mukukutu, anonyaso vonorora basa Rake rakakonja. Iye ishamwari kwayo kwazvo; zve kana vachimunamata, Iye anokarira kuva pamwe navo, kukomborera nekuvanyaradza, achizadza mwoyo yavo nge rufaro ne rudo. Tenzi vanoda kuti wave ne runyararo murusando rwake, nekuti vavenerufaro pane kuremerwa mu basa Rake. Anoda kuti avo vanouya kuzomunamata vabve ipapo vakatakura pfungwa dzinokosha dzekuchengeta ne rudo rwake, kuti vafadzva mu mabasa avo emisi yese mu upenyu hwavo, kuti wave ne tsitsi dzekukovera nge kunaka ne kudavira mu zviro zvese.

Ngatiungane pamuchinjiko. Kristu uyo akaroverwa ndiye achava chiro chedu chekunangisa nekufungisisa, chemunyaya, nechekuda kwedu kukuru kunofadza. Ngatichengete mu mwoyo yedu chese chikomborero icho tinogashira kubva kuna Mwari, ndizvo apo
[77] tinonga tavekuvonesesa rudo rwake, takafanira kubvu- ma kusiya zvese ngerusimbiro muruvoko rwakarovererwa isu pa muchinjiko.

Mweya ungakwire kusvendera pedyo ne denga nge mapapiro ekukudza. Mwari anonamatwa nge nzviyo ne marimba mumuzinda vekumusoro, ndizvo apo tinonga tichidudza kutenda kwedu, tirikuda kuyenzanisa nekunamata kwe mbiri dze kudenga. “Uyo anopa rukudzo anokurumbidza Mwari.” Mapisarema 50: 23. Ngatiuye pamberi pa Muponesi vedu nge rufaro rwe rukudzo tine “kutenda
[78] ne izvi rekuimba.” Isaya 51:3.

CHEKUITA NGEKUPOKANA

Vazhinji, kunyanya kune avo vachivaduku mu upenyu ve u Kristu, vanovanzo netsva nge pfungwa dze kupokana. Mu Baiberi mune zviro zvizhinji izvo vasinga goni kutsanangura, kana kunzvisisa, zvino Satani anotora izvi kuvazunza rudaviro rwavo mu Matsamba sekunge ndiko kuratidza kwa Mwari. Vanobvunza, Tinga zive sei nzira kwayo? Kana Baiberi zvirokwazvo riri Izvi ra Mwari, ndinga sunungurwe sei mukupokana uku ne kukangaidzika kwakadari?"

Mwari haatikumbira kuti tidavire tisina umbovo hwakakwana apo takafanira kudzikira rudaviro rwedu. Kuvapo kwake, chimiro Chake, idi re Izvi Rake, zvese zvakadzikwa ne umbovo hunotiudzira mupfungwa dzedu; ivo wumbovo uhu huzhinji kwazvo. Asi Mwari haana kumbo bvisa nzira inga konzere kuti kuve ne kupokana. Rudaviro rwedu rwakafanira kugara pa umbovo, kusi pakuratidza ngekuita. Avo vanoda kupokana vachavana nguva; ipapo avo vanonga vachida zvikuru kuziva idi vanovana umbovo huzhinji apo vangadzikire rudaviro rwavo.

Zvinorema mu pfungwa dzinoguma kuti dzinzvisise chimiro ehe mabasa a Iye uyo asinga Gumi. Ku pfungwa dzinonzvisisa ngekukasika, pfungwa yakadzidzisva zvikuru kuru. Munhu anoyera uyu (Mwari) akafanira kugara akapfeka kuvandika. Unganzvisise ngekutsvaka zvakadzika zva Mwari here? Ungakwanise kunzvisisa Iye ve Masimba ese here? Zvakakwira sekudenga; ive ungazive nyiko?" Jobo 11: 7, 8.

Mupostori Pauro akadaidzira achiti, "Kudzama kwe pfuma dze ungwaru nekuziva kwa Mwari! Kutonga kwake hakutsvakwe! ne nzira dzake hadzivanikwe!" Maroma 11: 33. Asi kana zwavo, "makore ne dima zvinomukomberedza, kururama nekururamisa ndidzo nheyo dzechigaro chake ehe Ushe." Mapisarema 97: 2. R.V. Zvino apa tinganzvisise kusvikira pakutsaukanisva kwe zviito zvake kunesu, ne zvikonzero zvinomuita kuti titore basa, rekuti tivone rudo rusinga gumi ne tsitsizvakasanganisva ne simba risi- [79]

ngaperi. Tingagone kunzvisisa zvakatinakira kuti tizive ngekuita kwake, mberi kwe izvi takafanira kuramba tichindo simbira rusimbiro rune masimba ese, mwoyo uzere rudo.

Izvi ra Mwari, se chimiro ehe muvambi varo vekudenga, rine zvakavandika zvisinga zombo nzvisisvi ne pfungwa dzinoguma dze munhu, kuitwa patsva zve kumuka kwe chipiri, ne zvimwe zvizhinji zvinotaurwa mu Baiberi, kuvandika kwakadzama kuti kungatsanangurwe ne pfungwa dze munhu, kana kunzvisisva zvakarara. Asi hatina chikonzero chekupokana Izvi ra Mwari ngekuti hatinzvisisi kuvandika kwe kuita kwake. Mu nyika yakasikwa ino takatenderedzva ne zvakavandika izvo tisinga gone kuzvidumbunura. Tsika dze upenyu wuri pachena kudari dzakakonjera kana vazivi ve upenyu ve munhu vakuru kuti vadzitsanangure. Kwese kwese kune zvishamiso zvinopfuura uzivi hwedu. Zvino tingashame here kuvona kuti mu nyika ye mweya mune zviro vo izvo tisingagoni kudumbunura? Kunetsa kwazvo kuri mukusasimba ne kudukupa kwe pfungwa dze munhu chete. Mwari akatipa mu Matsamba umbovo ve zvimiro zvazvo zvekudenga, zvino tisapokane Izvi Rake ngekuti hatigoni kunzvisisa kwese kuvandika kwe kuita kwake.

Mupostori Pita anoti kune Matsamba “zviro zvinonetsa ku-nzva izvo vasinga zivi ne vasina simba vanopindurira . . . kuparadzva kwavo.” 2 Pita 3: 16. Kunetsa kwe Matsamba kunokurudzirwa ne vapokani kuti dzive nharo dzekuitirana ne Baiberi; asi kuipa kwe izvi, vanoita nharo dze umbovo hunesimba hwe kuudzirwa kwaro kwe kudenga. Dai risina mazvi a Mwari asi izvo tingagone kunzvisisa chete; kana ukuru Hwake ne ushe Hwake huchigona kubatwa ne pfungwa dzinoguma, zvino Baiberi harisaigona kuita umbovo husingakanganisi hwe simba redenge.

Ukuru hwaro ne ushe hwaro we zviro zvinopangidzva hwakafanira kufemera rudaviro mariri se Izvi ra Mwari.

Baiberi rinopfutunura idi riri pachena nekukwana kwakaperera kunoyenzanira kushaya nekusuva kwe mweya ve munhu uko kwa shamisa ne kumutsa ngekufara pfungwa dzakasimukira zvakanyanya kwazvo, ipapo zve rinogona kuti vanozvirereka ne vasinga zivi wa-
[80] wone nzira yekuruponeso. Asi zvakadaro aya ma- chokwadi ataurwa anobata nyaya dzakasimukira, dzirikudeng de-nga, dziri mberi kwe kunzvisisa kwe munhu ne kusingaperi, kwekuti tinga zvigashire hedu ngekuti Mwari anonga ari Iye azvitaura. Ndizvo zano re-

ruponeso rakazarurirwa pamberi pedu, kuitira kuti mweya vese uvone tsiko iro unotora mukupindukira kuna Mwari, ne rudaviro kuna Tenzi vedu Jesu Kristu, kuti uzoponesva ngenzira yakamisva na Mwari; asi pasi pemachokwadi aya, ngekunzvisisva kwakanaka, parere kuvandika kunova ndimo munovanda mbiri Yake — kuvandika kuno kurira pfungwa mukutsvaka kwadzo, asi kuchifemera mutsvaki kwaye ve idi nge rukudzo ne rudaviro. Kutsvakisisa uko anoita mu Baiberi, ndiko kunyanya kudzama kwekusimbisika kwake kuti Izvi ra Mwari anopona, kufunga kwe munhu kunopfugama pamberi pe kuratidza kwe ushe hwe kudenga.

Kubvuma kuti hatinganzvisisi ngekuzara machokwadi makuru e Baiberi ndiko kubvuma chete kuti pfungwa inoguma hainga kwanisi kubata dze isingaperi; kuti munhu, ngepfungwa dzake dzine muganho, haangagoni kunzvisisa zvikonzero zva Iye Muzivi ve zvese.

Zvino ngekuti havangagoni kunyurura nekunzvisisa kuva ndika kwese kwazvo, vapokani nevasingadaviri vanoramba Izvi ra Mwari; zve handi vese vanoti vanoziva Baiberi vanopona mu ngozi iyi. Mupostori anoti, “Chengetanyi hama, kuti pamwe kungavepo kune mumwe venyu mwoyo vakaipa vekusadavira, ngekubva kuna Mwari anopona.” Mahebru 3: 12. Zvakanaka kunyaso dzidzira zvididziso zve Baiberi, nekutsvaka mu “zviro zvakadzama zva Mwari (1 Wakorinte 2: 10), sezvo zvichipangidzva mu Matsamba. Ipapo “zviro zvakavanzva nge zva Jehova Mwari vedu, asi zviro zvakaratidzva pachena ngezvedu.” Deut. 29: 29. Asi ibasa ra Satani kupindurira masimba ekutsvaka e pfungwa. Kudada kushoma kuno sanganisva ne kufunga idi re Baiberi, kwekuti vanhu vanozvinzva vasisina kugarisika nekukurirwa kana vasingacha gone kutsanangura chimedu chese ehe Tsamba ngenzira inova gutsa ivo. Kudzikira kwazvo kwavari kuti vabvume kuti havagoni kunzvisisa mazvi akafemerwa. Havadi kumirira ngekutiva dakara Mwari adzikane avone kuti zvakafanira kuti achiva ratidza idi. Vanonzva kuti uzivi [81]
hwavo husingabatsirwi hwakakwana kuvaita vanzvisise Matsamba, kana vakatadza kuita izvi, vanobva varamba simba ravo nge simba. Ichokwadi kuti kumwe kutaura nezvimwe zvidzidziso zvinozivisva kune vanhu vese sekunge zvakabva mu Baiberi hazvina nheyo mu zvidzidziso zve Baiberi, zvirokwazvo zvakapesana ne zvakafemerwa. Izvi zviro ndizvo zvakavamba kupokana nekukangaidzika

kwe pfungwa. Hazvisi, kana nepaduku, zvingaverengerwe ku Izvi ra Mwari, asi kune kutsauka kwe munhu kubva kuna iro.

Dai zvaitika kuti munhu akasikwa agone kunzvisisa ngekuzara mamirire a Mwari ne mabasa Ake, zvino, apo anonga asvika pane iyi nzvimbo, havangazovi ne kuvana rimwe zve idi re pamberi, hakuzovi nekukurakwe uzivi, hakuchavi nekukura kwe pfungwa kana mwoyo. Mwari haangachazovi mukuru; zvino munhu, achinge asvika pamuganho pakaguma zvese izvo angavane, anozobva aguma kuenda mberi. Ngati tende Mwari ngekuti hazvisaka daro. Mwari haaperi; kuna Iye kune“pfuma dzese dze ungwaru nekuziva.” Wakorosi 2: 3. Ne kune vese vanhu ve upenyu vusingagumi vanoramba vachitsvaka, vachidzidza, asi vasingapedzi pfuma ye uzivi Hwake, kunaka Kwake, ne simba Rake.

Mwari anoda kuti kana mu upenyu vuno machokwadi e Izvi Rake arambe achipfutunuka kune vanhu Wake. Kune nzira imwe basi iyo uzivi uhu hungavanikwa nayo. Tingavane kunzvisisa kwe Izvi ra Mwari chete kuburikidza nge kupenyeserwa nge Mudzimu uyo Izvi rakapiva ndiye. “Hakuna munhu anoziva zviro zva Mwari, asi Mudzimu va Mwari basi;” “ngekuti Mudzimu unotsvaka zviro zvese, hunde, ne zviro zvakadzama zva Mwari.” 1 Wakorinte 2: 10, 11. Chitsidzo cha Muponesi kune vateveri Wake chakava ichi, ‘Asi kuti asvika Mudzimu vedi, anomutungamidzira kune idi rese. . . . zvo anogashira zvangu, anozvivonesa kunemwi.” Johane 16: 13, 14.

Mwari anoda kuti munhu asandise masimba ake ekufunga; ndizvo kudzidza Baiberi kunozo musimbisa nekumusimudzira muptungwa kupinda zvingaitwe nekudzidzira zvimwe zviro. Asi takafanira kungwarira pfungwa dzekurumbidza zvikuru sechimwari,
[82] zvinova ndivo wunyoro nekuremara kwe munhu. Kana Matsamba asakadzitirwa, mukunzvisisa kwedu, kwekuti machokwadi aripachena atadza kunzvikwa, takafanira kuva pachena ne rudaviro rwedu ruve se rwe mwana muduku, tigadzirire kudzidza, tichiteta rubatsiro rwe Mudzimu Unoyera. Pfungwa dze simba ne uzivi va Mwari, ne kusagona kwedu kunzvisisa ukuru Hwake, zvakafanira kutifemera ngekuzvideredza, tifanire kuzarura Izvi Rake sezvo tingaende pamberi Pake, tine rukudzo runoyera. Kana tichiuya pa Baiberi, pfungwa ngadzibvume simba riri pamsoro padzo, ne mwoyo ne kuziva ngazvikotame pamberi pa NDINI MUKURU.

Kune zviro zvizhinji zvinovoneseka se zvinokonja izvo Mwari angaburitse pachena kune vanotsvaka kuzvinzvisisa. Asi kana tisina kutungamirwa ne Mudzimu Unoyera tinozoramba tichindo manikidza mazvi asiri ivo e Matsamba kana kuapindurira ne zvisiri izvo. Kune kuverenga kukuru kwe Baiberi kusina basa, zve munguva zhinji kunokuvadza. Kana Izvi ra Mwari rikazarurwa pasina rukudzo kana munamato; kana pfungwa kana rudo zvisina kuisva kuna Mwari, kana kukwadzana ne kuda kwake, pfungwa dzinozara mhute yekupokana; zvino mukudzidzira ikoko kwe Baiberi kupokana kunosimba. Mhandu inotonga pfungwa, iye oraira pfungwa dzekupindurira kusiri ikoba. Kana vanhu vasiri mu izvi vachitsvaka kukwadzana na Mwari, zvino, kana vakanyanya kudzidza sei, zvingaitike kuti vakangaidzike mukunzvisisa kwavo Matsamba, zvino zvine ngozi kusimbira zvikuru mukutsanangura kwavo. Avo vanonangisa mu Matsamba kutsvaka zvakapesana kuvona kwe mweya. Ngekuvona kwavo kwakatsauka vanozovana zviro zvizhinji zvinozo vaita kuti vapokane nekusadavira muzviro zviri nyore nezviri pachena kwazvo.

Kana vakanyanya kuzvisisa zvavo sei, chikonzero chedi chekusava ne chokwadi nekupokana, nguva zhinji, kuda chitema. Rudzidziso ne kurambidza kwe Izvi ra Mwari hakugashirwi mu mwoyo unozvikudza, ne unoda chitema, zvino avo vanonga vasingadi kuterera izvo rinoda vanogadzirira kupokana simba raro. Kuti tisvike pa idi ngative nekuda kwakakwana kwe kuziva idi, nekuda kwe mwoyo kuterera. Zvino vese vanouya nge mweya uyu kuzodzidza Baiberi vanovana umbovo uzhinji wekuti Izvi ra Mwari, [83]
zve vangazovane kunzvisisa kwe machokwadi anozo vaita vachenjere mu ruponeso.

Kristu akati, “Kuti munhu achida kuita rudo rwake, uchaziva rudzidziso.” Johane 7: 17, R.V. Panzvimbo yekubvunza bvunza ne kushora izvo unonga usinganzvisisi, terera kupenya uko kuri kupenya pamsoro pako, ndizvo unozo gashira kupenya kwapindiridza. Nge tsitsi dza Mwari ita rese basa iro rinonga rapiva pachena kuti unzvisise kuti uite ayo ununge urikupokana navo.

Pane umbovo vakazaruka kune vese — kune vakadzidza zvikuru, ne kune vasina kumbodzidza nepaduku umbovo we kuziva ngekuita. Mwari anoti koka kuti tizvivonere pachedu mbune idi re Izvi Rake, idi rezvitsidzo zwake. Anoti udza, “ravira uvone kuti Jehova

akanaka." Mapisarema 34: 8. Panzvimbo yekuti usimbe nge izvi re mumwe, takafanira kuzviravirira isu mbune. Anoti, 'Kumbirai, munopiva." Johane 16: 24. Zvitsidzo zvake zvinozadzisva. Hazvina kumbo tadza; hazvizombo tadzi zve. Sezvo tichi svendera pedyo na Jesu, tichifara mukuzara kwe rudo Rwake, kupokana kwedu ne dima zvinozo pedzva nekupenya kwe kuvapo Kwake.

Mupostori Pauro anoti Mwari "akati ponesa musimba redima, akati pindura akatiisa mu umambo we Murumbwana Wake anodiva." Wakorosi 1: 13. Vese vanhu vakapfuura mukufa kuenda kune upenyu vanokwanisa ku "isa chivoniso chake chekuti Mwari asi idi." Johane 3: 33. Angagone kupupura kuti, "Ndaida rubatsiro, ndikaruvana kuna Jesu. Zvese izvo ndaishaya ndakazvivana, nzara ye mweya vangu yakagutsva; zvino Baiberi kuneni rave kuratidzva kwa Jesu Kristu. Unobvunza kuti ngenyi ndichidavira kuna Jesu? — Ngekuti Ari kuneni Muponesi vekudenga. Ngenyi ndichidavira Baiberi — Ngekuti ndakavana riri Izvi ra Mwari mu mweya wangu." Tingave ne umbovo kunesu mbune kuti Baiberi rine idi, kuti Kristu Murumbwana va Mwari. Tinoziva kuti hatisi kutevera ngano dzakaitwa nge ungwaru.

Pita anosimbisa hama dzake kuti dzi "kure mutsitsi nemukuziva kwa Tenzi na Muponesi Jesu Kristu." 2 Pita 3: 18. Kana vanhu va
[84] Mwari wave kukura mutsitsi vanozoramba vachivana kunzvisisa kuri pachena kwe Izvi ra Mwari. Vanozovona kupenya kutsva nekunaka kwe idi rinoyera. Izvi zviri idi munyaya dze kugara kwe sangano mumakore ese, ndizvo zvinozoramba zvichidaro dakara pakuguma. "Asi nzira yakarurama yakaita se kujeka kwe mambakwedza, kunoramba kuchitutsira kujeka dakara masikati makuru." Zvirevo 4: 18, R.V.

Ngerudaviro tinga nangise kubvira ipapo, tibate chitsidzo cha Mwari chekukura kwe pfungwa, ngekukura kwe pfungwa dze vanhu dzakasangana ne dzekudenga, ne simba rese re mweya rinounzva mukubatana nekuvamba kwe kupenya. Tingafare ngekuti zvese zvange zvichitikangaidza mukupa kwa Mwari zvinozoitwa zvive pachena; zviro zvinorema kunzvikwa zvinozo-vanikwa tsananguro yazvo, ne apo pfungwa dzedu dzinoguma dzakavona kunyongana ne mazana akaputsika, tinozovona kunaka kwakapfurikidza kwe kukumbana. Zvino tinovona mundingiriro mudima, asi apo hope

dzinovonisisa; zvino ndinoziva kuti rutivi, asi apo ndinoziva sezvo ndinozivikanwa.” 1 Karonite 13: 12. [85]

KUFARA MUNA TENZI

Vana va Mwari vanodaidzva kuti wave vamiriri va Kristu, vapangidze kunaka ne nyasha dza Tenzi. Sezvo Jesu akaratidza kunesu chimiro chedi cha Baba; ndizvo nesu ngati ratidze Kristu mu nyika isinga zivi tsitsi dzake nyoro, rudo rwe ngoni. “Sezvo vakandituma pasi,” akadaro Jesu, . . . kuti pasi rizive kuti vakanditumira.” Johane 17: 18, 23. Mupostori Pauro anoti kune vadzidzi va Jesu, “Muri tsamba ya Kristu, inozikwa inoverengwa ne vanhu vese.” 2 Wakorinte 3:2, 3. Ngemumwe ne mumwe vese ve vana Wake, Jesu anotumira tsamba ku pasi. Kana uri muteveri va Kristu, anotuma neve tsamba yekumhuri, musha, mu mugwagwa, apo unogara. Jesu, achigara kuneve, anoda kutaura mu mwoyo ye vasina kuzivana Naye. Dzimwe nguva hava verengi Baiberi, vasinganzvi izvi rinotaura kwavari kuburikidza nge mu mapepa aro; hava voni rudo rwa Mwari mu mabasa Ake. Asi kana uri mu miriri vedi va Jesu dzimwe nguva kungave kuburikidza neve kungatungamirire kuti vanzvisise chimwe chiro ngekunaka kwake, vaunzve mukumuda ne muku musandira.

Ma Kristu akamisva se vatakuri ve mwenje pa nzira inoenda kudenga. Vakafanira kupfuudzira kupasi kupenya kunosvika kwavari kuchibva kuna Kristu. Upenyu wavo ngahuve uho hunozoti pamsana pavo vamwe vavane kududzirwa kwakanaka na Kristu ne rusando rwake.

Kana tichi mumirira Kristu tinozoita rusando rwake runake, seizvo rwakaitavo. Ma Kristu anounganidza kusvipa kwe mwoyo ne kusuva mu mweya yavo, vachi nyunyuta nekugurukuta, varikupa kune vamwe umiriri hwe manyepo wa Mwari neve upenyu ve u Kristu. Vanopa pfungwa dzekuti Mwari haafari kuti vana Wake vafare, zvino nge izvi vanopa umbovo we manyepo na Baba vedu vekudenga.

Satani anonzva achizvikudza kwazvo akange atungamirira vana va Mwari mukusadavira nemukurasikirwa nerusimbiro. Anofadzva
[86] ngekutivona isu tisinga simbiri Mwari, tichipokana nge- kuda kwake

ne simba Rake rekutiponesa. Anoda kuti tifunge kuti Mwari achati kuvadza nge izvo anoita. Ibasa ra Satani rekumirira nzvimbo ya Mwari kuti avonekwe sekunge asina nyasha ne tsitsi. Anotaura nge nzira isiri iyo ye idi Rake. Anozadza kufungidzira nge pfungwa dze manyepo na Mwari; panzvimbo yekugara pa idi nge zva Baba vedu ve kudenga, tinovanzo isa pfungwa dzedu zvikuru pamanyepo anopangidzva na Satani, toshaya kukudza Mwari ngekusamusimbira nekugurukutira Iye. Satani anongwarira kuti zviro zvese zve upenyu we rudaviro ruitirwe mwoyo mutema ne vanhu. Anoda kuti ruvonekwe serune basa rinorema kwazvo nerinokonja kuita; zvino kana mu Kristu ave kupangidza mu upenyu hwake mbune rudaviro urwu, anonga atopeaza kwese kusadavira kwake, zvino ave kutsivira pamsoro pe manyepo a Satani.

Vazhinji, vachifamba munzira ye upenyu, vanogara pamsoro pe kukanganisa kwavo nekutadza nekupererwa ne simba kwavo, zvino mwoyo yavo yo zara ne kusuva ne kushaya simba. Apo ndakange ndiri mu Europe, handzvadzi yakange ichitiita izvi, ikange yave mukati me rushambwa, yakandi nyorera tsamba, ichikumbira izvi rerusimbiso. Usiku iwowo vandakange ndaverenga tsamba yake ndakarota ndiri mu munda, zvino mumwe aitarisika semuridzi ve munda akange achinditungamirira munzira dzavo. Ndakange ndiri kutanha maruva ndichifadzva nekunuhwira kwavo kwakanaka, apo handzvadzi iyi, yakange irikufamba parutivi rwangu yakandi pangidza zvimwe zvimagwenzi zvinobaya zvakange zvisinga vonekwi asi zvaidzivirira nzira yake. Hoyo akange ariapo, achichema nekusuva. Akange asingafambi munzira, achitevera mutungamiri, asi akange achifamba mukati me zvitataunga ne minzva. "O," akachema, "hazvinzvisi urombo here kuti munda vakanaka ukadari ungazare ne minzva?" Zvino mutungamiri akati, "Rega minzva iyo, ngekuti inokukuvadza chete. Tanha maruva ive, akanaka, ne akatsvukuruka."

Hakuna kumbova ne zviro zvakanaka here mu upenyu hwako? Hakuna kumbova ne imwe nguva here mugore apo mwoyo wako vakazara ngekufara uchidavira Mudzimu va Mwari? Kana uchinangisa upenyu hwako hwakapfuura, unovona zvimwe zvi- tsauko [87]
zvaifadza here? Hausi ve zvitsidzo zva Mwari here, semaruva anonuhwirira zvakanaka, anokura parutivi pe nzira yako kwese-

kwese kumativi ako? Haunga regi kunaka kwako kuzadze mwoyo wako nge rufaro here?

Zvitataunga ne minzva zvinokukuvadza nekukusuvisa chete; ndizvo kana uka unganidza izvozvi chete, uchizvipangidza kune vamwe, kunze kwekuti uri kuderedza kunaka kwa Mwari ive pachako, mbune, unonga usikudzivirira vamwe vakakutenderedza kuti vasafambe munzira ye upenyu here?

Hakusikungwara kuunganidza zvese zvisinga fadzi zve upenyu hwako hwakapfuura — kushata kwazvo nekupedza simba kwazvo kutaura nyaya yazvo ne kuzvichemera dakara tikundwe ne kushaya simba. Mweya unoshaya simba uzere ne dima, kupfigira kunze kupenya kwa Mwari mu mweya Wake, nekudzikatira vamwe mu nzira kwayo.

Tendai Mwari ngemifananidzo inopenya iyo akapangidza kunesu. Ngati unganidze pamwe zvisimbiso zvakakomborerwa zve rudo rwake, kuti tirambe takazvinangisa nguva dzese, Murumbwana wa Mwari pakubva pachigaro cha Baba Wake ehe Ushe, achipfekedza ushe hwake hwekudenga ne unhu, kuti aponese munhu kubva musimba ra Satani; kufara kwake kudivi redu, kuzarurira denga kumunhu, kuratidza pfungwa dzemunhu mipanda apo Mwari anofukura mbiri Yake; rudzi rwakaputsika ruchisimudzva kubva mugomba rekuparara umo rwakange rwakandwa ne chitema, rwuchiunzva kuti rusangane na Mwari asinga peri, nekunge rwashingirira kuedzva kwe denga kuburikidza ngerudaviro kuna Mununuri vedu, rwuchi pfekedzva nge kururama kwa Kristu, nekukudzirwa kuchigaro Chake ehe Ushe — iyi ndiyo mifananidzo iyo Mwari anoda kuti isu tiyi fungisise zwikuru.

Kana tave kuita sekunge tinopokana rudo rwa Mwari, nekusasimbira zvitsidzo zvake, tinonga tisingacha mukudzi zve tinokuvadza Mudzimu Wake Unoyera. Ko mai vanganzwe sei kana vana vachinge vachichema chema navo nguva dzese, sekunge vasinga vachengeti zvakanaka, nyamba upenyu hwavo vese hwangc hwakapirwa mukuti vakwirire muzviro zvavo zvese nekuvanyaradza? Zvimwe
[88] mukupokana ne rudo rwavo; zvingapwanye mwo- yo wavo. Nge upi mubari angafare ngekunzarwo ne vana wake? Zvino Baba vedu ve kudenga vangatinangise sei kana tisina rusimbiro murudo Rwake, rwakamuita kuti ape Murumbwana Wake mumwe akabarwa kuti tivane upenyu? Mupostori anonyora, “Iye asakaramba ne Murumb-

wana Wake, akamupa pamsana pedu tese, hatipi zviro zvese Naye here?" Maroma 8: 32. Asi vangani, ngemabasa, kana kuti ngemazvi, vanoti, "Tenzi hava revi izvi kwandiri. Zvimwe anoda vamwe, asi ini haandidi."

Zvese izvi zvinokuvadza mweya wako ive; ngekuti rese izvi iro unotaura rekupokana rinokoka zviyedzo zva Satani; zvinosimbisa kuneve tsika yekupokana, zvinokuvadza zve ngirosi dzinosanda mukati mako. Kuti Satani achikuyedza, reka kufema kana izvi rekupokana kana re dima. Kana uka sarudza kuzarura musivo ve pfungwa dzake, pfungwa dzako dzinozo zara ne kusasimbira ne mibvunzo ye upandu. Kana ukataura izvo unonzva, kupokana kwese uko unotaura hakusandi kuneve basi, asi imbewu inozo mera ichi bereka michero mu upenyu hwe vamwe, hazvizokwanisiki kuti urwise kukunda mweya ve mazvi ako zve. Ive pachako ungagone kubuda upone kubva mukuyedzva kana mumurawu va Satani, asi vamwe, vazunguzva ne mweya ve mazvi ako, havanga goni zve kuti vatize kubva mupfungwa dzekupokana idzo unonga wava taurira. Chiro chikuru sei chekuti titaure anosimbisa upenyu we mweya chete!

Ngerosi dzamarira kuti dzinzve kuti inyaya rudzinyi iyo uchapira kupasi na Tenzi wako ve kudenga. Nyaya yako ngaive Yake iye akamirira kuku mirira ive pamberi pa Baba. Kana uchitora iuvoko rwe shamwari, rukudzo rwa Mwari ngaruve pamuromo wako ne mu mwoyo. Izvi zvinozo pfuvira pfungwa dzake kuna Jesu.

Vese vanekuedzva, ne urombo hunorema kutakura, zviyedzo zvinonetsa kuzvidzivirira. Usataure matambudziko ako kune mumwe munhu anofa, asi takura zvese kuna Mwari mu munamato. Ita zvive mutemo vekuti usataure kana izvi rimwe rekupokana kana kupererwa ne simba. Ungaite zvizhinji kupenyesa upenyu hwe vamwe nekusimbisa kuyedza kwavo nge mazvi erusimbiso ne mazvi ekufara kunoyera. [89]

Kune mweya vakashinga asi vakatsimbidzirwa zvinorwadza nge kuyedzva, wave kuda kuto ziya ngekurwisana kwavo ne masimba e kuipa. Usapedze simba re akadaro mukurwa kwake kunorema uku. Mufadze ngekushinga, ne mazvi ekusimbisa achazomukurudzira munzira yake. Naizvozvo kupenya kwa Kristukunozo penya kuchibva kuneve. "Zvokusina munhu vedu anozviponera." Maroma 14: 7. Ngekuita kwedu tisinga zivi vamwe vangakurudzirwe ne

kusimbisva, kana kuti vangapedzve simba vaehidzingwa kubva kuna Kristu ne idi Rake.

Kune vazhinji vane pfungwa ne mutondero isiri iyo nge upenyu ne chimiro cha Kristu. Vanofunga kuti akange asina kudziya kana zuva, nekuti aidzvokora zvakaipa nekushusha, nekusava nerufaro. Munzvimbo zhinji mu upenyu vese ve rudaviro matsotsva ne pfungwa dzine mhute yakadari.

Zvinosinyanya kutaurwa kuti Jesu akaehema, asi zvichinzvi haana kumbovonekwa achinyemwerera. Muponesi vedu zviro kwazvo akange arimunhu ve nhamo, akarovedzerana nekusuva, ngekuti aizarura mwoyo Wake kune nhamo dzese dze vanhu. Asi kana nepo upenyu hwake vakange huri hwe kuzviramba, hwakafukidzva ne kurwadza ne kuzvichengeta, mweya Wake vakange usina kupwanyika. Usu Hwake hwakange husina kupfeka chiratidzo ehe urombo kana nekusurukirwa, asi hwakange huine runyararo nekugadzikana nguva dzese. Mwoyo Wake vakange uri tsime re upenyu; kwese uko aienda aitakura zororo ne runyararo, rufaro ne mwoyo muchena.

Muponesi vedu akange aine kufunga kwakadzama nekusimba mukunaka, asi akange asina kusvipirwa mu mwoyo kana kurova ne hana. Upenyu ve avo vanomuedzesera hunozozara ne kuita kwakanaka; vanozova ne pfungwa dzakadzama dze kuziva basa ravo. Kusanyara zviro kunopera; hakuzovi ne kufara kwekuganza, kana jeye remisikanzva; asi rudaviro rwa Jesu runopa runyararo se rwizi. Harudzimi kupenya kwe rufaro; haru rambidzi kufara, kana kudzikatira usu hunonyemwerera se zuva. Kristu haasaka uya kuzo sandirwa tinozo tevera chiratidzo chake.

Tikaramba takakwidza mu pfungwa dzedu zviito zve vamwe zve
[90] kusava ne mutsa ne kusarurama, tinozozvivona zvisi nyore kuvada sezvo Kristu akatida; asi kana pfungwa dzedu dzikagara parudo runoshamisa ne tsitsi dza Kristu kunesu, mweya vakafanana unozoverera uchienda kune vamwe. Takafanira kuda nekukudzana mumwe ne mumwe, hazvinei ne mhosva ne kusarurama uko tinoramba tichivona. Kuzvidzikisira ne kusazvisimbira zvakafanira kusakurirwa, nekutiva kunyoro kune mhosva dze vamwe. Izvi zvinobva zvauraya kwese kuzvida kuduku kwasara ikoko, zvotiita tive ne mwoyo mukuru ine mutsa. Muimbi anoti, “Simbira kuna Jehova,

uite zvakanaka, uchagara panyika(zvirokwazvo uchazo gutsva." Mapisarema 37: 3.

"Simbira kuna Jehova." Zuva rimwe ne rimwe rino mitoro yaro, nezvekungwaririra, nezvikangaidzo; zvino apo tinosangana, tinogadzirira sei kutaura ngekuremerwa kwedu ne zviyedzo zvedu. Dzimwe nhamo dzinonga dzakweretwa dzinondo zvipindiravo, nekutya kumwe kuzhinji kunopirwa, kuremerwa kukuru ne hana yekutya kunotaurwa, zvekuti mumwe zvake angafunge kuti hatina Muponesi anetsitsi ne rudo, akagadzirira kunzva zvese izvo tinokumbira, nekuti ave kwatiri rubatsiro rwenguva yese iyo tinonga ta shaya.

Vamwe vanogara vachitya nguva dzese, vachizvikweretera matambudziko. Mazuva ese vakatenderedzva ne zvipo zverudo zva Mwari; mazuva ese varikuzvifadza nge kuvanda kwe izvo anova itira; asi havana hanya ne zvikomborero izvi. Pfungwa yavo inogara iri pane chimwe chisinga bvumirani, icho vanotya kuti chichauya, kana kuti imwe nhamo inonga iripo zvechokwadi, inoti, kana iri duku hayo, yodzikatira maziso avo kubva kune zvizhinji zvakafanira kutendwa. Zvinonetsa izvo vanosangana nazvo pa-nzvimbo yekuti vazvipe kuna Mwari, anova ndiko kuvamba chete kwe rubatsiro rwavo, vanozvitsaura kubva kuna Iye, ngekuti vanomutsa kusazorora ne kunzva urombo nekunyunyuta.

Tinonga tichinatsa here kana tichidavira zvakadari? Ngei tisingatendi ne kusasimbira zvakadari? Jesu ishamwari yedu; denga rese rinofadzva ngekunatsva kwedu. Tisabvumire kukangaidzika ne kunetseka kwe upenyu hwe misi yose kuti zvifukure pfungwa nekudzikatira kumeso kwedu. Kana tika daro, nguva dzese tinozova ne zvinoti tsamwisa ne kuti svotesa. Tisa zvipire mukuva ne [91]
pfumvu inozotikonzera kuti pfungwa dzisukutswe ne kusakadzva, asi kusingati batsiri kuti titakure mukuru ve kuyedzva.

Unga kangaidzike mubasa; kukarira kwako kwe kubudirira kunganangisike sekunoramba kuchisvipa kuchisvipa, dzimwe nguva ungatyisidzirwe nekurasikirwa; asi usapererwe ne simba, isa zvese izvo unonetseka nazvo kuna Mwari, ugare unyerere ne kufara. Namatira uzivi hwe kuita zviro zvako nge kungwara, ne nzira iyoyo udzivirire kurasikirwa nekuparara. Ita zvese izvo ungagone kuti divi rako ribudirire zvakanaka. Jesu akatsidzira rubatsiro Rwake, asi kusikunze kwekunge vamboyedza. Apo uchisimbira kune Mubatsiri

vedu, uchingevaita zvese izvo ungagone unogashira mubairo vacho ngekufara.

Handikuda kwa Mwari kuti vanhu Wake vagare vakatsimbidzirwa nekugara vachitya zvichauya. Asi Jehova vedu haati nyengedzi. Haati kunesu, "Regai kutya, hakuna ngozi munzira menyu." Anoziva kuti kune kuyedzva ne ngozi munzira, zvino anoita zvese kunesu nge nzira inovonekwa pachena. Haazvimisiri kubvisa vanhu Wake munyika ye chitema ne kuipa, asi anova nongedzera kune chidziviriro ehe kuvanda chisinga zotadzi. Munamato Wake kune vadzidzi Wake vakava vekuti, "Handikumbiri kuti uva bvise mupasi, asi kuti uvachengete mukuipa." "Mupasi," anodaro, munotambudzva: asi faranyi, ndakurira pasi." Johane 17: 15; 16: 33.

Pakushumaira kwake pamsoro pe gomo, Kristu akadzidzisa vadzidzi Wake zvidzidzo zvinokosha ngekusimbira kuna Mwari. Izvi zvidzidzo zvakange zviri zve kusimbisa vana va Mwari kuburikidza mu makore ese, zvino zvasvika munguva yedu ino zvizere nge mazvi ekuraira nerunyaradzo. Muponesi akanongedzera vadzidzi Wake kune shiri dze denga apo dzakange dzichiimba ndwiyo dzadzo dzerukudzo, dzisina kumanikidzva nge hana yekufunga zvekuita mberi, ngekuti, "Hadzidyari mbewu, hadzicheki." Asi Baba mukuru anodzipa zvese izvo dzinoshaya. Muponesi anobvunza, "Hamudzipindi here?" Mateyu 6: 26. Mupi mukuru ve vanhu ne mhuka anotambanudza ruvoko rwake kupa zvese zvisikwa zwake. Shiri dze denga hadzisi kunze kwe pfungwa dzake. Haadon-
[92] hedzeri kudya mumiromo yadzo, asi anogadzirira kushaya kwadzo. Dzakafanira kupa zvekudya manyana adzo. Dzakafanira kuunganidza mbesa idzo anonga adzi paradzira. Dzakafanira kugadzirira zviro zvekuvakisa nazvo zvitsaki zvadzo zviduku. Dzinoenda kubasa radzo dzichiimba, ngekuti, "Baba venyu vekudenga anodzipa kudya. Zvino, "hamudzipindi here?" Ive, une pfungwa, unonamata mweya, hauna kukosha unopinda shiri dze denga here? Muvambi vekusikwa kwedu, muchengeti, ve upenyu hwedu, Iye akatisika mumufananidzo Wake vekudenga, haangatipi zvese izvo tinonga tichishaya kana tichi simbira kwa Ari here?

Kristu akanongedzera vadzidzi Wake kune maruva e mumunda, aikura mu munda vakavorera zvikuru, akasimba nekunaka uko akange apiva na Baba vekudenga, pakubuditsira kwake rudo rwake kune munhu. Akati, "Tonderai nge maruva e sango, kuti anokura

sei." Kunaka kuripachena kwe maruva aya kunopfuura kunaka kwe zva Soromoni kure kwazvo. Zvipfeko zvakanaka zvikuru zwakaitwa nemugoni kwazvo hazvinga enzani nekunaka kwe kupenya kwe maruva akasikwa na Mwari. Jesu anobvunza, "Ndizvozvo kuti Mwari achipfekedza zvakadaro usva ve musango, uho huripo nhasi, asi mangwana wunorasva pa moto, haazomupfekedze here, imwi ve rudaviro ruduku?" Mateyu 6: 28, 30. Kuti Mwari, nyanzvi yekudenga, yekunyora, achipa kune maruva mavara akapatsana akanaka ivo anopera nge zuva rimwe, angachengete sei avo vakasikwa nge mufananidzo Wake? Ichi chidzidzo cha Kristu ngechekutseura iyo pfungwa inogara ichindo tambudzika, kukangaidzika ne kupokana, kwe mwoyo usina rudaviro.

Tenzi vanoda kuti vanakomana ne vana sikana Wake vafare, ngerunyararo ne kuteerera. Jesu anoti, ::Ndiri kumupai runyararo rwangu, handimupe sezvo pasi rinopa. Mwoyo wenyu ngaurege kutambudzika, ngaurege kutya." "Ndataura izvi kunemwi, kuti kufara kwangu kugare kunemwi, kufara kwenyu kuzadzisve." Johane 14: 27; 15:11.

Rufaro runotsvakwa nge nzira yekutsara vamwe, kunze kwe nzira ye basa, rwakarereka zvakashata, haruna kudzikama, harugan nguva ndefu; runopfuura, zvino mweya vozara nge rusuvo ne urombo; asi kune rufaro nekugutsva murusando rwa Mwari; mu [93] Kristu haasivi achifamba mu makwanzi asina kutsarukana; haasiivi achi pambadza nguva yake ne urombo nekupererwa ne simba. Kana tisina rufaro rwe upenyu huno, tingarambe tichifara ngerukariro rwe upenyu hwe mbiri.

Asi kana pano ma Kristu angave ne rufaro rwe kukwadzana na Kristu; vangave nekupenya kwe rudo Rwake, runyaradzo rwe nguva dzese rwe kuvapo kwake. Tsiko rese mu upenyu ringatiunze pedyo na Jesu, ringati uzivi vakadzama ve rudo rwake, ringatiunze tsiko rimwe pedyo ne musha vakatsidzirwa ve runyararo. Zvino tisarase rusimbiro rwedu, asi tive nechisimbiso, chakasimba kupinda chekare. "Jehova akatibatsira dakara pano" (1 Samueri 7: 12), zve anozotibatsira dakara pakuguma. Ngatinangise pamitsigo ye mufananidzo, inotitondedza kuti Jehova akaitei kuti atinyaradze nekuti ponesa kubva muruvoko rwe muparadzi. Ngadzirambe dziri itsva pfungwa dze tsitsi dzese idzo Mwari akati pangidza —misodzi iyo akapukuta, kurwadza uko akanyaradza, kutambudzika kwe mwoyo

uko akabvisa, kutya uko akabvisa, nekushaya uko akapa, nezvikomborero izvo akaunza — zvino izvi zvinoti simbisira zviri pamberi pedu kuburikidza nge mutondedzi ve rwendo rwedu rwekunyika inoyera.

Hapana icho tinga ite asi kunangisa zvikangaidzo zve kurwa kuri mberi, asi tinga nangise kune zvakapfuura nezviri kuya mberi, titi, "Jehova akatibatsira dakara apa." "Nesimba rako richa enzana ne mazuva ako." Deut. 33: 25. Kuyedzva hakuzo pfuuri simba redu iro tinonga takapiva kuti tishingirire. Zvino ngati tore basa redu apo tinonga tarivangira, tichidaira kuti kana kukanya uya chinyi, simba rakaenzanira kuyedzva rinozopiva kunesu.

Gare-gare mazambara edenga anozo zarurwa kupinza vana va Mwari, zve kubva pamuromo va Mambo ve mbiri mazvi erukomborero anozovira panzeve dzavo se rwiyo rwe pfuma huru, "Wuyai makakomborerwa ndi Baba wangu, mugare nhaka ye umambo yakagadzirirwa imwi, pasi risati rasikwa. Mateyu 25: 34.

Ndizvo vaponesvi vanozogashirwa mu musha uyo Jesu ari kuvagadzirira. Ikoko shamwari dzavo hadzizovi vakashata ve pasi
[94] vanyepi, vanamati ve mifananidzo, vasaka chena, vasinga daviri; asi vanozonzvana ne avo vakakurira Satani, avo kuburikidza nge tsitsi dze denga vanonga vaumba zvimiro zvakaperera. Yose tsika yechitema, kwese kusaperera, kunova netsa pano, kunonga kwabvisva nge ropa ra Kristu, kururama nekupenya kwe mbiri Yake, kunonga kuchipfuura kupenya kwe zuva, kunozopiva kwavari. Nekunaka kwe muviri, nekuperera kwe chimiro Chake, kunozo penya mukati mavo, zvekunaka kunopinda kunaka kwe kunze. Vanonga vasisina mhosva pamberi pechigaro, chigaro chikuru chichena ehe umambo, vachikoverana ukuru ne nguva dzakanaka pamwe ne ngerosi.

Pamsana pe hama ine mbiri, iyi ichava yake, "Munhu angaripe ngei mweya wake?" Mateyu 16: 26. Angave murombo, asi mukati make ane pfuma ne ukuru zvisinga goni kupiva ne pasi. Mweya vakaponesva ne kuchenurwa kubva muchitema, nemasimba avo ese e ushe achipirwa murusando rwa Mwari, kukosha kunopfuura zvese; zve kune rufaro kudenga pamberi pa Mwari ne ngerosi dzinoyera pamsoro pe mweya mumwe unonga vaponesva. rufaro runopangidzva mu ndwiyo dze rufaro runoyera.